देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

रवि
20 सितंबर, 2026
पटना

भादव, शुक्ल पक्ष, नवमी, संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक



RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 17, अंक : 12 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 3:00

**एक नजरि**

### राज्यक जेन-जी सं संवाद करता केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान

**पटना :** लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क दिस सं 24 सितंबर कें पटना स्थित वेटनरी ग्राउंड मे यूथ बोले तो कार्यक्रम आयोजित कएल जायत। एहि कार्यक्रम मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान बिहारक युवा, विशेष रूप सं जेन-जेड पीढ़ी सं सीधा संवाद करताह। कार्यक्रमक घोषणा पार्टीक प्रदेश अध्यक्ष सुरेंद्र विवेक प्रेस वार्ताक माध्यम सं केलनि। एहि दौरान युवाक लेल शिक्षा, रोजगार, कौशल विकास, उद्यमिता, तकनीक आ डिजिटल युगक चुनौती सहित भविष्य सं जुड़ल विषय पर चर्चा होयत। युवा अपन समस्या, सुझाव आ प्रश्न सीधे चिराग पासवानक समक्ष राखि सकताह। पार्टीक अनुसार, कार्यक्रमक उद्देश्य मात्र युवाक संबोधन नहि, बल्कि हुनकर बात सुनब आ हुनकर अपेक्षा आ समस्याक बुझब अछि। **(विस्तृत खबरि 2 पर)**

### पटना मे बैसि कए अमेरिकी नागरिक सं लाखोक साइबर ठगी, 4 गिरफ्तार

**पटना :** मुसल्लहपुर थाना पुलिस पटना मे बैसि कए अमेरिकी नागरिक कें निशाना बना ऑनलाइन साइबर ठगी करयबला गिरोहक पदार्फाश कए चारि सदस्य कें गिरफ्तार केने अछि। पुलिस हुनका सभक लग सं 9 मोबाइल, 4 लैपटॉप, 1.09 लाख टाका नगद, 2 मोटरसाइकिल आ 7 एटीएम कार्ड बरामद केने अछि। पुलिसक अनुसार गिरोहक सदस्य अंतरराष्ट्रीय कॉलक माध्यम सं अमेरिकी नागरिक सं संपर्क करैत छलाह। कंप्यूटर मे खराबी भेलाक बहन्ना बना दूर सं सिस्टमक पहुंच लए समस्या ठीक करबाक नाम पर मोट रकम वसूलैत छलाह।

# उतरल पानि तं शुरू भेल तबाहीक हिसाब बाढ़ि सं 10 हजार करोड़क नोकसान

## बेगूसराय मे करीब 21 हजार आ समस्तीपुर मे 10 हजार हेक्टेयर मे लागल फसिल प्रभावित भेल अछि

- बिहार सरकार जारी केलक क्षतिक प्रारंभिक आंकड़ा

**पटना, समदिया**

राज्य मे बाढ़िक पानि धीरे-धीरे घटि रहल अछि, मुदा पानि घटबाक संग-संग बाढ़ि सं भेल तबाहीक वास्तविक तस्वीर सेहो सामने आबि रहल अछि। खेत-खरिहान सं लए कए सड़क, पुल-पुलिया, बांध, घर-मकान आ अन्य आधारभूत संरचना धरि बाढ़िक व्यापक असरि पड़ल अछि। राज्य सरकारक प्रारंभिक आकलनक अनुसार बाढ़ि सं करीब 10 हजार करोड़ रुपैयाक नोकसान भेल अछि। मुदा ई अंतिम आंकड़ा नहि अछि। पानि पूरा तरहें उतरि गेलाक बाद विभिन्न विभाग द्वारा स्थल निरीक्षण आ विस्तृत सर्वेक्षणक आधार पर अंतिम क्षतिक आकलन कएल जाएत।

बाढ़िक सब सं बेसी असरि खेती पर पड़ल अछि। कृषि विभागक प्रारंभिक रिपोर्टक अनुसार राज्यक 18 जिलाक 102 प्रखंड मे करीब 1.76



लाख हेक्टेयर फसिल प्रभावित भेल अछि। एहि फसल क्षतिक अनुमानित मूल्य करीब 270 करोड़ रुपैया अछि। विभागक कहब अछि जे ई आंकड़ा प्रारंभिक अछि आ खेत मे पानि पूरा तरहें निकललाक बाद वास्तविक क्षतिक आकलन कएल जाएत। ताहि कारण नुकसानक राशि आगू बेसी होयबाक संभावना अछि।

बाढ़ि सं धान, मकइ, तरकारी, केरा सहित कतेको फसिल प्रभावित भेल अछि। भागलपुर मे करीब 45 हजार हेक्टेयर आ भोजपुर मे करीब 25 हजार हेक्टेयर फसिल क्षति भेलाक प्रारंभिक आकलन अछि। बेगूसराय मे करीब 21 हजार आ समस्तीपुर मे 10 हजार हेक्टेयर फसिल प्रभावित भेल अछि। पटना, वैशाली, खगड़िया, बक्सर, लखीसराय, रोहतास, सारण, कटिहार, पश्चिम चंपारण, मुंगेर, अरवल, शेखपुरा आ पूर्णिया सेहो प्रभावित जिलाक सूची मे अछि।

कृषि क्षति सं किसानक सामने आबि रहल संकट मात्र एक मौसिमक फसिल बबार्दी तक सीमित नहि अछि। खेत मे लागल पूंजी डूबि गेलाक बाद अगिला फसिल लेल बीआ, खाद, मजदूरी आ खेत तैयार करबाक खर्चक समस्या किसानक सामने रहत। सरकार द्वारा निर्धारित आपदा राहति प्रावधानक अंतर्गत 33 प्रतिशत सं बेसी फसल क्षति भेल किसान कें इनपुट अनुदान देबाक व्यवस्था अछि। असिंचित क्षेत्र लेल न्यूनतम 1000, सिंचित क्षेत्र लेल 2000 आ बहुवर्षीय फसिल लेल न्यूनतम 2500 रुपैया अनुदानक प्रावधान अछि।

बाढ़िक समग्र क्षति मे खेतीक अतिरिक्त ग्रामीण सड़क, पुल-पुलिया, तटबंध, बिजली, पेयजल आ घर-मकानक नोकसान सेहो शामिल अछि। सरकारक प्रारंभिक आकलन अनुसार प्रभावित परिवारक संख्या करीब 50 लाख धरि बताओल गेल अछि। तत्काल राहतिक रूप मे सत्यापित बाढ़ि प्रभावित परिवार कें 7-7 हजार रुपैया देबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। मुदा दीर्घकालीन पुनर्वास, क्षतिग्रस्त सड़क-पुलक मरम्मत, तटबंधक पुनर्निर्माण आ किसान कें खेती मे वापस अनबाक लेल बेसी संसाधनक आवश्यकता पड़त।

सरकारक अनुमानक अंतिम तस्वीर पानि पूरा तरहें उतरला आ विस्तृत सर्वेक्षण पूरा भेलाक बादे स्पष्ट होयत। प्रारंभिक रिपोर्टक आधार पर 10 हजार करोड़ रुपैयाक नोकसान आ 270 करोड़ रुपैयाक फसिल क्षति बिहारक सामने बाढ़ि सं उत्पन्न आर्थिक चुनौतीक गंभीरता कें देखबैत अछि। अंतिम सर्वेक्षण मे नुकसानक आंकड़ा बढ़बाक संभावना सेहो व्यक्त कएल गेल अछि।

# राज्यक 1 करोड़ महिला कें सीधा रोजगार सं जोड़ल जायत : सीएम

- महिला आयोगक रजत जयंती पर सीएम जारी केलनि डाक टिकट

**पटना, समदिया**

बिहार राज्य महिला आयोगक 25म वर्षगांठ पर शनिदिन पटना स्थित बापू सभागार मे आयोजित रजत जयंती समारोहक उद्घाटन मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी केलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री कहलनि जे राज्य सरकार 1 करोड़ महिला कें सीधे रोजगार सं जोड़बाक लक्ष्य लेल गेल अछि। उच्च शिक्षा आ शोधक क्षेत्र मे 1000 छात्रा कें पीएचडी फेलोशिप देल जायत। एहि अंतर्गत चारि वर्ष धरि प्रतिमाह 10 हजार टाका देबाक प्रावधान अछि।

समारोह मे महिला आयोगक रजत जयंती पर विशेष डाक टिकट सेहो जारी कएल गेल। उपमुख्यमंत्री विजय चौधरी सहित सरकारक मंत्री आ महिला आयोग सं जुड़ल पदाधिकारी उपस्थित छलाह। मुख्यमंत्री महिला आयोग



सं महिला कर्मचारी आ महिला जनप्रतिनिधिक लेल बेसी नीक व्यवस्था आ प्रशिक्षण संबंधी सुझाव देबाक आग्रह केलनि। ओ कहलनि जे महिला जनप्रतिनिधि कें राजनीतिक रूप सं प्रशिक्षित करबाक दिशा मे आयोग कें महत्वपूर्ण भूमिका निभेबाक चाही। लोकसभा आ विधानसभा मे महिला आरक्षणक प्रस्तावित व्यवस्था कें ध्यान मे राखि राजनीतिक दल सभ मे महिलाक भागीदारी बढ़ेबाक आवश्यकता पर सेहो ओ जोर देलनि।

सम्राट चौधरीक अनुसार बिहार मे महिलाक सामाजिक, आर्थिक आ राजनीतिक भागीदारी मे उल्लेखनीय वृद्धि भेल अछि। ओ कहलनि जे पंचायत आ स्थानीय निकाय मे महिलाक आरक्षण सं महिला नेतृत्व कें विस्तार भेटल अछि। जीविका दीदीक माध्यम सं महिलाक आर्थिक गतिविधि बढ़ल अछि आ सरकार महिला कें रोजगार, स्वरोजगार आ उद्यमिता सं जोड़बाक दिशा मे काज कए रहल अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे महिलाक आग्रह पर पशुपालन आ दुग्ध उत्पादनक क्षेत्र मे सेहो विस्तार कएल गेल अछि। गाय-भैंसक दूधक संग आब बकरीक दूध सेहो सुधा आ कांफेडक माध्यम सं बाजार धरि पहुंचाओल जा रहल अछि। ओ 11.50 लाख सरकारी नोकरी आ 43 लाख रोजगार देबाक दावा सेहो केलनि। मुख्यमंत्री कहलनि जे सरकार आब एक करोड़ महिला कें रोजगार सं जोड़बाक लक्ष्य दिस आगू बढ़ि रहल अछि।

समारोह मे मुख्यमंत्री 2005 सं पहिने बिहार मे महिला, दलित आ अतिपिछड़ा वर्गक राजनीतिक भागीदारीक स्थिति आ नीतीश कुमारक नेतृत्व मे 2005 मे बनल सरकारक कार्यकालक उल्लेख सेहो केलनि। ओ कहलनि जे पंचायती राज मे महिला आरक्षण सं महिला नेतृत्व कें व्यापक अवसर भेटल।

कार्यक्रमक क्रम मे साइबर अपराध सं बचाव लेल जागरूकता पर सेहो चर्चा भेल। महिला आयोगक पूर्व अध्यक्ष आ सदस्य, महिला विधायक आ सांसद कें आमंत्रित कएल गेल छल। आयोगक 25 वर्षक यात्रा मे हजारो शिकायत पर सुनवाइ आ समाधान कएल गेल अछि।

### सुपौल मे इलाजक क्रम मे एक वर्षक बच्चीक मृत्यु, हंगामा

**सुपौल :** राघोपुर थाना क्षेत्रक सिमराही पावर ग्रिड लग स्थित चिल्ड्रेन हेल्थ केयर क्लिनिक मे शनिदिन इलाजक क्रम मे एक वर्षक बच्चीक मृत्यु भए गेल। मृत बच्चीक पहिचान हरदी चौहरा निवासी कमलेश कुमार मेहताक पुत्री अनु प्रियाक रूप मे भेल अछि। बच्ची प्रतापगंज थाना क्षेत्रक सुखानगर वार्ड-2 स्थित नाना-नानीक घर पर रहैत छल। परिजनक अनुसार, शुक्रदिन सांझ करीब साढ़े सात बजे बच्चीक स्वास्थ्य बिगड़लाक बाद ओकरा क्लिनिक मे भर्ती कराओल गेल छल। परिजनक आरोप अछि जे डॉ. रमण कुमार इलाज लेल 6,500 टाका लेने छलाह आ शनिदिन सांझ चारि बजे धरि बच्ची कें ठीक करबाक बात कहल गेल छल। परिजन जखन बच्ची कें देखलनि तखन ओकर मृत्यु भए चुकल छल। एकर बाद डॉक्टर आ स्टाफ क्लिनिक बंद कए चलि गेल। बड़ी काल धरि प्रतीक्षा केलाक बादो जहन अस्पतालक कोनो डॉक्टर वा स्वास्थ्यकर्मी सं परिजनक संपर्क नहि भेल तं ओ लोकनि आक्रोशित भए गेलाह। एकर बाद हंगामा शुरू भए गेल।

# मुजफ्फरपुरक मसाज सेंटर मे चलि रहल छल देह व्यापार, 6 पकड़ल गेल

## व्हाट्सऐप चैट सं चलैत छल कारबार, पुलिस कए रहल अछि लेनदेनक पड़ताल

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

मुजफ्फरपुर शहर मे पुलिस मसाज सेंटरक आड़ मे चलि रहल देह व्यापारक नेटवर्कक खुलासा केने अछि। गुप्त सूचनाक आधार पर पुलिस कंपनी बाग रोडक बड़ा करबला इलाका मे संचालित मसाज सेंटर पर छापामारी कए संचालिका समेत 6 महिला कें हिरासत मे लेने अछि। हिरासत मे लेल गेल सभ महिलाक उम्र करीब 25 सं 35 वर्षक बीच बताओल जा रहल अछि। सभ अलग-अलग थाना क्षेत्रक निवासी छथि। पुलिस अधिकारीक अनुसार एहि मामिला मे व्हाट्सऐप चैट, फोन कॉलक विवरण आ बैंक खाता मे भेल लेन-देनक जांच



कएल जा रहल अछि। संगहि हिरासत मे लेल गेल महिलाक आपराधिक इतिहासक सेहो पड़ताल भए रहल अछि। पुलिस एहि नेटवर्क सं जुड़ल मुख्य संचालक आ नियमित ग्राहकक संबंध मे जानकारी जुटा रहल अछि। पुलिसक अनुसार एहि इलाका मे मसाज सेंटरक आड़ मे अनैतिक गतिविधि चलबाक शिकायत किछु समय सं भेटि रहल छल। शनिदिन मुजफ्फरपुरक एसएसपी कांतेश कुमार मिश्रक निर्देश पर विशेष टीम गठित कएल गेल। जिला सूचना इकाइ, महिला थाना आ नगर थाना पुलिसक संयुक्त टीम चिन्हित ठिकान पर अनचोके छापामारी केलक।




# 21 सितंबर सं 4 अक्टूबर धरि बिहार मे पैघ रेल ब्लॉक, 845 ट्रेन होयत प्रभावित

## राजेंद्र सेतुक समानांतर बनि रहल रेल पुलक कारण भेल बाधा

**पटना, समदिया**

रेलवे इतिहासक अखन धरिक सभ सं पैघ मेगा ब्लॉक मे सं एकटा 21 सितंबर सं शुरू होमय जा रहल अछि। पूर्व मध्य रेलवे अंतर्गत दानापुर मंडलक मोकामा मे गंगा नदी पर राजेंद्र सेतुक समानांतर बनल नव दोहरी रेल पुल कें वर्तमान रेल नेटवर्क सं जोड़बाक लेल 21 सितंबर सं 4 अक्टूबर 2026 धरि 14 दिनक यातायात अवरोध राखल गेल अछि। एहि अवधि मे कुल 845 ट्रेन सेवा प्रभावित होयत। रेलवे यात्री सभ सं आग्रह केने अछि जे यात्रा पर निकलला सं पहिने अपन ट्रेनक टटका स्थिति अवश्य जांचि ली।

### 338 ट्रेन रद्द, 384 केर मार्ग बदलत



रेलवे द्वारा कराओल जा रहल गैर-अंतरसंबंधीकरण (एनआइ) कार्यक कारण 845 प्रभावित ट्रेन सेवा मे सं 338 ट्रेन रद्द रहत। ओतहि 384 ट्रेनक मार्ग बदलल जाएत। एकर अतिरिक्त 67 ट्रेन कें निर्धारित प्रारंभिक स्टेशनक बदला दोसर स्टेशन सं चलाओल जाएत, जखन कि 56 ट्रेनक परिचालन निर्धारित गंतव्य स्टेशन सं पहिनहि समाप्त कएल जाएत। रेलवेक अनुसार, 3 अक्टूबर कें एहि अवरोधक प्रभाव सभ सं बेसी रहबाक संभावना अछि। एहि दिन 36 ट्रेन रद्द रहबाक संभावना बताओल गेल अछि। यात्री सभ लेल जरूरी अछि जे अपन यात्रा सं पहिने रेलवे द्वारा जारी सूचना, ट्रेनक स्थिति आ परिवर्तित मार्गक जानकारी अवश्य प्राप्त कए ली।

### पांच ठाम सं नव पुल जुड़त

मोकामाक लग गंगा नदी पर बनि रहल नव समानांतर दोहरी रेल पुल कें वर्तमान रेल नेटवर्क सं जोड़बाक लेल पांच प्रमुख स्थान पर महत्वपूर्ण कार्य कएल जाएत। एहि मे अपर हथिदह जंक्शन, ताल जंक्शन, रामपुर डुमरा, दिनकर ग्राम सिमरिया आ बरौनी जंक्शन शामिल अछि। गैर-अंतरसंबंधीकरण कार्य पूरा भेलाक बाद नव पुल सं ट्रेनक नियमित परिचालनक बाट साफ भए जाएत। नव पुल शुरू भेलाक बाद वर्तमान राजेंद्र सेतु पर रेल यातायातक दबाव कम होएत। एकर अतिरिक्त एहि महत्वपूर्ण रेल गलियारा मे ट्रेन परिचालनक क्षमता सेहो बढ़त।

### चारि राज्यक यात्री हेताह प्रभावित

14 दिनक एहि पैघ रेल अवरोधक प्रभाव मात्र बिहार धरि सीमित नहि रहत। उत्तर प्रदेश, पश्चिम बंगाल, झारखंड आ ओडिशा सं बिहार आबय-जाएबला यात्री सभ कें सेहो ट्रेन परिचालन मे बदलावक सामना करय पड़ि सकैत अछि। हावड़ा, पटना, कोलकाता आ नई दिल्ली कें जोड़निहार कतेको महत्वपूर्ण रेल मार्ग पर ट्रेन रद्द, मार्ग परिवर्तन, निर्धारित स्टेशन सं पहिने परिचालन समाप्त करब अथवा दोसर स्टेशन सं ट्रेन चलबाक प्रभाव पड़त। रेलवे यात्री सभ सं अपील केने अछि जे 21 सितंबर सं 4 अक्टूबरक बीच यात्रा करबा सं पहिने अपन ट्रेनक परिचालन स्थिति, मार्ग मे भेल परिवर्तन आ निर्धारित स्टेशन संबंधी जानकारी जरूर जांचि ली, जाहि सं यात्रा मे अनावश्यक कठिनाइक सामना नहि करय पड़य।

# 792 ड्रेसर, 644 एक्स-रे टेक्निशियनक पदस्थापना भेल पूरा

## स्वास्थ्य मंत्री कहलनि जे सरकारक उद्देश्य गुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सेवा सुनिश्चित करब अछि

**पटना, समदिया**

राज्य मे गुणवत्तापूर्ण स्वास्थ्य सेवा कें आओर सुदृढ़ बनेबाक दिशा मे स्वास्थ्य विभाग एकटा महत्वपूर्ण डेग उठौलक अछि। बिहार तकनीकी सेवा आयोगक अनुशंसाक आधार पर चयनित 792 ड्रेसर, 644 एक्स-रे टेक्निशियन आ 24 फार्मासिस्ट कें राज्यक विभिन्न सरकारी स्वास्थ्य संस्थान मे पदस्थापित कएल गेल अछि। 792 ड्रेसर पद पर चयनित अभ्यर्थी सभ मे 135 महिला आ 657 पुरुष छथि। ओतहि, 644 एक्स-रे टेक्निशियन पद पर 135 महिला आ 511 पुरुष अभ्यर्थीक चयन भेल अछि। एहि अतिरिक्त 24 फार्मासिस्टक सेहो पदस्थापना कएल गेल अछि। एकर पूर्व 846 फार्मासिस्टक पदस्थापना कएल जा चुकल छल। एहि प्रकारें अखन धरि कुल 870 फार्मासिस्टक पदस्थापना पूरा भए गेल अछि।



एहि तकनीकी कर्मी सभक नियुक्ति सं राज्यक मेडिकल कॉलेज आ अस्पताल, जिला अस्पताल, अनुमंडलीय अस्पताल, सामुदायिक स्वास्थ्य केंद्र (सीएचसी), रेफरल अस्पताल सहित अन्य सरकारी स्वास्थ्य संस्थान मे ड्रेसर आ एक्स-रे टेक्निशियनक कमी दूर होएत। एकरा सं अस्पताल सभ मे स्वास्थ्य सेवाक गुणवत्ता, कार्यक्षमता आ शीघ्र सेवा मे उल्लेखनीय सुधार होएत। संगहि, रोगी सभ कें उपलब्ध कराओल जाएवला एक्स-रे आ अन्य जांच सुविधा कें आओर सहज, नीक आ प्रभावी ढंग सं उपलब्ध कराओल जा सकत। स्वास्थ्य विभाग पदस्थापनाक पूरा प्रक्रिया कें पारदर्शी, योग्यता आधारित आ संवेदनशील बनेने अछि। पदस्थापनाक लेल राष्ट्रीय सूचना विज्ञान केंद्र (एनआइसी)क सॉफ्टवेयरक माध्यम सं याहच्छिकीकरणक प्रक्रिया अपनाओल गेल। दिव्यांग अभ्यर्थी सभ कें यथासंभव हुनकर गृह जिला मे पदस्थापित कएल गेल अछि। ओतहि महिला आ पुरुष अभ्यर्थी सभ कें हुनकर योग्यता क्रमक अनुरूप नजदीकी जिला सभक आसपास पदस्थापना देबाक प्रयास कएल गेल अछि। सभ ड्रेसर, एक्स-रे टेक्निशियन आ फार्मासिस्ट कें निर्देश देल गेल अछि जे ओ एक मासक भीतर अपन सभ शैक्षणिक आ अन्य आवश्यक मूल प्रमाण-पत्रक संग संबंधित संस्थान मे योगदान देथ। संबंधित संस्थानक अधीक्षक अथवा अधीक्षक-सह-मुख्य चिकित्सा पदाधिकारी हुनकर प्रमाण-पत्र कें मूल अभिलेख सं मिलान कए सत्यापन सुनिश्चित करताह। संगहि, तीन मासक भीतर प्रमाण-पत्र जारी कएनिहार संस्थान सभ सं हुनकर जांच आ सत्यापनक प्रक्रिया पूरा कर विभाग कें प्रतिवेदन देल जाएत। स्वास्थ्य मंत्री श्री निशांत नवपदस्थापित सभ ड्रेसर, एक्स-रे टेक्निशियन आ फार्मासिस्ट कें हार्दिक बधाई आ शुभकामना दैत कहलनि जे राज्यक स्वास्थ्य व्यवस्था कें सुदृढ़ बनाबय मे हुनकर भूमिका महत्वपूर्ण अछि। ओ कहलनि जे सरकारक उद्देश्य सभ सरकारी स्वास्थ्य संस्थान मे पर्याप्त मानव संसाधन उपलब्ध कराएत आम नागरिक कें गुणवत्तापूर्ण, सुलभ आ समयबद्ध स्वास्थ्य सेवा सुनिश्चित करब अछि। हुनका विश्वास व्यक्त केलनि जे सभ ड्रेसर आ एक्स-रे टेक्निशियन पूरा निष्ठा आ जिम्मेवारीक संग अपन दायित्वक निर्वहन करताह आ रोगी सभ कें नीक स्वास्थ्य सेवा उपलब्ध करएबा मे महत्वपूर्ण योगदान देताह।

# वित्त रहित शिक्षण संस्थानक लेल 461 करोड़क अनुदान जारी



**पटना, समदिया**

बिहारक वित्त रहित विद्यालय आ महाविद्यालयक शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मी लेल सरकार 461 करोड़ टाका सहायक अनुदान जारी केने अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सोशल मीडिया पर पोस्ट करैत ई जानकारी देलनि। ई राशि अनुदानित विद्यालय आ महाविद्यालयक शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मीक भुगतान लेल निर्गत कएल गेल अछि। मुख्यमंत्री कहलनि जे शिक्षक राष्ट्रक चरित्र निर्माण मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत छथि। सरकार शिक्षक सभ कें आवश्यक सुविधा उपलब्ध करयबाक लेल लगातार प्रयासरत अछि। वित्त रहित विद्यालय-महाविद्यालयक लेल 461 करोड़ टाकाक अनुदान जारी होएब राहतक खबर अछि। शिक्षक, कर्मी आ शिक्षण संस्थानक हित मे सरकारक प्रयास आगू सेहो जारी रहत। सरकारक दिस सं जारी अनुदानक उपयोग संबंधित अनुदानित शिक्षण संस्थानक शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मीक भुगतान लेल कएल जाएत। वित्त रहित संस्थान मे कार्यरत कर्मी सभक भुगतान आ अनुदानक मुद्दा बहुत समय सं महत्वपूर्ण रहल अछि। एहन स्थिति मे 461 करोड़ टाकाक राशि जारी होएब संबंधित शिक्षण संस्थान आ कर्मी सभ लेल महत्वपूर्ण डेग मानल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पहिने सेहो शिक्षकक भूमिका पर अपन विचार राखि चुकल छथि। हुनकर कहब अछि जे शिक्षक मात्र विद्यार्थी कें किताबी ज्ञान देब धरि सीमित नहि छथि, बल्कि हुनकर चरित्र निर्माण आ राष्ट्रक प्रति भावना मजबूत करब मे सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत छथि। मुख्यमंत्री बिहारक गौरवशाली शिक्षा परंपराक उल्लेख करैत कहलनि जे राज्य आ देशक प्रगति मे शिक्षकक भूमिका बहुत महत्वपूर्ण अछि। ओ शिक्षक आ शिक्षकेत्तर कर्मीक संगहि शिक्षण संस्थानक हित मे लगातार काज करबाक बात कहलनि आ उन्नत शिक्षा तथा उज्ज्वल भविष्यक कामना केलनि।

# राष्ट्रीय लोक मोर्चाक युवा प्रकोष्ठक प्रदेश स्तरीय कमिटीक विस्तार

**पटना, समदिया**

राष्ट्रीय लोक मोर्चा (युवा प्रकोष्ठ), बिहारक प्रदेश अध्यक्ष डॉ. चंदन कुमार यादव शनिदिन प्रदेश स्तरीय कमिटीक विस्तार करैत संगठन मे नव जिम्मेवारीक घोषणा केलनि। एहि अवसर पर पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेंद्र कुशवाहा, प्रदेश अध्यक्ष आलोक कुमार सिंह, राष्ट्रीय उपाध्यक्ष मदन चौधरी, कार्यकारी प्रदेश अध्यक्ष प्रशांत कुमार पंकज आ सुभाष चंद्रवंशी सहित पार्टीक कतेको वरिष्ठ नेता आ पदाधिकारी उपस्थित छलाह। प्रदेश स्तरीय कमिटीक विस्तारक अंतर्गत कार्यकारी अध्यक्षक रूप मे आलोक कुशवाहा आ प्रधान महासचिवक रूप मे प्रतिक कुशवाहा कें जिम्मेवारी देल गेल अछि। एकरा अतिरिक्त 32 उपाध्यक्ष, 45 महासचिव आ 35 सचिवक मनोनयन कएल गेल अछि। एहि विस्तारक माध्यम सं प्रदेशक



विभिन्न क्षेत्र मे युवा संगठन कें आओर सक्रिय आ सशक्त बनेबाक प्रयास कएल गेल अछि। एहि अवसर पर राष्ट्रीय अध्यक्ष उपेंद्र कुशवाहा सहित पार्टीक सभ वरिष्ठ नेता नवमनोनीत पदाधिकारी सभ कें नव जिम्मेवारी भेटला पर बधाई आ शुभकामना देलनि। नेता सभ विश्वास व्यक्त केलनि जे युवा साथी सभ पूरा निष्ठा, समर्पण आ सक्रियताक संग संगठन कें मजबूत बनाबय मे अपन महत्वपूर्ण भूमिका निभाओत। युवा प्रकोष्ठक प्रदेश अध्यक्ष डॉ. चंदन कुमार यादव नवमनोनीत पदाधिकारी सभ कें शुभकामना दैत कहलनि जे संगठन युवा साथी सभ पर जे विश्वास प्रकट केलक अछि, ओ सभ एहि विश्वास पर खरा उतरताह। ओ कहलनि जे युवा प्रकोष्ठक सभ पदाधिकारी पार्टीक नीति आ कार्यक्रम कें जन-जन धरि पहुंचयबाक संगहि संगठन कें बूथ स्तर धरि मजबूत आ प्रभावी बनेबाक लेल पूरा सक्रियता सं काज करताह।

### पटना मे दुगार्पूजाक लेल अग्निशमन विभागक पैघ तैयारी

**पटना।** दुगार्पूजा आ दशहराक अवसर पर पटना जिला मे अग्निशमन विभाग सुरक्षा व्यवस्था कें लए कए तैयारी तेज कए देने अछि। पूजा पंडाल मे आगि सं बचाव आ आपात स्थिति सं निपटबाक लेल विभागक दिस सं सोमदिन सं सभ प्रमुख दशहरा पंडालक फायर मैपिंग शुरू कएल जाएत। लगभग एक सप्ताह धरि चलयवला एहि अभियानक क्रम मे पंडाल सभक आगि-सुरक्षा व्यवस्था कें जायजा लेल जाएत। जिला अग्निशमन पदाधिकारी अभिषेक कुमार कहलनि जे सभ पूजा समिति कें अग्निशमन विभागक मुख्यालय सं जारी मानक संचालन प्रक्रिया (एसओपी) कें पालन करय पड़त। हुनका अनुसार, 300 वर्गमीटर सं बेसी क्षेत्रफल मे बनाओल जाएवला पूजा पंडाल लेल फायर प्रमाणपत्र लेब अनिवार्य होएत।

# अनंत सिंह कें नीरज कुमारक चुनौती

## कहलनि जे स्वयं पटना स्नातक सं चुनाव लड़ि कए देखू

**पटना, समदिया**

पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्रक चुनाव कें लए कए मोकामा विधायक अनंत सिंह आ जदयू विधान पार्षद नीरज कुमारक बीच बयानबाजी तेज भए गेल अछि। शनिदिन नीरज कुमार अनंत सिंह पर तीखा हमला करैत कहलनि, हमरा छेड़ब तं छोड़ब नहि। ओ कहलनि जे हुनकर नेतृत्व पर प्रत्यक्ष अथवा परोक्ष रूप सं हमला होयत तं ओ ओकर जवाब देबा सं पाछां नहि हटताह। नीरज कुमार अनंत सिंह कें चुनौती देलनि जे ओ स्वयं पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं चुनाव लड़ि कए देखथि। नीरज कुमार कहलनि जे ओ पहिनहि अनंत सिंहक गाम मे नरमुंड सम्मेलन आयोजित कए हुनका चुनौती दए चुकल छथि। हुनका सवाल उठौलनि जे अनंत सिंहक गाम आ आसपासक गाम




सभ मे पछिला कतेको दशक मे भेल हत्या सभक जिम्मेवार के अछि, एकर जवाब अनंत सिंह कें देब चाही। अनंत सिंहक दिस सं बजरंगबलीक मंदिरक सामने आमने-सामने बहसक चुनौती पर नीरज कुमार कहलनि जे ओ एहन लोकक संग कोन बात पर बहस करताह। ओ अनंत सिंहक संग बैसयवला लोक सभ कें सेहो सलाह देलनि। आरसीपी सिंह कें अपन गुरु बताओल गेल दाबी पर नीरज कुमार कहलनि जे हुनकर गुरु मात्र नीतीश कुमार छथि। बरख 2019क लोकसभा चुनावक उल्लेख करैत ओ कहलनि जे तखन सेहो अनंत सिंह केंद्रीय मंत्री ललन सिंह कें चुनौती देने छलाह। एके-47 मामिला उठबैत नीरज कुमार अनंत सिंह पर सेहो सवाल उठौलनि। ओ कहलनि जे एहि मामिला मे अनंत सिंहक पत्नी नीलम देवी द्वारा कहल गेल बातक संदर्भ मे सेहो सवालक जवाब देब आवश्यक अछि। नीरज कुमार ई सेहो कहलनि जे ओ प्रतिदिन मोटरसाइकिल सं घूमय लेल निकलैत छथि आ कोनो ठाम जा सकैत छथि। ओ कहलनि जे ओ ककरो छेड़ैत नहि छथि, मुदा केओ हुनका अथवा हुनकर नेतृत्व पर हमला करत तं ओ ओकर जवाब देताह। बरख 2008 मे अनंत सिंहक कृपा सं एमएलसी बनेबाक आरोप पर नीरज कुमार सवाल उठौलनि जे की ओ बूथ लूटि कए चुनाव जीतने छलाह। ओ कहलनि जे हुनकर राजनीतिक पहचान लोकतांत्रिक प्रक्रिया आ जनसमर्थन सं बनल अछि। अंत मे नीरज कुमार अनंत सिंह कें पटना स्नातक निर्वाचन क्षेत्र सं स्वयं चुनाव लड़बाक चुनौती देलनि आ कहलनि जे चुनावी मैदान मे उतरि कए अपन स्थिति देखथि।

# सहरसा सदर अस्पताल मे माइरपीटक मामिला मे प्रभारी अधीक्षक समेत दू डॉक्टर पटना तलब

**सहरसा, समदिया**

सहरसा सदर अस्पताल मे मीडिया कर्मी सं कथित अभद्र व्यवहार आ मारपीटक मामिला मे स्वास्थ्य विभाग पैघ कारबाइ केने अछि। विभाग प्रभारी अधीक्षक डॉ. सुशील कुमार आजाद आ चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. रोशन लाल कें तत्काल प्रभाव सं सहरसा सदर अस्पताल सं हटा देलक अछि। दुनू चिकित्सक कें स्वास्थ्य विभागक बिहार मुख्यालय, पटना मे योगदान देबाक निर्देश देल गेल



अछि। संगहि दुनू सं एक सप्ताहक भीतर स्पष्टीकरण सेहो मांगल गेल अछि। मामिला 12 सितंबरक अछि। मध्याह्न भोजन खएला बाद बेमार भेल स्कूली बच्चा सभक रिपोर्टिंग लेल एकटा डिजिटल न्यूजक पत्रकार सहरसा सदर अस्पताल पहुंचल छलाह। एहि क्रम मे अस्पताल परिसर मे पत्रकार आ चिकित्सक सभक बीच विवाद भेल आ कथित मारपीटक वीडियो सोशल मीडिया पर सामने आएल छल। घटनाक बाद सहरसाक जिलाधिकारी दीपेश कुमार मामिला कें गंभीरता सं लैत जांच समिति गठित केने छलाह। जांचक क्रम मे अस्पताल परिसर मे लागल सीसीटीवी कैमरेक रिकॉर्डिंग मिटेबाक आरोप सेहो सामने आएल। स्वास्थ्य विभाग द्वारा 18 सितंबर कें जारी अधिसूचना मे मीडिया कर्मी सं अभद्र व्यवहार आ मारपीटक संग घटना स्थल पर पहिने सं लागल सीसीटीवी फुटेज मिटेबाक आरोपक सेहो उल्लेख कएल गेल अछि। जिलाधिकारीक दिस सं पठाओल गेल रिपोर्टक आधार पर स्वास्थ्य विभाग दुनू चिकित्सक कें तत्काल पटना मुख्यालय मे योगदान देबाक आदेश देलक अछि। हालांकि, आरोपक आखरी निष्कर्ष एखन नहि आएल अछि आ विभागीय प्रक्रिया जारी अछि। एहि लेल दुनू चिकित्सक सं स्पष्टीकरण मांगल गेल अछि।

# 24 सितंबर कें चिराग पासवान युवा सभ सं करताह सीधा संवाद

**पटना, समदिया**

लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क बिहार प्रदेश कार्यालय मे शनिदिन बिहार प्रदेश अध्यक्ष सुरेंद्र विवेक पार्टीक आगामी महत्वपूर्ण युवा कार्यक्रम यूथ बोले तोक घोषणा केलनि। सुरेंद्र विवेकक अनुसार, 24 सितंबर 2026 कें पटना स्थित वेटनरी ग्राउंड मे यूथ बोले तो कार्यक्रमक आयोजन होएत। एहि कार्यक्रम मे पार्टीक राष्ट्रीय अध्यक्ष आ केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान बिहारक नव पीढ़ीक युवासभ, विशेष रूप सं जेन-जी, सं सीधा संवाद करताह। ओ कहलनि जे यूथ बोले तो कार्यक्रमक उद्देश्य युवा सभ कें अपन बात खुलि कए रखबाक लेल एकटा सशक्त मंच उपलब्ध कराएब अछि। कार्यक्रमक दौरान युवा शिक्षा, रोजगार, कौशल विकास, उद्यमिता, तकनीक, डिजिटल युगक चुनौती आ अपन भविष्य सं जुड़ल विभिन्न विषय पर चिराग पासवान सं सीधा संवाद कए सकताह। सुरेंद्र विवेक कहलनि जे चिराग पासवान लगातार युवासभक आकांक्षा, हुनकर सपना आ बदलैत भारत मे हुनकर भूमिका कें महत्व दैत रहल छथि। एहन समय मे, जखन युवा पीढ़ी देशक दिशा आ विकास मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल अछि, यूथ बोले तो कार्यक्रम युवा सभ आ नेतृत्वक बीच सीधा संवादक अवसर उपलब्ध कराओत। सुरेंद्र विवेक कहलनि जे युवा मात्र भविष्यक नहि, बल्कि वर्तमानक सेहो महत्वपूर्ण शक्ति छथि। हुनकर सोच, सुझाव आ समस्या कें बुझब आ हुनका नीति तथा विकासक मुख्यधारा सं जोड़ब आवश्यक अछि। एहि उद्देश्य सं पार्टीक दिस सं एहि कार्यक्रमक आयोजन कएल जा रहल अछि। कार्यक्रमक तैयारी आ सफल आयोजनक संबंध मे सेहो विस्तार सं चर्चा कएल गेल। कार्यक्रमक सुचारू संचालन आ समन्वयक जिम्मेदारी युवा प्रकोष्ठक प्रदेश अध्यक्ष कें कार्यक्रम संयोजकक रूप मे देल गेल अछि।

# जमाबंदीक सुधार अभियान लेल 16 अधिकारी 32 अंचल मे जांच लेल पहुंचलाह

- **ऑनलाइन सेवा, अभिलेखागार आ अभियानक प्रगतिक सेहो भेल पड़ताल**

**पटना, समदिया**

राजस्व एवं भूमि सुधार विभाग जमाबंदीक सुधार आ उत्तराधिकार नामांतरण विशेष अभियान कें मिशन मोड मे लागू करबाक लेल निगरानी तेज कए देने अछि। सचिव जय सिंहक लगातार निगरानीक बीच शनिदिन विभागीय मुख्यालय सं 16 पदाधिकारी कें राज्यक 16 जिला मे स्थित 32 अंचल मे औचक निरीक्षण लेल पठाओल गेल। पदाधिकारी सभ अंचल कार्यालय मे पहुंचि ऑनलाइन सेवा, अभिलेखागारक राखि-रखाव आ 45 दिवसीय विशेष अभियानक प्रगतिक जमीनी पड़ताल केलनि। विभागक स्पष्ट उद्देश्य अछि जे अभियान मात्र कागज पर सीमित नहि रहय, बल्कि धरातल पर




प्रभावी ढंग सं लागू हो। निरीक्षणक क्रम मे जमाबंदी मे दर्ज त्रुटि सभक सुधार, रिक्त प्रविष्टि सभक पूर्ति आ लंबित उत्तराधिकार नामांतरणक मामिला सभक निष्पादनक स्थिति कें समीक्षा कएल गेल। पदाधिकारी सभ कें निर्धारित समय-सीमा मे अभियानक कार्य पूरा करबाक लेल आवश्यक कारबाइ सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल।

15 सितंबर सं 31 अक्टूबर धरि चलयवला एहि विशेष अभियानक अंतर्गत जमाबंदी अभिलेख कें दुरुस्त करब आ उत्तराधिकार नामांतरणक लंबित मामिला सभक निष्पादन करबाक लक्ष्य निर्धारित अछि। विभागीय स्तर पर एकर लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि। औचक निरीक्षणक माध्यम सं मुख्यालय ई सुनिश्चित कए रहल अछि जे अंचल सभ मे अभियानक वास्तविक प्रगति कोन स्थिति मे अछि आ निर्धारित लक्ष्य पूरा करबा मे कतय तेजी आनबाक आवश्यकता अछि। निरीक्षणक दौरान अंचल कार्यालय सभ मे संचालित ऑनलाइन सेवा आ अभिलेखागार मे अभिलेखक राखि-रखाव तथा संधारणक व्यवस्थाक सेहो जायजा लेल गेल। एकरा संगहि नवंबर मास मे वासविहीन परिवार सभ कें पर्चा निर्गत करबाक तैयारीक समीक्षा कएल गेल।

विशेष कार्य पदाधिकारी मणि भूषण किशोर वैशालीक हाजीपुर सदर आ बिदुपुर, सर्वेक्षण कार्यालयक उप निदेशक मोना झा पटना सदर आ पालीगंज, विशेष कार्य पदाधिकारी मो. नवाजिश अख्तर सिवान सदर आ बसंतपुर तथा उप सचिव अविनाश कुमार जमुई आ गिद्धौर अंचल मे पहुंचि जांच केलनि।

उप निदेशक, कृषि गणना अशोक कुमार शर्मा जहानाबाद सदर आ मखदुमपुर, अवर सचिव अरविंद कुमार शेखपुराक बरबीघा आ शेखपुरा सदर, अवर सचिव शिवजी औरंगाबादक दाउदनगर आ बारुण तथा अवर सचिव जितेंद्र कुमार सारणक छपरा सदर आ दीघवारा अंचल मे निरीक्षण केलनि। अवर सचिव कुंदन कुमार रोहतासक डेहरी ऑनसोन आ तिलौथू, अवर सचिव राजीव पांडेय नवादा सदर आ हिसुआ, अवर सचिव श्रीराम गया सदर आ बोधगया तथा अवर सचिव प्रशांत गौरव नालंदाक बिहारशरीफ आ रहुई अंचल मे पहुंचि अभियानक स्थिति, ऑनलाइन सेवा आ अभिलेखक राखि-रखावक जांच केलनि। राजस्व एवं भूमि सुधार विभाग अभियानक प्रगति पर लगातार नजरि रखनेने अछि। औचक निरीक्षण आ नियमित निगरानीक माध्यम सं निर्धारित समय सीमा मे कार्य पूरा करएबाक संगहि आम नागरिक कें जमीन सं जुड़ल सेवा समय पर उपलब्ध करएबाक दिशा मे जोर देल जा रहल अछि।

### जमाबंदीक सुधार अभियान मे कोनो तरहक लापरवाही बर्दाश्त नहि : मंत्री



**पटना।** राजस्व एवं भूमि सुधार विभागक मंत्री डॉ. दिलीप कुमार जायसवाल कहलनि जे जमाबंदीक सुधार आ उत्तराधिकार नामांतरण विशेष अभियान मे कोनो स्तर पर लापरवाही बर्दाश्त नहि कएल जाएत। अभियानक प्रभावी निगरानी लेल 16 पदाधिकारी कें 32 अंचल मे औचक निरीक्षणक जिम्मेवारी देल गेल अछि। ओ कहलनि जे लक्ष्य अछि जे 31 अक्टूबर धरि जमाबंदीक त्रुटि सभक सुधार, रिक्त प्रविष्टि सभक पूर्ति आ लंबित उत्तराधिकार नामांतरणक मामिला सभ कें निर्धारित समय-सीमा मे निष्पादित करब। अंचल कार्यालय सभ मे ऑनलाइन सेवा सभक स्थिति आ अभिलेखक राखि-रखावक सेहो जांच कएल जा रहल अछि। अधिकारी सभ कें स्पष्ट निर्देश देल गेल अछि जे अभियानक कार्य सभ कें गंभीरता आ जवाबदेहीक संग पूरा करथि, जाहि सं आम लोक कें अपन जमीन सं जुड़ल मामिला मे अनावश्यक परेशानीक सामना नहि करय पड़य।

# ग्रामीण चिकित्सकक गोली मारि हत्या, इलाका मे दहशत

## घर मे सुतल छलाह डॉक्टर मोहम्मद गुलजार उर्फ शाहीन

**समस्तीपुर, समदिया**



समस्तीपुर जिलाक हसनपुर थाना क्षेत्रक केशरौरा वार्ड नंबर 13 मे शनिक राति अज्ञात अपराधी सभ एक ग्रामीण चिकित्सकक गोली मारि हत्या कए देलक। घटनाक बाद पूरा इलाका मे सनसनी पसैर गेल। मृतकक पहचान केशरौरा वार्ड नंबर 13 निवासी करीब 50 वर्षीय डॉक्टर मोहम्मद गुलजार उर्फ शाहीन, पिता मोहम्मद सुल्तानक रूप मे भेल अछि।

जानकारीक अनुसार, डॉक्टर मोहम्मद गुलजार उर्फ शाहीन रोजक भांति राति मे भोजन केलाक बाद अपन घर मे सुतबाक लेल गेल छलाह। एहि दौरान अज्ञात अपराधी घर मे प्रवेश कए हुनका गोली मारि देलक। गोली लगला सं घटनास्थले हुनकर मृत्यु भए गेल। घटनाक बाद अपराधी फरार भए गेल। भोर मे परिजन जखन जागलाह तं डॉक्टर गुलजारक शव खून सं लथपथ अवस्था मे पड़ल देखलनि। शव देखिते घर मे चीख-पुकार मचि गेल। किछुए समय मे आसपासक लोक घटनास्थल पर जुटि गेल। घटनाक सूचना पुलिस कें देल गेल।

सूचना भेटिते हसनपुर थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि जांच शुरू केलक। हत्या कए गंभीरता देखैत रोसड़ा अनुमंडल पुलिस पदाधिकारी सेहो पुलिस टीमक संग घटनास्थल पर पहुंचलाह। पुलिस आसपासक लोक सं पूछताछ करैत घटना सं जुड़ल विभिन्न बिंदु पर छानबीन शुरू केलक अछि। पुलिस हत्या पाछांक कारण आ घटना कें अंजाम देनिहार अपराधीक पहचान करबाक प्रयास मे जुटल अछि। घटनास्थल सं साक्ष्य जुटेबाक कारबाइ सेहो शुरू कएल गेल अछि। अपराधीक गिरफ्तारी लेल संभावित ठिकान पर छापेमारी कएल जा रहल अछि।

ग्रामीण चिकित्सकक हत्याक खबर पसैरते इलाका मे भयक माहौल अछि। स्थानीय लोक पुलिस सं शीघ्र हत्या मामिलाक उद्भेदन कए आरोपित कें गिरफ्तार करबाक मांग केलनि अछि।

# 20 दिनक संघर्ष हारली अज्ञात महिला, इलाजक दौरान मृत्यु

**रोसड़ा, समदिया**



रोसड़ा अनुमंडलीय अस्पताल मे करीब 20 दिन सं इलाजरत अज्ञात महिलाक शनिदिन मृत्यु भए गेल। करीब 20 दिन पहिने सड़क दुर्घटना मे गंभीर रूप सं घायल महिला कें स्थानीय लोकक सहयोग सं अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल। दुर्घटनाक बाद सं ओ अस्पताल मे उपचाराधीन छलीह, मुदा चिकित्सकसभक प्रयासक बादो हुनकर जान नहि बचि सकल। अस्पताल प्रशासनक अनुसार, महिलाक पहचान दुर्घटनाक बाद सं नहि भए सकल छल। हुनका लग सं एहन कोनो दस्तावेज अथवा पहचान संबंधी जानकारी नहि भेटल, जाहि सं हुनकर परिजनक पता लगाओल जा सकैत। अस्पतालक उपाधीक्षक डॉ. मनीष कुमार आ चिकित्सा कर्मी मानवीय संवेदनाक संग महिलाक इलाज आ देखरेख मे जुटल रहलाह। चिकित्सकक निगरानी मे लगातार हुनकर उपचार कएल जा रहल छल।

शनिदिन इलाजक दौरान महिलाक मृत्यु भेलाक बाद अस्पताल प्रबंधन रोसड़ा अनुमंडल पदाधिकारी आ थाना पुलिस कें सूचना देलक। सूचना भेटलापर रोसड़ा थानाध्यक्ष लालबाबू कुमार पुलिस टीमक संग अस्पताल पहुंचलाह। पुलिस आवश्यक कागजी प्रक्रिया पूरा कए शव कें कब्जा मे लेलनि आ पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, समस्तीपुर पठा देलनि। पुलिस आब मृत महिलाक पहचान करबाक प्रयास मे जुटल अछि। दुर्घटनाक करीब 20 दिन बादो पहचान नहि भए पायब पुलिस लेल चुनौती बनल अछि। पुलिस आसपासक थाना क्षेत्र आ संभावित इलाका मे महिलाक तस्वीर आ हुलियाक आधार पर पहचान करबाक प्रयास कए रहल अछि। अस्पताल प्रबंधन आ पुलिस प्रशासन लोक सं अपील केलक अछि जे जं केओ महिला कें चिन्हैत हो अथवा हुनका संबंध मे कोनो जानकारी रखैत हो तं रोसड़ा थाना अथवा अनुमंडलीय अस्पताल सं संपर्क करथि, जाहि सं हुनकर परिजन धरि सूचना पहुंचाओल जा सकय।

# जनकपुर : जसपा संविधान दिवस कें विरोध दिवसक रूप मे मनौलक

**जनकपुरधाम, समदिया**




जनता समाजवादी पार्टी नेपाल (जसपा नेपाल) धनुषा असोज 3 कें विरोध दिवसक रूप मे मनौलक। संविधान लागू भेलाक अवसर पर जसपा नेपाल धनुषाक दिस सं शनिदिन जनकपुरधाम मे वर्तमान संविधानक मूल विषयवस्तु आ संविधान मे परिवर्तनक आवश्यकता विषय पर अंतरक्रिया कार्यक्रम आयोजित कए असोज 3 कें कालादिवसक रूप मे मनाओल गेल।

जसपा नेपालक कहब अछि जे संविधान मे किछु महत्वपूर्ण उपलब्धि रहितो मधेसी, विभिन्न राष्ट्रीयता सहित मधेशी समुदायक अधिकार आ पहिचानक मामिला मे एखनहुं भेदभाव कायम अछि। पार्टी भेदभावपूर्ण आ गलत प्रावधान मे परिवर्तनक मांग करैत असोज 3 कें कालादिवसक रूप मे मनबैत अछि। कार्यक्रम मे जसपा नेपालक उपाध्यक्ष परमेश्वर साह कहलनि जे जाधरि संविधान मे परिवर्तन नहि होइत अछि, ताधरि ओ सभ संविधान सं अपन जुड़ाव महसूस नहि कए सकताह। हुनकर कहब छल जे असोज 3 एखनहुं हुनका सभ लेल कालादिवस अछि। जसपा नेपालक दाबी अछि जे संविधान मे अधिकांश सकारात्मक विषय समाहित कएल गेल अछि, मुदा विभिन्न समुदायक अधिकार आ प्रतिनिधित्व सं जुड़ल मामिला मे सुधारक आवश्यकता अछि। पार्टीक अनुसार मधेशी समुदाय कें कार्यपालिका, न्यायपालिका, व्यवस्थापिका आ सेना मे समान अधिकार नहि भेटल अछि। पार्टी कहलनि जे एहि विषय कें आवश्यक मानैत बहस आ संवादक माध्यम सं संविधान मे परिवर्तन आ संशोधन लेल दबाव बनाओल जायत। पहिने सेहो जसपा नेपाल असोज 3 कें कालादिवसक रूप मे मनबैत रहल अछि। मुदा एहि बरख केंद्रीय निर्णयक अनुसार देशभरक जिला समिति सभ कें संवाद, बहस आ संगोष्ठी करबाक निर्देश देल गेल छल। ओहि निर्णयक अनुरूप धनुषा मे विरोध दिवसक अवसर पर अंतरक्रिया कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। पशुपति यादवक अध्यक्षता मे भेल कार्यक्रम मे पूर्व विधायक शैलेंद्र यादव, केंद्रीय सदस्य जितेंद्र यादव, पूर्व मेयर राम ज्ञान मंडल, संजय चौधरी सहित कतेको नेता सभ अपन विचार रखलनि।

### पाली गोठ मे बंद घर मे भेल चोरी मामिला मे प्राथमिकी दर्ज

**बेनीपट्टी।** स्थानीय थाना क्षेत्रक पाली गोठ गाम मे बंद घरक ताला तोड़ि चोर सभ नगद रुपैया आ लाखोंक जेवरात समेत कीमती सामान चोरा लेलक। घटना कें लए पाली गोठ वार्ड नंबर-9 निवासी ज्ञानेंद्र कुमार मिश्रा (49) बेनीपट्टी थाना मे आवेदन दए प्राथमिकी दर्ज करौने छथि। दर्ज प्राथमिकी अनुसार ज्ञानेंद्र कुमार मिश्रा अपन परिवारक संग दरभंगा मे रहैत छथि, जखन कि हुनकर माता-पिता पाली गोठ स्थित पैतृक घर मे रहैत छथि। छोट भाइ कें इलाजक सिलसिला मे परिवारक सदस्य 25 अगस्त कें घर बंद कए दिल्ली गेल छल। 17 सितंबरक सांझ करीब 7 बजे जखन परिवारक लोक गामक घर पहुंचल आ मुख्य दरवाजा खोलि भीतर गेल, तं घरक पछिला भागक ग्रिलक ताला टूटल भेटल। घरक भीतर जाकए देखल गेल तं अलमारी आ दीवान पलंग सेहो टूटल छल। जांच करबाक बाद पता चलल जे अलमारी मे राखल करीब 4.60 लाख रुपैया नगद, लगभग 16 लाख रुपैया मूल्यक सोनाक आभूषण आ किछु कीमती कपड़ा गायब अछि।

# डीएम देलनि अमरपुर पंचायत कें आदर्श पंचायत बनेबाक निर्देश

**सहरसा, समदिया**



कहरा प्रखंडक अमरपुर पंचायत कें विकसित आ आदर्श पंचायतक रूप मे स्थापित करबाक लेल जिलाधिकारी दीपेश कुमार शनिदिन पंचायत सरकार भवन मे अधिकारी आ पंचायत जनप्रतिनिधिसभक संग समीक्षा बैसार केलनि। एहि दौरान ओ स्वच्छता, पेयजल, शिक्षा, स्वास्थ्य, कृषि, पशुपालन, आजीविका, स्वरोजगार आ सार्वजनिक परिसंपत्तिक नीक उपयोग लेल आवश्यक निर्देश देलनि। डीएम पंचायत मे नियमित कचरा उठाव आ स्वच्छता शुल्कक शत-प्रतिशत संग्रह सुनिश्चित करबाक संग पंचायत कें प्लास्टिक मुक्त क्षेत्र बनेबाक अपील केलनि। सभ वार्ड मे नल-जल योजनाक जांच कए खराब व्यवस्था मरम्मतक बाद नियमित जलापूर्तिक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। आंगनबाड़ी केंद्र मे मूलभूत सुविधा उपलब्ध करयबाक तथा सरकारी भवन, विद्यालय आ सामुदायिक भवनक जमीनक मापी कए अतिक्रमण हटेबाक लेल कहलनि। पंचायत सरकार भवन मे न्याय कचहरी, पुस्तकालय, ई-पुस्तकालय, बैंकिंग आ जनऔषधि केंद्र सहित अन्य सेवा कें प्रभावी बनेबाक लेल सेहो निर्देश देल गेल। संगहि सौर स्ट्रीट लाइट आ प्रधानमंत्री सूर्य घर योजनाक लाभ बेसी सं बेसी परिवार धरि पहुंचेबाक लेल जोर देल गेल।

डीएम जीविका समूह कें माछ पालन, पशुपालन, बकरी पालन आ दुग्ध उत्पादन सं जोड़बाक तथा युवा सभ कें उद्यमी, मुद्रा आ रोजगार सृजन योजनाक लाभ देबाक निर्देश देलनि। एहि सं पंचायत मे आजीविका आ स्वरोजगारक अवसर बढ़ेबाक प्रयास कएल जायत।

जिलाधिकारी उच्च विद्यालय अमरपुरक निरीक्षण कए विद्यार्थीसभक उपस्थिति, आईसीटी लैब आ खेल मैदानक संबंध मे जानकारी लेलनि। ओ शनिदिन जांच परीक्षा आयोजित करबाक आ नियमित रूप सं अभिभावक-शिक्षक बैसार करबाक निर्देश देलनि। बैसार मे सहायक समाहर्ता केतन शुक्ला, राजू कुमार, वरीय उप समाहर्ता, जिला शिक्षा पदाधिकारी सहित अन्य अधिकारी उपस्थित छलाह।

# प्रेम ज्वेलर्स लूटकांडक आरोपी मामिला मे जमानत याचिका खारिज

**दरभंगा, समदिया**

दरभंगा नगर थाना क्षेत्रक पैघ बाजार स्थित प्रेम ज्वेलर्स मे तीन अप्रैल 2026 कें दिन-देखाड़ पिस्तौल देखाकऽ भेल लूटक मामिला मे काराधीन अभियुक्त बेगूसराय जिलाक नावकोठी थाना क्षेत्रक वृंदावन गाम निवासी संदीप कुमार सिंहक नियमित जमानत याचिका अपर सत्र न्यायाधीश संतोष कुमार पांडेयक अदालत खारिज कए देलक।

जिला लोक अभियोजक अमरेंद्र नारायण झा बतौलनि जे घटना मे करीब आधा दर्जन अपराधी पिस्तौल देखाकऽ ज्वेलरी दोकान सं करीब 700 ग्राम सोना, 20 सं 25 किलो चानीक जेवर आ 9 लाख रुपैया नगद लूटि लेने छल। मामिला मे सुंदरपुर निवासी मनोज ठाकुरक आवेदन पर नगर थाना मे प्राथमिकी संख्या 72/26 दर्ज कएल गेल छल। अभियुक्त 11 अप्रैल 2026 सं दरभंगा मंडल कारा मे बंद अछि। ओतहि, तृतीय अपर सत्र न्यायाधीश भूपेंद्र सिंहक अदालत जानलेवा हमला करबाक आरोप मे बहादुरपुर थाना कांड संख्या 248/26क काराधीन अभियुक्त असगांव निवासी मोहम्मद जाकिरक पुत्र मोहम्मद सब्बीरक जमानत याचिका खारिज कए देलक। अपर सत्र न्यायाधीश आदिदेवक अदालत बहेड़ी थाना कांड संख्या 577/26 मे लड़कीक अपहरणक आरोपित अशोक पेपर मिल थाना क्षेत्रक बलहा गाम निवासी मिंटू कुमारी आ हंशलाल यादवक अग्रिम जमानत याचिका सेहो खारिज कए देलक। एहि क्रम मे जानलेवा हमला करबाक आरोप मे दर्ज बिशनपुर थाना प्राथमिकी संख्या 123/26क आरोपी शिवदासपुर निवासी राम भरोस महतोक पुत्र विपिन महतोक अग्रिम जमानत याचिका एडीजे दशमक अदालत खारिज कए देलक।

### सड़क दुर्घटना मे मृत लक्ष्मी ठाकुरक परिजन कें विधायक देलनि चारि लाखक चेक

**सिंहवाड़ा।** सड़क दुर्घटना मे मृत लक्ष्मी ठाकुरक परिजन कें सरकारक दिस सं आपदा राहति कोषक अंतर्गत चारि लाख टाका सहायता राशि देल गेल। स्थानीय विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा स्वीकृत चारि लाख टाकाक चेक मृतकक पत्नी फूल कुमारी कें सौंपलनि। बताओल गेल जे गत 14 मई 2026 कें सड़क दुर्घटना मे कुमरपट्टी गाम निवासी लक्ष्मी ठाकुरक असामयिक मृत्यु भए गेल छल। घटनाक बाद आपदा प्रबंधन विभागक दिस सं पीड़ित परिवारक लेल सहायता राशि स्वीकृत कएल गेल। तकर बाद विधायक डॉ. मुरारी मोहन झा सिंहवाड़ाक अंचलाधिकारीक संग मृतकक परिजन कें चेक प्रदान केलनि। एहि अवसर पर विधायक पीड़ित परिवार कें ढाढ़स बन्हबैत कहलनि जे दुखक एहि घड़ी मे सरकार आ प्रशासन परिवारक संग अछि। सहायता राशि देबाक उद्देश्य दुर्घटना मे मृतकक आश्रित परिवार कें आर्थिक संबल प्रदान करब अछि। मौके पर सरपंच फूल बाबू, विष्णुदेव दास, जटाशंकर सिंह, तरुण सिंह, श्रवण मिश्रा, मुखिया रामबाबू साह, चितरंजन कुमार, रामलाला ठाकुर, रंजीत भगत, विक्रम कुशवाहा, मनीष मेहता सहित अंचल कार्यालयक कर्मी, स्थानीय जनप्रतिनिधि आ ग्रामीण उपस्थित छलाह।

# जांच प्रतिवेदन कें लए कर्मी आ मनरेगा पीओ मे विवाद

**कुशेश्वरस्थान, समदिया**

प्रखंड कार्यालय मे प्रतिनियुक्त कर्मी आ मनरेगा कार्यक्रम पदाधिकारीक बीच जांच प्रतिवेदन उपलब्ध कराबय कें लए विवादक मामिला सोझां आयल अछि। केवटगामा ग्राम कचहरीक सचिव सह प्रखंड कार्यालय मे प्रतिनियुक्त कर्मी अर्जुन दास मनरेगा पीओ मो. अबुल कलाम पर मोबाइल फोन पर गाली-गलौज आ अभद्र व्यवहार करबाक आरोप लगबैत बीडीओ कें आवेदन देलनि अछि। कर्मीक अनुसार, अनुमंडलीय लोक शिकायत निवारण पदाधिकारी, बिरौल कार्यालय सं प्राप्त मनरेगा सं संबंधित एकटा परिवादक जांच प्रतिवेदनक जानकारी लेबाक लेल ओ मनरेगा पीओ सं मोबाइल पर संपर्क केलनि। एहि क्रम मे कथित रूप सं हुनका संग अभद्र व्यवहार कएल गेल। कर्मी मामिला मे विभागीय आ कानूनी कारबाइ करबाक मांग केलनि अछि। आवेदनक संग कथित बातचीतक ऑडियो क्लिप सेहो उपलब्ध कराओल गेल अछि। ओतहि, मनरेगा पीओ मो. अबुल कलाम आरोप कें बेबुनियाद बतौलनि।

# नशा मुक्त कोशी अभियान : सप्ताहभरि मे 1740 लीटर सं बेसी शराब बरामद

## हेल्पलाइन पर भेटि रहल सूचनाक आधार पर पुलिसक कारबाइ

**सहरसा, समदिया**



कोशी क्षेत्रक सहरसा, सुपौल आ मधेपुरा जिला मे चलाओल जा रहल ह्यनशा मुक्त कोशीह्न अभियान कें लगातार सफलता भेटि रहल अछि। अभियान मे आम लोकक सहयोग सेहो भेटि रहल अछि। कोशी क्षेत्रक पुलिस उपमहानिरीक्षक डॉ. कुमार आशीष द्वारा जारी हेल्पलाइन नंबर 9060384865 पर लोक नशाक अवैध कारोबार सं जुड़ल सूचना लगातार दए रहल छथि। पुलिसक अनुसार सूचना देनिहार व्यक्तिक मोबाइल नंबर आ पहचान पूर्ण रूप सं गोपनीय राखल जाइत अछि आ प्राप्त सूचनाक आधार पर डीआईजीक अनुश्रवण मे कारबाइ कएल जाइत अछि। अभियानक अंतर्गत 12 सं 18 सितंबर धरि कोशी क्षेत्र मे कुल 1740.6 लीटर अवैध शराब, 719.1 किलोग्राम गांजा, 192.19 ग्राम स्मैक, 1.5 लीटर अवैध कफ सिरप आ 1188 एमएल नशीला इंजेक्शन बरामद कएल गेल। एहि अतिरिक्त एकटा देशी कट्टा, एकटा कारतूस, 16 मोटरसाइकिल, तीनटा चारपहिया वाहन, सातटा मोबाइल फोन आ 4390 टाका नगद बरामद भेल। अवैध शराबक मामिला मे 31 आ सूखा नशाक मामिला मे एकटा विदेशी नागरिक सहित कुल 24 लोक कें गिरफ्तार कए जेल पठाओल गेल।

पुलिसक अनुसार फरवरी 2026 सं आब धरि अभियान मे 69,870.595 लीटर अवैध शराब, 3417.97 लीटर अवैध कफ सिरप, 6436.1 किलोग्राम गांजा आ 7667.982 ग्राम स्मैक बरामद कएल गेल अछि। एहि अतिरिक्त 12,734 एमएल नशीला इंजेक्शन, 325 नशीला टैबलेट, एक पैकेट सिरिंज, दूटा विदेश निर्मित पिस्टल, एकटा पिस्टल, छहटा देशी कट्टा, एकटा देशी मस्केट, तीनटा मैगजीन आ 38 कारतूस सहित अन्य सामान बरामद कएल गेल। एहि दौरान 2040 तस्कर कें गिरफ्तार कए जेल पठाओल गेल अछि।

डीआईजी डॉ. कुमार आशीष आम लोक सं अपील केलनि जे नशा सं संबंधित कोनो प्रकारक सूचना हेल्पलाइन 9060384865 पर फोन, संदेश अथवा व्हाट्सएपक माध्यम सं दिअ। सूचना देबाक समय अवैध नशा कारोबारीक नाम, पता आ कारोबार करबाक स्थानक जानकारी देल जा सकैत अछि।

# डॉ. प्रतिभा स्मृतिक मैथिली कविता संग्रह *आसक टेमी उसकबैतक* लोकार्पण



**दरभंगा, समदिया**

सगर राईत दीप जरैक तत्वावधान मे आयोजित 127म कथा गोष्ठीक आयोजन ललित नारायण जनता महाविद्यालय, झंझारपुर मे कएल गेल। एहि अवसर पर डॉ. प्रतिभा स्मृतिक लिखल मैथिली कविता-संग्रह आसक टेमी उसकबैतक साहित्यकारसभक उपस्थिति मे लोकार्पण कएल गेल।

लोकार्पण समारोह मे साहित्यकार अजीत आजाद, हिरेंद्र झा, राज कुमार मिश्रा, मालती मिश्रा, सुनीता झा, कमलेश प्रमेंद्र, वाचस्पति सुजीत ठाकुर, फूलचंद्र प्रवीण, चंद्रमोहन झा परवा, चंद्रेश जी, योगानंद झा, महेंद्र नारायण राम आ प्रीतम निषाद सहित कतेको साहित्यप्रेमी उपस्थित छलाह। एहि अवसर पर अतुल मिश्रा, रीतू प्रज्ञा, वंदना चौधरी, राजकुमार भारती, साकेत सौरभ ठाकुर, अमिताभ सिन्हा सहित अन्य शुभेच्छु सभ डॉ. प्रतिभा स्मृतिएं पुस्तकक प्रकाशन आ लोकार्पण पर बधाई दैत शुभकामना व्यक्त केलनि।

कार्यक्रम मे साहित्य, कविता आ मैथिली भाषाक विकास सं जुड़ल विभिन्न विषय पर साहित्यकार सभ अपन विचार साझा केलनि। वक्ता सभ मैथिली साहित्यक समृद्धि आ नव रचनाक महत्व पर सेहो चर्चा केलनि। आसक टेमी उसकबैतक लोकार्पण कें साहित्यिक क्षेत्र मे एकटा महत्वपूर्ण पहल बताओल गेल।

# यूडीआइडी कार्ड सं दिव्यांगजन लेल सरकारी सुविधा लेब आसान

मधुबनी, समदिया

दिव्यांगजन कें सरकारी योजना आ कल्याणकारी सुविधाक लाभ सहज रूप सं उपलब्ध करेबाक लेल जिला प्रशासन यूडीआइडी कार्डक प्रक्रिया प्रभावी ढंग सं लागू करबाक दिशा मे आवश्यक कदम उठौने अछि।जिलाधिकारी आनंद शर्मा संबंधित पदाधिकारी सभ कें पात्र दिव्यांगजनक यूडीआइडी कार्ड शीघ्र, पारदर्शी आ समयबद्ध ढंग सं बनेबाक निर्देश देलनि। संगहि सभ पात्र दिव्यांगजन सं कार्ड बनबयबाक अपील केलनि। जिलाधिकारी कहलनि जे यूडीआइडी कार्ड दिव्यांगजनक विशिष्ट पहचानक संग हुनकर दिव्यांगता सं संबंधित प्रमाणिक जानकारीक महत्वपूर्ण दस्तावेज अछि। एकर माध्यम सं विभिन्न सरकारी योजना आ सेवाक लाभ लेबाक



प्रक्रिया बेसी सहज आ व्यवस्थित होएत। यूडीआइडी कार्ड आ दिव्यांगता प्रमाण- पत्रक प्रक्रिया स्वावलंबन कार्ड पोर्टलक माध्यम सं संचालित कएल जाएत। यूडीआइडी कार्डक मुख्य उद्देश्य देशक दिव्यांगजनक एकीकृत डिजिटल रिकॉर्ड तैयार करब आ प्रत्येक पात्र व्यक्तिक विशिष्ट पहचान उपलब्ध करेनाइ अछि। एकरा सं दिव्यांगता प्रमाण-पत्र आ पहचान संबंधी विवरण डिजिटल रूप मेउपलब्ध रहत आ सरकारी योजनाक लाभ लेल पात्रताक सत्यापन सेहो सहज होएत। यूडीआइडी लेल आवेदन मुख्य रूप सं ऑनलाइन कएल जाएत। आवेदनक दौरान आवश्यक व्यक्तिगत जानकारी, पहचान संबंधी विवरण आ निर्धारित दस्तावेज पोर्टल पर अपलोड करय पड़त। ऑनलाइन आवेदन मे कठिनाई होमय पर सिविल सर्जन कार्यालय आ निर्धारित अस्पताल मे यूडीआइडी सहायता केंद्रक माध्यम सं निःशुल्क सहयोग देबाक निर्देश देल गेल अछि। ग्रामीण आ दूर-दराजक क्षेत्र मे रहनिहार दिव्यांगजन धरि जानकारी पहुंचय पर विशेष जोर देल गेल अछि। ऑनलाइन आवेदनक बाद निर्धारित मेडिकल अथॉरिटी अथवा मेडिकल बोर्ड द्वारा दिव्यांगताक चिकित्सकीय मूल्यांकन कएल जाएत। मूल्यांकनक बाद नियमानुसार दिव्यांगता प्रमाण-पत्र आ यूडीआइडी कार्ड जारी करबाक कारबाइ होएत। जिलाधिकारी लंबित आवेदनक नियमित समीक्षा आ निर्धारित समय-सीमा मे निष्पादन सुनिश्चित करबाक निर्देश देलनि। आवेदन मे कमी अथवा आपत्ति भेटला पर ओकर स्पष्ट कारण दर्ज कए आवेदक कें जानकारी देबाक निर्देश सेहो देल गेल अछि। जिलाधिकारी अनधिकृत व्यक्ति, एजेंट आ बिचौलिया सं सावधान रहबाक अपील करैत कहलनि जे यूडीआइडीक काज मात्र निर्धारित सरकारी प्रक्रिया आ अधिकृत पोर्टलक माध्यम सं कराओल जाए। ओ कहलनि जे प्रक्रिया सरल, पारदर्शी, संवेदनशील आ समयबद्ध बनाओल जाए, जाहि सं पात्र दिव्यांगजन कें अपन अधिकार आ सरकारी सुविधाक लाभ लेब मे कठिनाई नहि हो।

# अवैध देसी कट्टा आ प्रतिबंधित कफ सिरपक संग एक अभियुक्त गिरफ्तार

मधुबनी, समदिया

बासोपट्टी थाना क्षेत्रक छतौनी गाम मे पुलिस गुप्त सूचनाक आधार पर छापामारी कए एक व्यक्ति कें अवैध देशी कट्टा आ प्रतिबंधित कफ सिरपक संग गिरफ्तार केने अछि। पुलिसक अनुसार, बासोपट्टी थानाक गश्ती दल कें रातिक गश्तीक क्रम मे सूचना भेटल जे छतौनी वार्ड नंबर-13 निवासी राम सेवकयादव अपन लग अवैध हथियार राखने अछि। सूचना सं वरीय पदाधिकारी कें अवगत करबैत हुनकर निर्देश पर गश्ती दल राम सेवक यादवक घर पहुंचल। स्थानीय चौकीदारक माध्यम सं पहचान कएलाकबाद घरक विधिवत घेराबंदी कए छापामारी कएल गेल। छापामारीक क्रम मे घरक भीतर सुतल राम सेवक यादव, पिता स्व. अक्षय लाल यादव कें गिरफ्तार कएल गेल। पुलिसक अनुसार, ओकर बिछौनाक नीचां



सं एकटा अवैध देशी कट्टा बरामद भेल। ओतहि घरक एकटा कमरा मे राखल बक्साक भीतर झोरा सं 13बोतल प्रतिबंधित कफ सिरप सेहो बरामद कएल गेल। पुलिस द्वारा गिरफ्तार व्यक्ति सं बरामद देशीकट्टाक अनुज्ञप्ति आ प्रतिबंधित पदार्थ संबंधी कागजात प्रस्तुत करबाक लेल कहल गेल, मुदा ओ कोनो कागजात नहि देखौलक। पुलिसक अनुसार, पूछताछ मे उक्त व्यक्ति कथित रूप सं कहल जे ओ कट्टानेपाल सं आनने अछि आ गामक लोक सभ कें भय देखेबाक लेल अपन लग राखैत छल। पुलिस बरामददेशी कट्टा आ कफ सिरप कें विधिवत जप्ति सूची तैयार कए जप्त कए लेलक। एहि मामिला मेबासोपट्टी थाना कांड संख्या 318/26, दिनांक 18 सितंबर 2026 दर्ज कएल गेल अछि। पुलिसक अनुसार, अभियुक्तक विरुद्ध आर्म्स एक्टक धारा 25 (1-बी)ए सहित अन्य सुसंगत धारा मे प्राथमिकी दर्ज कए विधि-सम्मत कारबाइ कएल जा रहल अछि।

# कबीर मठक महंथ साहेब सुशील बाबूक निधन सं एक युगक अंत : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

दरभंगा, समदिया

दरभंगा लोकसभा क्षेत्रक बहादुरपुर विधानसभा अंतर्गत बिउनी अंदामा स्थित कबीर मठक महंथ आ मिथिला क्षेत्रक चर्चित संत साहेब सुशील बाबूक निधन पर स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर गहींर दुःख व्यक्त केने छथि। ओ हुनकर निधन कें समाज लेल अपूरणीयक्षति बतबैत शोक संवेदना व्यक्त केलनि। सांसद डॉ. ठाकुर शनिदिन अंदामा स्थित हुनकर आश्रम पर पहुंचि पार्थिव शरीर पर माल्यार्पण कए श्रद्धांजलि अर्पित केलनि। एहि अवसर पर ओ कहलनि जे साहेब सुशील बाबू मिथिला क्षेत्रक प्रसिद्ध संत छलाह। हुनकर निधन सं पूरा संत समाज मर्माहत अछि। दुःख एहि घड़ी मे ओ कबीर मठ सं जुड़ल



सभ अनुयायी संग छथि। डॉ. ठाकुर कहलनि जे साहेब सुशील बाबूक निधन सं एक युगक अंत भेल अछि। हुनकर योगदान कें स्मरण करैत सांसद अनुयायी सभक संग अपन दुःख साझा केलनि। ओ आश्रमक विकास लेल हरसंभव प्रयास करबाक आश्वासन सेहो देलनि। श्रद्धांजलि देबाक लेल लोजपा जिलाध्यक्ष देवेंद्र झा, भाजपा स्थानीय मंडल अध्यक्ष सुशील सिंह, नीरज पासवान, शुभम कुमार सहित कबीर मठक हजारो अनुयायी उपस्थित छलाह।

# राष्ट्रीय अर्थव्यवस्था मे कृषिक महत्वपूर्ण योगदान : डॉ. संत कुमार चौधरी

बेनीपट्टी, समदिया

एसके चौधरी शिक्षा न्यास द्वारा बेनीपट्टी प्रखंडक चानपुरा बसैठ मे संचालित कृषि विज्ञान केंद्रक सभागार मे शनिदिन 15 दिवसीय पोषक तत्व प्रबंधन प्रशिक्षण कार्यक्रमक समापन आ प्रमाण-पत्र वितरण समारोह आयोजित भेल। कार्यक्रमक उद्घाटन संस्थानक अध्यक्ष डॉ. संत कुमार चौधरी, ललन पांडेय, मो. वसील, वरीय वैज्ञानिक मंगलानंद झा, प्रमोद झा सहित अन्य अतिथि संयुक्त रूप सं दीप प्रज्वलित कए केलनि। एहि अवसर पर अतिथि सभ कें पाग आ दोपट्टा सं सम्मानित सेहो कएल गेल। कार्यक्रम मे पूर्वक बैच मे प्रशिक्षण प्राप्त कए चुकल 35 प्रशिक्षणार्थीक बीच प्रमाण-पत्र वितरित कएल



गेल। संगहि नव बैचक प्र क्षिणक शुभारंभ सेहो भेल। मौका पर अध्यक्ष डॉ. संत कुमार चौधरी कहलनि जे भारत कृषि प्रधान देश अछि आ राष्ट्रीय अर्थव्यवस्था मे कृषिक महत्वपूर्ण योगदान अछि। कृषिक विकास सं एक दिस किसान सभक खुशहाली बढ़त, तं दोसर दिस देशक अर्थव्यवस्था सेहो मजबूत होयत आ सकल घरेलू उत्पाद (जीडीपी) मे वृद्धि होएत। ओ कहलनि जे एसके चौधरी शिक्षा न्यास कृषि, शिक्षा आ चिकित्सा क्षेत्र मे जिला, राज्य आ देशक विभिन्न भागक संगहि विदेश मे सेहो विभिन्न शैक्षणिक संस्थानक माध्यम सं अपन क्षमता आ दक्षताक प्रदर्शन कए रहल अछि। किसान आ बेरोजगार युवकक विकास लेल समय-समय पर विभिन्न कार्यक्रम आयोजित कएल जाइत अछि। कृषि क्षेत्र मे रोजगार आविकासक अपार संभावना अछि। वरीय वैज्ञानिक मंगलानंद झा कहलनि जे प्रशिक्षणक दौरान प्रशिक्षणार्थी सभ कें माटिक प्रकार आ संरचना, माटि मे उपलब्ध खनिज तत्व, अम्लीय आ क्षारीय माटि तथा ओकर सुधार, माटिक जांच लेलवैज्ञानिक विधि सं नमूना लेबाक तरीका, बीयक प्रकार आ बीज उत्पादनक विधि, हरियर खाद, वर्मी कंपोस्ट उत्पादन, जैविक खाद, विभिन्न रासायनिक उर्वरक आ ओहि मे उपलब्ध तत्वक जानकारी देल गेल। एहि संग विभिन्न फसलक उत्पादन विधि, फसलक लेल आवश्यक खाद आ उर्वरक तथा खाद आ उर्वरक अधिनियमक संबंध मे सेहो विस्तार सं जानकारी देल गेल। वैज्ञानिक प्रमोद कुमार झा कहलनि जे ई प्रशिक्षण बहुत आवश्यक अछि। प्रशिक्षण आ प्रमाण-पत्र प्राप्त कएला बादे प्रशिक्षणार्थी उर्वरकक लाइसेंस लेल आवेदन कए सकताह। पूर्व सं अनुज्ञप्ति प्राप्त व्यक्ति प्रशिक्षण पूरा कए अपन अनुज्ञप्तिक नवीकरणसेहो करा सकताह। कार्यक्रम मे ईश्वर चंद्र झा, राकेश सिंह यादव, अरबिंद कुमार महतो, परमानंद चौधरी, डॉ. देवेंद्र कुशवाहा सहित अन्य लोक उपस्थित छलाह।

# राष्ट्रीय रिकॉर्ड तोड़ि शम्स आलम बढ़ौलनि बिस्फीक मान

## राजद सांसद डॉ. फैयाज अहमद आ विधायक आसिफ अहमद देलनि बधाई

मधुबनी, समदिया

महान कवि कोकिल विद्यापतिक जन्मस्थली बिस्फी प्रखंडक राठौस गामक लाल आ अंतरराष्ट्रीय पैरातैराक शेख मोहम्मद शम्स आलम अपन शानदार प्रदर्शन सं एक बेर फेर मधुबनी आ बिहारक नामअंतरराष्ट्रीय पटल पर गौरवान्वित केलनि अछि। हुनकर 2026 एशियन पैरा गेम्स लेल चयन पर राज्यसभा सांसदक प्रतिनिधि विष्णुदेव सिंह यादव हर्ष व्यक्त करैत हुनका हार्दिक बधाई देलनि आउज्ज्वल भविष्यक शुभकामना व्यक्त केलनि। सांसद प्रतिनिधि विष्णुदेव सिंह यादव कहलनि जे शम्स आलमक उपलब्धि मात्र मधुबनी आ बिहार लेल नहि, बल्कि पूरा देश लेल गर्वक विषय अछि।



विपरीत परिस्थिति कें अपन कमजोरी नहि, बल्कि ताकतबनाकऽ जाहि तरहें ओ लगातार अंतरराष्ट्रीय स्तर पर सफलता हासिल केलनि अछि, से युवा आ दिव्यांगखेलाड़ी सभ लेल प्रेरणादायक अछि। ओ कहलनि जे 9 मई 2026 कें स्वीडनक फाल्केनबर्ग मे आयोजित पैरा स्विम ओपन इंटरनेशनल चैंपियनशिप मे शम्स आलम 100 मीटर ब्रेस्टस्ट्रोकक एसबी-4 श्रेणी मे 2 मिनट 17.80 सेकेंडक शानदार समय दर्ज करैत कांस्य पदक हासिल केलनि। एहि प्रदर्शनक संग ओ राष्ट्रीय रिकॉर्ड सेहो तोड़लनि आ अंतरराष्ट्रीय स्तर पर अपन मजबूत उपस्थिति दर्ज करौलनि। उपलब्धरिपोर्टक अनुसार एहि प्रदर्शनक बाद ओ इंटरनेशनल पैरालंपिक कमेटी (आईपीसी)क विश्व रैंकिंग मे चारिम स्थान धरि पहुंचलनि। राजद सांसद डॉ. फैयाज अहमद आ स्थानीय विधायक आसिफ अहमद सेहोशम्स आलम कें बधाई देत हुनकर उज्ज्वल भविष्यक कामना केलनि। दुनू नेताक अनुसार शम्स आलमकई उपलब्धि ऐतिहासिक अछि आ हुनकर सफलता नव पीढ़ीक खेलाड़ी सभ लेल प्रेरणाक स्रोत बनत।

# बिस्फी अंचल कार्यालय मे थाना दिवसक आयोजन



बिस्फी, समदिया

बिस्फी अंचल कार्यालयक सभागार मे शनिदिन थाना दिवसक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता राजस्व पदाधिकारी सविता कुमारी केलनि। आयोजित जनता दरबार मे जमीन विवाद, दाखिल- खारिज, परिमार्जन सहित विभिन्न प्रमाणपत्र सं संबंधित एक दर्जन सं बेसी मामिलाक सुनवाइ कएल गेल। जनता दरबार मे पहुंचल फरियादी सभक शिकायत कें राजस्व पदाधिकारी आ थाना अध्यक्ष गंभीरतापूर्वक सुनलनि। संबंधित मामिलाक निष्पादन लेल आवश्यक कारबाइ करैत कतेको आवेदनक तत्काल निष्पादन सेहो कएल गेल। एहि अवसर पर राजस्व पदाधिकारी कहलनि जे जनता दरबारक उद्देश्य लोकक समस्याक त्वरित, निष्पक्ष आ शांतिपूर्ण समाधान करब अछि। ओ लोक सभ सं कानून-व्यवस्था कायम रखबाक आ कोनो विवादक स्थिति मे प्रशासनक पूर्ण सहयोग लेबाक अपील केलनि। जनता दरबार मे प्राप्त सभ मामिलाक शीघ्र निष्पादनक भरोसा सेहो देल गेल। एहि अवसर पर थाना अध्यक्ष अविनाश कुमार, पतौना थाना अध्यक्ष अनुराग कुमार सहित कतेको कर्मी उपस्थित छलाह।

# नवम पोषण माहक अंतर्गत महिला कें कएल गेल जागरूक

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंडक नाहस रुपौली दक्षिणी पंचायत स्थित आंगनबाड़ी केंद्र संख्या 193क परिसर मे नवम पोषण माहक कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता सेक्टर-4क महिला पर्यवेक्षक संजना कुमारी केलनि, जखन कि उद्घाटन सीडीपीओ अहमद रजा खां दीप प्रज्वलित कए केलनि। कार्यक्रम मे सेविका, सहायिका, गर्भवती महिला सहित पोषक क्षेत्रक महिला सभ भाग लेलनि। पोषण माहक अवसर पर गोद भराइ आ अन्नप्राशन कार्यक्रम सेहो आयोजित कएल गेल। एहि संग रंगोली, प्रभात फेरी, नुक्कड़ नाटक आ गीत-संगीतक माध्यम सं लाभार्थी सभ कें पोषणक महत्वक संबंध मे जागरूक कएल गेल। विभिन्न प्रकारक सब्जीक स्टॉल सेहो लगाओल गेल। कार्यक्रम कें संबोधित करैत



सीडीपीओ अहमद रजा खां कहलनि जे पोषण माहक अंतर्गत 6 अक्टूबर धरि सभ आंगनबाड़ी केंद्र पर अलग-अलग कार्यक्रमआ गतिविधि आयोजित कए लोक कें कुपोषण दूर करबाक लेल जागरूक कएल जा रहल अछि। ओकहलनि जे स्वस्थ समाजक निर्माण लेल पोषण आ स्वच्छताक प्रति जागरूकता आवश्यक अछि। महिलापर्यवेक्षक संजना कुमारी कहलनि जे पोषण अभियानक माध्यम सं पोषक क्षेत्रक गर्भवती महिला, धात्रीमाता, अति कुपोषित बच्चा आ अन्य लाभार्थी सभ कें रंगोली, प्रभात फेरी आ नुक्कड़ नाटकक माध्यम संपोषण संबंधी जानकारी देल गेल। एहि दौरान महिला कें साफ-सफाई, संतुलित आ पोषणयुक्त भोजन तथास्वस्थ जीवनशैलीक संबंध मे विस्तार सं जानकारी देल गेल। कार्यक्रम मे दीया, नेहा, संगीता, आराधना, मनीता, कृष्णा, प्रियंका, कविता, लक्ष्मी सहित पोषक क्षेत्रक महिला आ आंगनबाड़ी कर्मी उपस्थित छलथि।

## टीन आ चदराक छत नीचां पढ़ैत 150 सं बेसी बच्चा असुरक्षित

# शिक्षा व्यवस्थाक एहन दशा... 45 बरख सं भवनविहीन प्राथमिक विद्यालय

मधेपुर, समदिया

मधुबनी जिलाक मधेपुर प्रखंडक भेजा पंचायतक वार्ड-2 स्थित ललवाराहीक प्राथमिक विद्यालय ललवा टोल करीब 45 बरख सं भवनक अभाव मे चलि रहल अछि। विद्यालय मे 150 सं अधिक बच्चा टीन- चदराक अस्थायी घर मे पढ़बाक लेल मजबूर छथि। ग्रामीण सभ चंदा कए पिलर आ चदराक सहारा सं अस्थायी भवन तैयार केने छथि। जानकारीक अनुसार, प्राथमिक विद्यालय ललवा टोलक स्थापना 1980क दशक मे भेल छल। विद्यालयक पहिल शिक्षकक रूप मे राजेश्वर मंडलक नियुक्ति भेल छल। बरख 1985-86 मे विद्यालय लेल दू कोठलीक पक्का भवन बनल छल, मुदा 1987 मे आएल भीषण बाढ़ि मेभवन ध्वस्त भए गेल। बरख 2004 सं 2010क बीच सर्व शिक्षा अभियानक अंतर्गत



विद्यालयक नव भवन निर्माण लेल राशि उपलब्ध कराओल गेल छल। प्रभारी प्रधानाध्यापक कमल राम आ शिक्षा समितिद्वारा भवन निर्माणक काज कुर्सी अर्थात प्लिंथ लेवल धरि कराओल गेल, मुदा तकर बाद निर्माण काजबंद भए गेल। ग्रामीणक कहब अछि जे करीब 15 बरख बीतलाक बादो भवन निर्माणक काज फेर शुरू नहि भेल अछि। वर्तमान मे विद्यालयक 150 सं अधिक बच्चा अस्थायी टीन-चदराक घर मे पढ़ैत छथि।किछु मास पहिने धरि विद्यालय मे चारि शिक्षक छलाह, मुदा दू शिक्षकक स्थानांतरणक बाद एखन मात्र दू शिक्षक कार्यरत छथि। एकरा कारणें बच्चा सभक पढ़ाइ सेहो प्रभावित भए रहल अछि।बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियन विद्यालयक स्थिति पर चिंता व्यक्त करैत भवन निर्माण शीघ्र पूरा करबाक मांग केने अछि। यूनियनक आरोप अछि जे एक दिस सरकारी स्तर पर विभिन्न आयोजन पर पैघ राशि खर्च कएल जा रहल अछि, जखन कि 45 बरख सं संचालित ई विद्यालय भवनक अभाव मे चलि रहल अछि। यूनियन एकरा सरकार आ शिक्षा विभागक लापरवाही बतौने अछि। यूनियन मांग केने अछि जे ललवा टोल प्राथमिक विद्यालयक भवन निर्माणक काज अविलंब पूरा कराओल जाए,बरख 1987 सं लंबित भवन निर्माणक मामिलाक जांच कए दोषी लोकक विरुद्ध कारबाइ कएल जाए आ विद्यालय मे शिक्षकक रिक्त पद कें तत्काल भरल जाए।

# डीबी कॉलेज मे डॉ. शैलेशक पुस्तक नारी सशक्तिकरणक लोकार्पण

जयनगर, समदिया

डीबी कॉलेज, जयनगरक वाणिज्य विभागाध्यक्ष डॉ. शैलेश कुमार सिंहक पुस्तक नारी सशक्तिकरण : समग्र विकास दिस बढ़ैत डेगक लोकार्पण महाविद्यालयक प्रधानाचार्य डॉ. अयाज अहमद केलनि।पुस्तकक लोकार्पण अवसर पर महाविद्यालयक शिक्षक आ शिक्षाविद् सभ डॉ. शैलेश कुमार सिंह कें बधाइ आ शुभकामना देलनि। लोकार्पण समारोह कें संबोधित करैत प्रधानाचार्य डॉ. अयाज अहमद कहलनि जे नारी सशक्तिकरण वर्तमान समयक महत्वपूर्ण सामाजिक आ शैक्षणिक आवश्यकता अछि। महिलाक शिक्षा, आर्थिक आत्मनिर्भरता, सामाजिक सहभागिता आ निर्णय प्रक्रिया मे समान भागीदारी सुनिश्चित केने बिना समाज आ राष्ट्रक समग्र विकासक परिकल्पना अधूरा अछि। ओ कहलनि जे डॉ. शैलेश कुमार सिंह द्वारा नारी सशक्तिकरण



जेकां महत्वपूर्ण विषय पर पुस्तक लिखब अकादमिक जगतक संगहि सामाजिक विमर्शक दृष्टि सं सेहो सराहनीय प्रयास अछि। उच्च शिक्षाक क्षेत्र मे पुस्तक लेखन मात्र ज्ञानक प्रसारकमाध्यम नहि, बल्कि समाजक ज्वलंत मुद्दा पर सार्थक विमर्श विकसित करबाक महत्वपूर्ण माध्यम सेहो अछि। प्रधानाचार्य पुस्तकक सफलता आ व्यापक पाठकीय पहुंच लेल शुभकामना दैत डॉ. सिंह कें बधाईदेलनि। पुस्तकक संपादक डॉ. शैलेश कुमार सिंह कहलनि जे नारी सशक्तिकरण कें मात्र महिला अधिकारक संदर्भ मे नहि, बल्कि शिक्षा, रोजगार, आर्थिक स्वावलंबन, सामाजिक सम्मान, समान अवसर आ नेतृत्व मे भागीदारीक संग जोड़ि कए बुझबाक आवश्यकता अछि। पुस्तकक माध्यम सं एहि व्यापक दृष्टिकोण कें अकादमिक विमर्शक रूप मे प्रस्तुत करबाक प्रयास कएल गेल अछि। ओ पुस्तकक लोकार्पण लेलप्रधानाचार्य आ उपस्थित सभ शिक्षकक प्रति आभार व्यक्त केलनि। संगहि पुस्तकक प्रकाशन मे सहयोगलेल सह-संपादक कोशी कॉलेज, खगड़ियाक युवा शिक्षाविद् डॉ. प्रियंका सिंह आ श्री वेंकटेश्वर विश्वविद्यालयक युवा शिक्षाविद् डॉ. जमील हसन अंसारीक प्रति सेहो आभार प्रकट केलनि। कार्यक्रम मे डॉ. रंजना, डॉ. अखिलेश श्रीवास्तव, डॉ. भोलानाथ ठाकुर, डॉ. मसरूर सोगरा सहित महाविद्यालयक शिक्षक,शिक्षाकर्मी आ अन्य गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। उपस्थित लोक सभ डॉ. शैलेश कुमार सिंह केंपुस्तकक प्रकाशन पर शुभकामना दैत कहलनि जे नारी सशक्तिकरण जेकां महत्वपूर्ण विषय पर लिखल गेल ई पुस्तक विद्यार्थी, शोधार्थी आ समाज लेल उपयोगी सिद्ध भए सकैत अछि।

# सहरसा मे चावल मिलक ऑनलाइन निबंधन 15 अक्टूबर धरि

## मिल सभक भौतिक सत्यापनक रिपोर्ट 22 अक्टूबर धरि पोर्टल पर करय पड़त अपलोड

**सहरसा, समदिया**

खरीफ विपणन मौसिम 2026-27क अंतर्गत धान अधिप्राप्ति आ चावल मिलिंगक तैयारी शुरू कएल गेल अछि। विकेंद्रीकृत अधिप्राप्ति व्यवस्थाक अंतर्गत जिला मे संचालित चावल मिल आ इच्छुक मिलर सभक ऑनलाइन निबंधन कराओल जा रहल अछि। बिहार राज्य खाद्य एवं असैनिक आपूर्ति निगमक निर्देशानुसार चावल मिलर सभक ऑनलाइन निबंधन 16 अगस्त सं शुरू भेल अछि, जकर आखरी तिथि 15 अक्टूबर 2026 निर्धारित कएल गेल अछि। निबंधनक बाद मिल सभक संयुक्त रूप सं भौतिक सत्यापन कएल जाएत। सत्यापनक आधार पर मिलर सभक वास्तविक मिलिंग क्षमता सं संबंधित स्पष्टप्रतिवेदन 22 अक्टूबर धरि ई-सहकारी डॉट



बिहार डॉट जीओभी डॉट इन पोर्टल पर अपलोड करब अनिवार्यकएल गेल अछि। निबंधनक बाद जिला प्रबंधक सिद्धार्थ सलिल, अधिप्राप्ति कार्य लेल मनोनीत वरीय उप समाहर्ता श्रीमती सुनैना आ जिला सहकारिता पदाधिकारी जय प्रकाश सिंह द्वारा संयुक्त रूप सं मिल सभक सत्यापन कएल जाएत। निर्देशानुसार मात्र ओही मिल कें मिलिंग कार्य मे शामिल कएल जाएत, जाहि ठाम वैध विद्युत कनेक्शन होयत आ मिलिंग कार्य विद्युत शक्तिक आधार पर होयत। निबंधनकसमय मिल मालिक कें विद्युत कनेक्शनक कंज्यूमर आइडी उपलब्ध कराबय पड़त। मिलक निबंधन ओही स्थान पर कएल जाएत, जतय ओ भौगोलिक रूप सं स्थित अछि। निजी मिलक संग पैक्स आ व्यापार मंडल द्वारा संचालित सहकारी मिलक सेहो निबंधन कएल जाएत। भौतिक सत्यापनक दौरान प्रदूषण नियंत्रण विभागक एनओसी, मिल निबंधन प्रमाणपत्र, मेमोरेंडम ऑफ एसोसिएशन अथवा बायलॉज, बिजलीकवर्तमान बिल, जीएसटी प्रमाणपत्र, अक्षांश-देशांतर सहित मिलक फोटो, पछिला दू वर्षक आयकर रिटर्न, बॉयलर लाइसेंस, एफएसएसएआई लाइसेंस सहित अन्य आवश्यक दस्तावेजक जांच कएल जाएत। ओतहि, चावल रीसाइक्लिंग अथवा गैर-गुणवत्तापूर्ण चावल आपूर्ति मे संलिप्त भेटल मिलर सभक निबंधन आ एकरारनामा नहि कएल जाएत। जिला टास्क फोर्सक स्वीकृतिक बाद योग्य मिल सभ कें खरीद केंद्र संटैग कए एकरारनामाक प्रक्रिया पूरा कएल जाएत। जिला प्रबंधक सिद्धार्थ सलिल कहलनि जे राइस मिल सभक निबंधन शुरू भए गेल अछि आ 15अक्टूबर धरि निबंधनक काज चलत। तकर बाद निबंधित मिल सभक भौतिक सत्यापन कएल जाएत। ओ कहलनि जे पछिला बरख 7 उसना आ 1 राइस मिलक निबंधन भेल छल। निबंधन मे कोनो तरहक समस्या होय पर मिल मालिक कार्यालयक आइटी मैनेजर सं संपर्क कए निबंधन करा सकैत छथि।

# प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश केलनि बेनीपट्टी जेल आ कोर्टक निरीक्षण

**बेनीपट्टी, समदिया**

प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश पवन कुमार पांडेय शनिदिन बेनीपट्टी उपकारा आ सिविल कोर्टक निरीक्षण केलनि। निरीक्षणक दौरान ओ जेलक व्यवस्था सभक बारीकी सं जायजा लैत संबंधित अधिकारीसभ कें आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। सर्वप्रथम प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश बेनीपट्टी उपकाराकनिरीक्षण केलनि। ओ लीगल एड सेल, स्वास्थ्य सेवा काउंटर, दवा काउंटर, महिला कैदी वार्ड, पुरुष वार्ड, रसोईघर सहित अन्य व्यवस्था सभक बारी-बारी सं जायजा लेलनि। महिला वार्डक निरीक्षणक दौरान बच्चा सभ कें देखि ओ हुनका सभ कें चॉकलेट आ बिस्कुट सेहो देलनि। तकर बाद ओ पुरुष वार्ड मे पहुंचि बंदी सभ सं सीधा बातचीत केलनि। एहि दौरान बंदी सभ कें उपलब्ध कराओल जा रहल विधिक सहायता आअन्य सुविधा सभक संबंध मे जानकारी लेलनि। ओ जेल प्रशासन कें आवश्यक दिशा-निर्देश सेहो



देलनि। निरीक्षणक दौरान प्रधान जिला एवं सत्र न्यायाधीश उपकारा परिसर मे पौधारोपण सेहो केलनि। जेलनिरीक्षणक बाद ओ सिविल कोर्ट पहुंचलाह। ओतय न्यायालयक विभिन्न भागक निरीक्षण करैत न्यायिक पदाधिकारी आ कर्मी सभ सं व्यवस्था संबंधी जानकारी लेलनि आ आवश्यक निर्देश देलनि। तकर बादन्यायिक पदाधिकारी सभक आवास परिसर मे ट्रेडमिल आ अन्य गतिविधि सुविधाक उद्घाटन केलनि। ओन्यायिक पदाधिकारी आ कर्मी सभ लेल नीक सुविधा आ स्वस्थ वातावरणक आवश्यकता पर सेहो जोर देलनि। एहि अवसर पर एसीजेएम बृजनाथ, एसडीजेएम मनीष राय, प्रथम श्रेणीक न्यायिक दंडाधिकारी श्रेया, मधुबनी कोर्टक प्रबंधक सरफराज आलम, बेनीपट्टी कोर्टक प्रभारी प्रशासन आशुतोष ठाकुर, लोक अदालतक मो. सलमान सहित अन्य न्यायिक पदाधिकारी आ कर्मी उपस्थित छलाह।

# मखानक विकास लेल जिला मखान विकास समितिक पहिल बैसार

**सहरसा, समदिया**

आइटीसी मिशन सुनहरा कल मखान विकास कार्यक्रमक अंतर्गत आइटीसी द्वारा वित्त पोषित आ कौशल्या फाउंडेशन द्वारा क्रियान्वित जिला मखान विकास समिति (डीएमडीसी)क पहिल बैसार शनिदिन जिला कृषि सभागार, कृषि भवन मे आयोजित कएल गेल। बैसार मे संयुक्त निदेशक कृषि प्रवीण कुमार भागलैत समितिक पहल कें सकारात्मक सहयोग देलनि। ओ मखान क्षेत्रक समग्र विकास लेल विभिन्न विभाग, संस्था आ हितधारक सभक बीच नीक समन्वय पर जोर देलनि। बैसार मे जिला कृषि पदाधिकारी संजय कुमार, जिला उद्यान पदाधिकारी शैलेंद्र कुमार, नाबार्डक डीडीएम अभिषेक कुमार, एआरएसक प्रो.डीके महतो, डॉ. एसएम रहमान, मखान उद्योगक प्रतिनिधि शाहिद परवेज सहित



प्रमुख किसान प्रतिनिधि सभ भाग लेलनि। आइटीसीक दिस सं प्रोग्राम मैनेजर असगर अली आ प्रोग्राम एग्जीक्यूटिव शारिक हसन तथा कौशल्या फाउंडेशनक प्रोजेक्ट कोऑर्डिनेटर पीयूष पुष्कर, जिला समन्वयक प्रणव प्रिंस सहित अन्य सदस्य उपस्थित छलाह। बैठकक मुख्य उद्देश्य मखान उत्पादन आ उत्पादकता बढ़ेबाक, किसानक आय मे वृद्धि करबाक, वैज्ञानिक तकनीक कें बढ़ावा देबाक, तकनीकी आ वित्तीय सहयोग उपलब्ध करयबाक तथा प्रसंस्करण, मूल्य संवर्धन आ बाजार सं जुड़ाव कें मजबूत करब छल। बैसार मे उपस्थित हितधारक सभकिसानक समस्या आ आवश्यकता कें प्राथमिकता दैत सामूहिक कार्ययोजना तैयार करबाक सहमति जतौलनि। डीएमडीसीक माध्यम सं सरकारी विभाग, वित्तीय संस्था, तकनीकी विशेषज्ञ, उद्योग प्रतिनिधि आ किसान सभ कें एकटा साझा मंच उपलब्ध कराओल जाएत। बैसार मे अधिकारी आ हितधारक सभ एहि पहल के सराहना करैत मखान क्षेत्रक विकास लेल निरंतर सहयोग आ नीक समन्वय बनौने रखबाक प्रतिबद्धता व्यक्त केलनि।

# स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजनाक लेल जागरूकता सेमिनार

## डीआरसीसी टीम देलनि पात्रता, आवेदन प्रक्रिया आ शिक्षा ऋणक जानकारी

**सहरसा, समदिया**

राजकीय पॉलिटेक्निकक पुरान भवन स्थित सेमिनार हॉल मे जिला निबंधन एवं परामर्श केंद्र(डीआरसीसी)क तत्वावधान मे बिहार स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजना आ मुख्यमंत्री निश्चय स्वयं सहायता भत्ता योजना कें लए कए जागरूकता सेमिनार आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक उद्देश्य संस्थान मे पढ़ैत छात्र- छात्रा कें उच्च शिक्षाक लेल उपलब्ध वित्तीय सहायता, आवेदन प्रक्रिया आ योजना सभक विभिन्नप्रावधानक जानकारी देब छल। सेमिनार मे डीआरसीसी प्रबंधक संजय कुमार सुमन बिहार स्टूडेंट क्रेडिट कार्ड योजनाक पात्रता, आवेदन प्रक्रिया, आवश्यक दस्तावेज, शिक्षा ऋण,



ऋण चुकताक अवधि तथा योजना मे कएल गेल महत्वपूर्ण संशोधनक संबंध मे जानकारी देलनि। ओ विद्यार्थी सभ सं योजनाक लाभ लैतउच्च शिक्षा जारी रखबाक अपील केलनि। संस्थानक प्राचार्य प्रो. मिथुन कुमार कहलनि जे आर्थिक कारण सं कोनो विद्यार्थी उच्च शिक्षा सं वंचित नहि होअय चाही। ओ छात्र सभ सं योजना सभक सही जानकारी प्राप्त कए अधिक सं अधिक लाभ उठेबाक अपील केलनि। योजनाक नोडल पदाधिकारी प्रो. श्वेता शरण भारतीय कहलनि जे आवेदन आ अन्य प्रक्रिया मे संस्थानकदिस सं हरसंभव सहयोग देल जाएत। ओ समय पर आवेदन करबाक आ कोनो समस्या होय पर नोडलपदाधिकारी सं संपर्क करबाक बात कहलनि। कार्यक्रम मे डीआरसीसी टीमक कन्हैया कुमार आ शहनवाज सहित संस्थानक व्याख्याता, कर्मचारी आ छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह। एहि दौरान विद्यार्थी सभ योजना सं संबंधित विभिन्न सवाल पूछलनि, जकर टीम द्वारा स्पष्ट जवाब देल गेल।

# जेन जी आ हिंदी पर संगोष्ठी, प्राध्यापक सभ सम्मानित



**सहरसा, समदिया**

स्नातकोत्तर केंद्रक हिंदी विभाग मे चलि रहल हिंदी पखवाड़ाक अंतर्गत शुक्रदिन सम्मान समारोह-सह- संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। 'जेन जी आ हिंदी' विषय पर आयोजित संगोष्ठी मे छात्र-छात्रा सभहिंदीक बदलैत स्वरूप आ नव पीढ़ीक संग ओकर संबंध पर अपन विचार रखलनि। छात्र-छात्रा सभ कहलनि जे जेन जी मे हिंदीक प्रति लगाव कम नहि भेल अछि, बल्कि एहि पीढ़ी मे हिंदीक उपयोग बढ़ल अछि। हालांकि हिंदीक व्याकरणक शुद्धता पर अपेक्षाकृत कम ध्यान देल जाइत अछि तथा छोट-छोट शब्द आ वाक्यक संग अंग्रेजी शब्दक प्रयोग सेहो बढ़ल अछि। वरीय प्राध्यापक डॉ. सिद्धेश्वर कश्यप कहलनि जे हिंदी रोजगारक पैघ माध्यम बनि रहल अछि, जाहि कारण नव पीढ़ीक रुझान हिंदीक दिस बढ़ल अछि। डॉ. जैनेंद्र कुमार एकरा युवाक रचनात्मक शक्तिक रूप मे देखलनि। डॉ.अणिमा धैर्य आ सहनशीलताक सीख देलनि। विभागाध्यक्ष डॉ. लाला प्रवीण कुमार सिन्हा कहलनि जे सोशल मीडिया के प्रभाव सं हिंदीक स्वरूप मे बदलाव आएल अछि। कार्यक्रमक संचालन आनंद कुमारकेलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन सुरभि सिन्हा केलनि।

# पोषण माह पर सखी वार्ता सह पोषण जागरूकता सत्रक आयोजन

**सुपौल, समदिया**

पोषण माहक अवसर पर महिला एवं बाल विकास निगमक अंतर्गत संचालित जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वीमेन, सुपौल अंतर्गत बेटी बचाओ, बेटी पढ़ाओ योजनाक माध्यम सं बाल विकास परियोजना,सुपौलक प्रखंड सभागार मे सखी वार्ता-सह-पोषण जागरूकता सत्रक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमकउद्देश्य महिला आ बालिका कें पोषण, लैंगिक समानता, बाल विवाह रोकथाम, महिला सशक्तीकरण तथा सरकार द्वारा संचालित विभिन्न योजना आ सेवा सभक प्रति जागरूक करब छल। कार्यक्रम मे लैंगिकविशेषज्ञ श्रीमती




नीतू कुमारी लैंगिक भेदभाव, बाल विवाहक रोकथाम आ पोषण संबंधी जानकारी देलनि। ओ महिला आ बालिका कें संतुलित आ पौष्टिक भोजनक महत्वक जानकारी दैत परिवार आ समाज मे लैंगिक समानता कें बढ़ावा देबाक आवश्यकता पर प्रकाश देलनि। जिला मिशन समन्वयक श्री हरिनारायण कुमार जिला हब फॉर एंपावरमेंट ऑफ वीमेनक भूमिका तथा प्रधानमंत्री मातृ वंदना योजना सहित महिलाआ बालिकाक लेल संचालित विभिन्न सरकारी योजना आ सेवा सभक जानकारी देलनि। ओ पात्र लाभुककें योजना सभक लाभ लेबाक लेल आवश्यक प्रक्रिया आ संबंधित विभागीय सेवा सभक संबंध मे सेहोजानकारी साझा केलनि। जिला परियोजना प्रबंधक श्रीमती रूपम कुमारी महिला सं जुड़ल विभिन्न मुद्दा पर विस्तार सं चर्चा केलनि। ओ महिला अधिकार, महिला सशक्तीकरण, घरेलू आ सामाजिक स्तर पर महिला सभक समक्ष आबि रहल चुनौती तथा उपलब्ध सहायता आ सेवा सभक संबंध मे जानकारी देलनि। ओ महिला सभ कें अपन अधिकारक प्रति जागरूक रहबाक आ आवश्यकता पड़ला पर संबंधित विभाग तथा सहायता केंद्र सं सहयोग लेबाक लेल प्रेरित केलनि। ओतहि वन स्टॉप सेंटर, सुपौलक मनोसामाजिकपरामर्शी श्रीमती अर्चना कुमारी वन स्टॉप सेंटरक सेवा सभक जानकारी दैत कहलनि जे हिंसा सं प्रभावित महिला आ बालिका कें आवश्यकता अनुसार मनोसामाजिक परामर्श सहित विभिन्न प्रकारक सहायता आसहयोग उपलब्ध कराओल जाइत अछि। कार्यक्रम मे महिला पर्यवेक्षिका आ आंगनबाड़ी सेविका सभ प्रतिभागी रूप मे भाग लेलनि। उपस्थित प्रतिभागी सभक संग पोषण, बाल विवाहक रोकथाम, लैंगिक समानता, महिला अधिकार आ महिला सशक्तीकरण सं जुड़ल विषय पर संवाद कएल गेल। सखी वार्ताक माध्यम सं एहि जागरूकता कें समुदाय धरि पहुंचयबाक आवश्यकता पर सेहो जोर देल गेल।

# बाढ़िक बाद अज्ञात माछक सेवन सं बचबाक अपील

**सहरसा, समदिया**

नेपाल मे आएल बाढ़िक बाद बिहारक विभिन्न इलाका मे पहुंचल अज्ञात आ असामान्य प्रजातिक माछ कें लए कए मत्स्य विभाग लोक सभ सं सावधानी बरतबाक अपील केलक अछि। विभागक अनुसार बाढ़िक पानि संग आएल माछ गंदा नाला, मृत पशु तथा अन्य प्रदूषित स्थानक संपर्क मे रहलाक कारण जीवाणु, विषाणु आ फफूंद सं दूषित भए सकैत अछि। एहि तरहक माछक सेवन स्वास्थ्य लेल नुकसानदायक भए सकैत अछि। बताओल गेल अछि जे एहि समय बाजार मे विभिन्न प्रजातिक माछक बिक्री भए रहल अछि। ओतहि कोसी नदी मे स्थानीय मछुआरा सभ द्वारा माछ पकड़ि बाजार मे बेचबाक बात सेहो सामने आबि



रहल अछि। शहरक विभिन्न चौक-चौराहा पर सेहो माछक बिक्री कएल जा रहल अछि। एहि कारण आम लोक कें माछ खरीदैत समय विशेष सावधानी बरतेबाक जरूरत अछि। जिला मत्स्यपदाधिकारी जय प्रकाश सिंह कहलनि जे ग्रामीण क्षेत्र सं लए कए शहरी इलाका धरि लोक सभ स्थानीयस्तर पर उपलब्ध माछक प्रजाति सभक पहचान रखैत छथि। लोक सभ कें सलाह देल गेल अछि जे ओअपन क्षेत्रक जाहि स्थानीय माछक प्रजाति कें नीक जकां चिन्हैत छथि, ओहीक सेवन करथि आ अज्ञात अथवा असामान्य माछक खरीद-बिक्री सं बचथि। ओ कहलनि जे विभागीय सूचना भेटलाक बाद स्थानीय स्तर पर माछ बाजार सभक लगातार जांच-पड़ताल कएल जा रहल अछि। जांचक दौरान अन्य प्रजाति अथवा प्रतिबंधित माछ भेटला पर ओकरा जब्त कए नष्ट कएल जा रहल अछि। मत्स्य विभाग लोक सभसं अपील केलक अछि जे कोनो संदिग्ध माछ देखाइ पड़ला पर ओकर सूचना तत्काल संबंधित अधिकारीकें देथि आ बिना पहचानक माछक सेवन सं बचथि।

## तैयारी लेल डीएम केलनि समीक्षा, महोत्सव मे पहिल बेर विशेष फूड कार्टक व्यवस्था

# 19 सं 21 नवंबर धरि होयत श्री उग्रतारा सांस्कृतिक महोत्सव

**सहरसा, समदिया**

जिलाधिकारी दीपेश कुमारक अध्यक्षता मे शनिदिन जिला मे प्रस्तावित विभिन्न महोत्सवक तैयारी कें लए कए समीक्षा बैसार आयोजित कएल गेल। बैसार मे विशेष रूप सं श्री उग्रतारा सांस्कृतिक महोत्सव, महिषी- 2026क आयोजन पर विस्तार सं विचार-विमर्श कएल गेल। सर्वसम्मति सं महोत्सवक आयोजन 19, 20 आ 21 नवंबर कें करबाक निर्णय लेल गेल। जिलाधिकारी सह न्यास समितिक अध्यक्ष दीपेश कुमारविभिन्न समितिक काजक समीक्षा करैत महोत्सव कें बेसी व्यापक आ जनभागीदारी बला बनेबाक निर्देश देलनि। ओ ग्रामीण क्षेत्रक बुद्धिजीवी सभ कें सेहो महोत्सव सं जोड़बाक, पुस्तक मेला आयोजित करबाक तथा स्मारिका कें गुणवत्तापूर्ण आ मौलिक बनेबाक लेल आवश्यक निर्देश देलनि। बैसार मे सेमिनार आ वाद-विवाद समितिक संयोजकक रूप मे नगर आयुक्त प्रभात कुमार झा कें जिम्मेदारी देबाक प्रस्ताव पर सेहो चर्चा भेल। जिलाधिकारी कहलनि जे महोत्सवक तैयारी समयबद्ध रूप सं पूरा कएल जाय, जाहि सं आयोजन कें नीक स्वरूप देल



जा सकय। महोत्सवक तिथि निर्धारण पर सेहो बैसार मे विस्तार सं चर्चा भेल। बाढ़ि सहित अन्य संभावित परिस्थिति कें ध्यान मे रखैत छठि पूजाक बाद महोत्सव करबाक निर्णय लेल गेल। तकर बाद सर्वसम्मति सं 19 सं 21 नवंबर धरि तीन दिवसीय महोत्सव आयोजित करबाक घोषणा कएल गेल। एहि बेर श्री उग्रतारा सांस्कृतिक महोत्सव मे पहिल बेर विशेष फूड कार्टक व्यवस्था कएल जा रहल अछि। एहि फूड कार्ट मे मिथिलाक पारंपरिक भोजन आ व्यंजनक संग अन्य प्रसिद्धव्यंजन आ खाद्य पदार्थ सेहो उपलब्ध रहत। एहि सं महोत्सव मे आबयवाला लोक कें स्थानीय खान-पानक संग विभिन्न प्रकारक व्यंजनक स्वाद लेबाक अवसर भेटत। बैसार मे डीडीसी गौरव कुमार, एडीएमनिशांत कुमार, डीईओ, सदर एसडीओ श्रीयांश तिवारी, डीटीओ सुजीत बरनवाल, नगर आयुक्त प्रभात कुमारझा, कला एवं संस्कृति पदाधिकारी स्नेहा झा, सचिव केशव चौधरी, प्रो. अक्षय कुमार चौधरी, अमित आनंद सहित अन्य अधिकारी आ सदस्य उपस्थित छलाह।

# एसीएमओक नेतृत्व मे चारि सदस्यीय टीम केलनि अनुमंडलीय अस्पतालक जांच

**बेनीपट्टी, समदिया**

## नेत्र रोगी कें देखबाक लेल बनल कक्ष भेटल बंद

अपर मुख्य चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. शंभूनाथ झाक नेतृत्व मे स्वास्थ्य विभागक चारि सदस्यीय टीम शनिदिन बेनीपट्टी पहुंचि नुमंडलीय अस्पतालक जांच केलनि। जांचक दौरान अस्पताल मे कतेको खामी भेटल। टीम दवा काउंटर, ओपीडी, सामान्य वार्ड, इमरजेंसी वार्ड आ अस्पतालक साफ-सफाईक जांच केलनि।टीम अस्पतालक दवा काउंटर पर पहुंचि ओतय तैनात कर्मी सभ सं उपलब्ध दवा संबंधी जानकारीलेलनि। एहि दौरान बताओल गेल जे करीब एक सप्ताह सं अस्पताल मे डॉग बाइटक दवा उपलब्ध नहि अछि। तकर बाद टीम वार्ड सभक बारी-बारी सं जायजा लेलनि। एहि दौरान



आंखिक समस्या सं पीड़ित रोगी सभ कें देखबाक लेल बनाओल गेल चारि नंबर कक्ष बंद भेटल। नेत्र चिकित्सक आ कर्मी सेहोअनुपस्थित भेटलाह। एहि कारण बंद कक्षक फोटोग्राफी कराओल गेल। जांच टीम पैथोलैबक सेहो निरीक्षण केलनि। इमरजेंसी वार्डक जायजा लेबाक दौरान एसीएमओ ड्यूटी पर तैनात नर्स सभ सं दवा संबंधी जानकारी लेलनि। बताबी जे संजीव मिश्र सिविल सर्जन कें पत्र पठाकऽ अस्पताल मे उपाधीक्षकक नियमित रूप सं नहि रहबाक, रोस्टरक अनुसार तैनात चिकित्सक आ कर्मी सभक लगातार अनुपस्थित रहबाक आ अल्ट्रासाउंड लेल नीक विशेषज्ञ चिकित्सकक पदस्थापन नहि भेलाक शिकायत केने छलाह। जांचक बादएसीएमओ डॉ. शंभूनाथ झा कहलनि जे 1 सितंबर सं नवंबर धरि स्वास्थ्य विभागक दिस सं अभियान चलाओल जा रहल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत विभिन्न प्रकारक रोगी सभक स्वास्थ्य जांच कए इलाज कएल जाएत। ओ कहलनि जे फिलहाल प्राप्त शिकायतक आधार पर अस्पतालक जांच कएल गेलअछि। एहि अवसर पर अस्पतालक डीएस डॉ. अवधेश कुमार, डॉ. जीएम ठाकुर, लिपिक सत्यनारायण शर्मा, लक्ष्मीकांत झा, स्वास्थ्य प्रबंधक प्रभात रंजन मिश्र सहित अन्य कर्मी उपस्थित छलाह।

# हिमालय सं हिंद महासागर धरि तेज भेल भारतक सक्रियता

नीरज कुमार

ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक तुरंत बाद भारत जाहि गति सं अपन पड़ोसी देश सभक संग उच्चस्तरीय संपर्क बढ़ौलक अछि, ताहि सं भारतीय विदेश नीतिक अगिला चरणक रूपरेखा बहुत हद धरि स्पष्ट भए गेल अछि। 12-13 सितंबरक नव दिल्ली मे ब्रिक्स शिखर सम्मेलनक मेजबानीक बाद भारत हिमालयी पड़ोस आ हिंद महासागर क्षेत्र मे अपन सक्रियता तेज कए देने अछि। भूटान मे विदेश मंत्री एस. जयशंकरक यात्रा एकर टटका उदाहरण अछि। 16 सं 18 सितंबर धरि भेल यात्रा मे जयशंकर भूटानक प्रधानमंत्री शेरिंग टोबगे आ विदेश मंत्री डी.एन. ढुंगयेलक संग विकास, ऊर्जा, व्यापार, संपर्क, संस्कृति आ दुनू देशक लोकक बीच संबंध पर विस्तार सं विचार-विमर्श केलनि। एहि दौरान भारत तीन महत्वपूर्ण परियोजना कें आगू बढ़बैत संकेत देलक जे भूटानक संग संबंध मात्र पारंपरिक मित्रता धरि सीमित नहि, बल्कि धरातल पर देखाइ पड़यवला विकास आ सामरिक सहयोग पर आधारित अछि। जयशंकर भूटानक प्रधानमंत्री शेरिंग टोबगें कें 54 मेड इन इंडिया विद्युत वाहन सेहो सुपुर्द केलनि। हुनकर कहब छलनि जे भारत भूटानक ई-मोबिलिटी आ टिकाऊ परिवहन व्यवस्था दिस बढ़ैत प्रगति मे सहयोग कए रहल अछि। गासा मे 500 किलोवाट क्षमताक लुनाना जलविद्युत परियोजनाक आधारशिला राखल गेल। एकर उद्देश्य भूटानक ओहि बस्ती सभ धरि बिजली पहुंचेनाय अछि, जे एखन धरि विद्युतीकरण सं वंचित अछि। मोंगार मे 65 शय्या बला ग्यालत्सुएन जेत्सुन पेमा मातृ एवं शिशु अस्पतालक उद्घाटन भेल, जखन कि समद्रुप जोंगखार मे 80 मीटर लंबा जगनाथन पुलक लोकार्पण कएल गेल। ऊर्जा, स्वास्थ्य आ सड़क संपर्क–तीनू क्षेत्र मे एक संग आगू बढ़ाओल गेल ई काज भारत-भूटान साझेदारीक व्यापकता देखबैत अछि। भूटानक बूमथांग मे जयशंकरक यात्राक मानवीय पक्ष सेहो देखबा लेल भेटल।

स्थानीय किसान सभ लेल शुद्ध नस्लक 43 जर्सी गाय सुपुर्द करैत ओ कहलनि जे एहि सं भूटानक डेयरी कार्यक्रम कें मजबूती भेटत, दूध उत्पादन बढ़त आ किसानक आमदनी मे लाभ होयत। ओ वांगदुएछोलिंग महल आ संग्रहालयक भ्रमण केलनि आ कुर्जे ल्हाखांग मे प्रार्थना सेहो केलनि। एहि सं संकेत भेटैत अछि जे भारतक भूटान संपर्क सरकारी समझौता धरि सीमित नहि, बल्कि कृषि, संस्कृति आ जनसंपर्क धरि विस्तृत अछि। जयशंकरक यात्रा कें विदेश सचिव विक्रम मिसरीक हालक भूटान यात्रा सं अलग कए कए नहि देखल जा सकैत अछि। 30-31 जुलाई कें मिसरी भूटानक विदेश सचिव पेमा लेक्तुप दोर्जीक संग 13म पंचवर्षीय योजनाक लेल पांचम भारत-भूटान विकास सहयोग वार्ताक सह-अध्यक्षता केने छलाह। एहि दौरान विकास साझेदारी, ऊर्जा, व्यापार, निवेश, संपर्क आ क्षेत्रीय मुद्दा पर चर्चा भेल छल।



भूटानक 2024-29क पंचवर्षीय योजनाक लेल भारतक 10,000 करोड़क सहयोगक प्रगतिक सेहो समीक्षा भेल छल। अर्थात जुलाई मे विदेश सचिव स्तर पर जे रूपरेखा बनल छल, सितंबर मे विदेश मंत्री स्तर पर ओकर राजनीतिक आ व्यावहारिक पक्ष कें आगू बढ़ाओल जा रहल अछि। एकरा भारतक भूटान नीति मे निरंतरता आ संस्थागत गहराइक संकेतक रूप मे देखल जा सकैत अछि। एहि बीच नेपालक वित्त मंत्री स्वर्णिम वाग्ले 17 सितंबर कें नई दिल्ली पहुंचलाह। हुनकर यात्राक मुख्य केंद्र हालक विनाशकारी बाढ़िक बाद नेपालक पुनर्निर्माण, आर्थिक सहयोग आ ऊर्जा संबंधी आवश्यकता अछि। ओ भारतीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण, विदेश मंत्री जयशंकर सहित अन्य अधिकारी सभ सं भेंट करबाक अछि। भारत संकट घड़ी मे नेपाल कें बिजली उपलब्ध करयबाक दिशा मे सेहो कदम उठौलक अछि। भारत दिसंबरक अंत धरि नेपाल कें प्रतिदिन 18 घंटा लेल 654 मेगावाट धरि बिजली निर्यातक अनुमति देने अछि। बाढ़ि सं नेपालक जलविद्युत परियोजना आ आधारभूत ढांचा कें भारी क्षति पहुंचल अछि। दक्षिण दिस सेहो भारत समानांतर संदेश देलक अछि। 8 सं 10 सितंबरक बीच रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह श्रीलंकाक यात्रा केलनि। लगभग 38 वर्ष बाद कोनो भारतीय रक्षा मंत्रीक श्रीलंका यात्रा भेल।

दुनू देश रक्षा, समुद्री सुरक्षा आ क्षेत्रीय स्थिरताक क्षेत्र मे सहयोग बढ़ेबाक दिशा मे कदम उठौलक। श्रीलंकाक राष्ट्रपतिए स्पष्ट केलनि जे श्रीलंकाक भूभागक उपयोग भारतक सुरक्षाक प्रतिकूल गतिविधि लेल नहि होमय देल जायत। एहि सभ घटना कें एक संग राखि कए देखल जाय तं भारतक रणनीतिक सक्रियताक तीनटा प्रमुख आयाम देखाइ पड़ैत अछि–हिमालय मे विकास आ संपर्क, आपदाक समय आर्थिक एवं मानवीय सहयोग आ हिंद महासागर मे सुरक्षा साझेदारी। भूटान मे जलविद्युत आ पुल, नेपाल मे पुनर्निर्माण आ बिजली तथा श्रीलंका मे रक्षा आ समुद्री सुरक्षा भले अलग-अलग पहल देखाइ पड़य, मुदा एहि सभक पाछां क्षेत्रीय स्थिरता आ भारतक नेतृत्व मे संपर्क तंत्र कें मजबूत करबाक साझा दिशा देखल जा सकैत अछि। सामरिक दृष्टिए भूटानक महत्व विशेष अछि। भारत-भूटान सीमा आ हिमालयी क्षेत्र चीनक संग भारतक व्यापक सुरक्षा गणना मे महत्वपूर्ण हिस्सा अछि। एहन स्थिति मे भूटानक संग विश्वास, संपर्क, ऊर्जा आ विकास सहयोग कें मजबूत करब आर्थिक साझेदारीक संग दीर्घकालीन सामरिक स्थिरता सं सेहो जुड़ल अछि। नेपाल भारतक उत्तरी सुरक्षा आ संपर्क संरचना मे महत्वपूर्ण स्थान रखैत अछि, जखन कि श्रीलंका हिंद महासागरक समुद्री मार्ग आ क्षेत्रीय सुरक्षाक दृष्टिए महत्वपूर्ण अछि। तें काठमांडू, थिंपू आ कोलंबो मे एक संग बढ़ल सक्रियता कें भारतक पड़ोसी देश सभक संग संबंध कें अलग-अलग द्विपक्षीय रिश्ता नहि, बल्कि परस्पर जुड़ल क्षेत्रीय परिप्रेक्ष्य मे देखबाक प्रयासक रूप मे बुझल जा सकैत अछि। ब्रिक्स मे ग्लोबल साउथक आवाज कें मजबूत करबाक बात कहबाक तुरंत बाद पड़ोस मे विकास, पुनर्निर्माण, ऊर्जा, संपर्क आ सुरक्षा पर जोर दए भारत ई संकेत दए रहल अछि जे ओकर वैश्विक भूमिका मात्र पैघ अंतरराष्ट्रीय मंच धरि सीमित नहि, बल्कि अपन आसपासक स्थिर, जुड़ल आ सहयोगी क्षेत्र सेहो ओकर विदेश नीतिक महत्वपूर्ण आधार अछि। एहि रूप मे हिमालय सं हिंद महासागर धरि बढ़ल ई सक्रियता भारतक पड़ोसी नीति आ क्षेत्रीय कूटनीतिक प्राथमिकताक महत्वपूर्ण संकेतक रूप मे देखल जा सकैत अछि।

भूटानक 2024–29क पंचवर्षीय योजनाक लेल भारतक 10,000 करोड़क सहयोगक प्रगतिक सेहो समीक्षा भेल छल। अर्थात जुलाई मे विदेश सचिव स्तर पर जे रूपरेखा बनल छल, सितंबर मे विदेश मंत्री स्तर पर ओकर राजनीतिक आ व्यावहारिक पक्ष कें आगू बढ़ाओल जा रहल अछि। एकरा भारतक भूटान नीति मे निरंतरता आ संस्थागत गहराइक संकेतक रूप मे देखल जा सकैत अछि। एहि बीच नेपालक वित्त मंत्री स्वर्णिम वाग्ले 17 सितंबर कें नई दिल्ली पहुंचलाह। हुनकर यात्राक मुख्य केंद्र हालक विनाशकारी बाढ़िक बाद नेपालक पुनर्निर्माण, आर्थिक सहयोग आ ऊर्जा संबंधी आवश्यकता अछि। ओ भारतीय वित्त मंत्री निर्मला सीतारमण, विदेश मंत्री जयशंकर सहित अन्य अधिकारी सभ सं भेंट करबाक अछि। भारत संकट घड़ी मे नेपाल कें बिजली उपलब्ध करयबाक दिशा मे सेहो कदम उठौलक अछि। भारत दिसंबरक अंत धरि नेपाल कें प्रतिदिन 18 घंटा लेल 654 मेगावाट धरि बिजली निर्यातक अनुमति देने अछि। बाढ़ि सं नेपालक जलविद्युत परियोजना आ आधारभूत ढांचा कें भारी क्षति पहुंचल अछि। दक्षिण दिस सेहो भारत समानांतर संदेश देलक अछि। 8 सं 10 सितंबरक बीच रक्षा मंत्री राजनाथ सिंह श्रीलंकाक यात्रा केलनि। लगभग 38 वर्ष बाद कोनो भारतीय रक्षा मंत्रीक श्रीलंका यात्रा भेल। दुनू देश रक्षा, समुद्री सुरक्षा आ क्षेत्रीय स्थिरताक क्षेत्र मे सहयोग बढ़ेबाक दिशा मे कदम उठौलक। श्रीलंकाक राष्ट्रपतिए स्पष्ट केलनि जे श्रीलंकाक भूभागक उपयोग भारतक सुरक्षाक प्रतिकूल गतिविधि लेल नहि होमय देल जायत।

# यूपीआई शुल्क : सुविधाक विस्तार या उपभोक्ता पर बोझ?

ललित

भारतक डिजिटल अर्थव्यवस्था मे यूपीआई आब मात्र भुगतानक माध्यम नहि रहल अछि, बल्कि ई दैनिक आर्थिक व्यवहारक अभिन्न अंग बनि गेल अछि। तरकारी बेचयबला सं लए कए पैघ कारोबारी धरि, टैक्सी सं ऑनलाइन खरीदार धरि आ घरेलू लेन-देन सं व्यावसायिक भुगतान धरि - यूपीआई पैसाक लेन-देनक आदति, गति आ भाषा तीनू बदलि देने अछि। एहन स्थिति मे यूपीआई सं जुड़ल शुल्कक व्यवस्था मात्र बैंकिंग अथवा फिनटेक कंपनीक कारोबारी विषय नहि, बल्कि एकर सीधा संबंध उपभोक्ताक आदति, छोट व्यापारक लागति आ भारतक डिजिटल अर्थव्यवस्थाक दिशा सं अछि।




एतय एकटा तथ्य स्पष्ट करब आवश्यक अछि। सितंबर 2026 मे सरकार द्वारा स्पष्ट कएल गेल नव व्यवस्थाक अनुसार व्यक्ति सं व्यक्ति अर्थात पीपी यूपीआई भुगतान कोनो राशि पर निःशुल्क रहत। 2,000 धरि व्यापारी भुगतान पर सेहो एमडीआर नहि अछि। 2,000 सं बेसीक किछु पीएम अर्थात ग्राहक सं व्यापारी भुगतान पर 0.4 प्रतिशत एमडीआरक प्रावधान कएल गेल अछि। 75,000 अथवा ताहि सं बेसीक लेन-देन पर प्रति लेन-देन अधिकतम 300 धरि सीमा राखल गेल अछि। सरकार ई सेहो स्पष्ट कएलक अछि जे ई शुल्क ग्राहक सं सीधे लेल जायवला लेन-देन शुल्क नहि, बल्कि व्यापारी-पक्षक एमडीआर अछि।

तइयो एहि बदलाव कें मात्र शुल्क लागल वा नहि लागल तक सीमित करब उचित नहि होयत। असल प्रश्न ई अछि जे डिजिटल भुगतान व्यवस्था कें दीर्घकाल धरि टिकाउ कोना राखल जाय आ ओकर लागत केहन ढंग सं बांटल जाय। यूपीआईक सफलताक पैघ कारण ओकर सरलता आ लगभग निःशुल्क होबाक अनुभूति रहल अछि। अगस्त 2026 मे यूपीआई पर करीब 24.51 अरब लेन-देन भेल, जाहिक कुल मूल्य लगभग 29.82 लाख करोड़ रहल। ई आंकड़ा देखबैत अछि जे यूपीआई आब वैकल्पिक भुगतान माध्यम नहि, बल्कि भारतक आर्थिक जीवनक बुनियादी ढांचाक हिस्सा बनि गेल अछि।

यूपीआईक विस्तार सं लोकक व्यवहार मे सेहो पैघ परिवर्तन आयल अछि। लोक डिजिटल भुगतान कें मात्र सुविधा नहि, बल्कि स्वाभाविक व्यवहार मानि लेलनि अछि। पहिने 10, 50 अथवा 100 लेल जेब सं नगद निकालब सामान्य बात छल, आब ओही भुगतान मोबाइल सं किछु सेकेंड मे भए जाइत अछि। जखन कोनो सेवा वर्षो धरि निःशुल्क उपलब्ध रहैत अछि तखन ओकर पाछां लागल तकनीकी, बैंकिंग आ साइबर-सुरक्षाक लागत उपभोक्ता लगभग बिसरि जाइत अछि। तें बाद मे कोनो प्रकारक शुल्क अथवा लागत सामने अबैत अछि तं स्वाभाविक रूप सं असहजता उत्पन्न होइत अछि। आधुनिक बाजार व्यवस्था मे ई स्थिति कतेको डिजिटल सेवा मे देखबा लेल भेटैत अछि। कतेको सेवा पहिने मुफ्त, अत्यंत सस्ता अथवा भारी छूटक संग उपलब्ध कराओल जाइत अछि। उपभोक्ता कें ओहि सुविधाक अभ्यस्त बनाओल जाइत अछि आ बाजार मे व्यवहार बदललाक बाद लागत संरचना मे परिवर्तन अबैत अछि। ओला-उबर सं लए कए ऑनलाइन कारोबार, डिजिटल सदस्यता आ विभिन्न प्लेटफॉर्म सेवा मे एकर अलग-अलग रूप देखल जाइत अछि। मुदा उपभोक्ताक दृष्टि सं प्रश्न महत्वपूर्ण अछि - जं कोनो सेवाक दीर्घकालीन लागति अछि तं ओकर जानकारी आरंभे सं स्पष्ट किएक नहि हो?

यूपीआईक मामिला मे ई प्रश्न आओर महत्वपूर्ण अछि, कारण एकर उपयोगकर्ता मात्र शहरी मध्यमवर्ग नहि छथि। छोट दुकानदार, सड़कक किनार व्यापार करयवाला, घरेलू उद्यमी, ग्रामीण उपभोक्ता आ पहिल बेर बैंकिंग व्यवस्था सं जुड़ल लोक सेहो एकर महत्वपूर्ण हिस्सा छथि। सरकारक 2025 केर प्रोत्साहन योजना मे छोट व्यापारीक ?2,000 धरि भीम-यूपीआई भुगतान कें शून्य एमडीआरक दायरा मे रखैत ?1,500 करोड़क प्रावधान कएल गेल छल। एकर उद्देश्य छोट व्यापारि कें डिजिटल भुगतान दिस बढ़ेनाय आ भुगतान ढांचा कें मजबूत करब छल।

# लोकक घटैत भरोस : 'बैटमैन'क चाहत किएक बढ़ि रहल अछि?

वीर सांघवी

कहियो-कहियो एक्स पर, जकरा हम एखनो ट्विटर कहैत रही, लोक एहन विचित्र बात लिखि दैत छथि जे आश्चर्य होइत अछि। पछिला किछु दिन सं हमर टाइमलाइन तामस आ रोष सं भरल छल। एही बीच एकटा पोस्ट पर हमर ध्यान गेल। ओहि मे लिखल छल जे हमरा सभ कें एतय बैटमैनक जरूरत अछि। ई बात सुनबा मे किछु विचित्र लागैत अछि, कारण ओहि पोस्ट मे कोनो नव बैटमैन फिल्मक चर्चा नहि छल। ओ फिल्म एखन कतेको मास धरि नहि आबि रहल अछि। नहियो ई कोनो कॉमिक बुकक बात छल। ओतय वास्तविक रूपें बैटमैनक जरूरतक बात कहल गेल छल। काल्पनिक बैटमैन एहन प्रतिशोधी पात्र अछि जे कानून कें अपन हाथ मे लैत अछि आ ओहि ठाम पहुंचैत अछि जतय न्याय-व्यवस्था नहि पहुंचि पबैत अछि। ओकर मानब अछि जे कानून-व्यवस्थाक मशीनरी बहुत हद धरि भ्रष्ट, कमजोर, अक्षम आ निष्प्रभावी भए गेल अछि। ताहि लेल ओ अपन तरीका सं न्याय करैत अछि आ कानूनी प्रक्रियाक जरूरत कें एक तरफ राखि दैत अछि। जखन परिस्थिति बहुत खराब भए जाए आ किछुओ काज नहि करैत हो, तखन ओ निराश नागरिकक आशाक प्रतीक बनि जाइत अछि।



**की भारत सेहो ओहि स्थिति धरि पहुंचि गेल अछि? :** जिनका सं हम बात करैत छी आ सोशल मीडिया पर जे विचार देखैत छी, ताहि सं एना बुझाइत अछि जे शायद हम ओहि दिशा मे बढ़ि रहल छी। कतिपय लोकक दृष्टि मे एतुक स्थिति बैटमैनक गोथम सिटी सं सेहो बेसी खराब भए गेल अछि। पुलिस पर लोकक भरोस कमजोर भेल अछि। लोक कें लगैत अछि जे कोनो मामिला मे पुलिस कें शामिल करब सेहो जोखिमपूर्ण भए सकैत अछि, कारण पुलिस दुनू पक्ष सं पैसा लए कए अधिक पैसा देबय वला पक्षक संग ठाढ़ भए सकैत अछि। दुःखक बात ई अछि जे आब ई अविश्वास न्यायपालिका धरि पहुंचि रहल अछि, जकरा कहियो न्याय पाबैक आखरी आशा मानल जाइत छल। जमानत जेना सामान्य कानूनी मामिला मे सेहो न्यायालयक किछु निर्णय कें लोक शंकाक दृष्टि सं देखए लगल छथि।

**भारतीय जनताक भरोसा घटि रहल अछि :** लोकक असंतोष आ निराशा कतेको वर्ष सं बढ़ैत आयल अछि, मुदा हालक गुस्सा आ नाराजगीक पाछां किछु घटना सेहो अछि। एहि मे गुरुग्रामक हिट-एंड-रन मामिला उल्लेखनीय अछि। वायरल भेल वीडियो मे तेज रफ्तार कार मे सवार किछु युवक बाइक सवार युवती कें कार सं टक्कर मारैत देखाइत छथि। शिवानी चौहान उर्फ सिया कहलनि जे कार सवार युवक सभ हुनकर बाइक कें टक्कर मारबाक पहिनहि हुनका सं बदतमीजी आ डरबैत-धमकाबैत छल। बाइक कें टक्कर मारलाक बाद युवक सभ घटनास्थल सं भागि गेल। जनताक भारी विरोधक बाद पुलिस कारबाइ कएलक, मुदा चालक कें तखन गिरफ्तार कएल गेल जखन ओकर शरीर सं शराबक प्रभाव समाप्त भए गेल छल। महिला आरोप लगौलनि जे कार मे सवार लोक नशा मे छलाह। तकर बाद चालकक वकील महिला पर प्रश्न उठबैत हुनकर चरित्र पर सेहो आरोप लगौलनि आ हुनका बदनाम करबाक प्रयास भेल। ई सभ लोकक बीच ई आशंका पैदा करैत अछि जे किछु दिन बाद मामिला समाचार सं हटि जायत, कोनो समझौता भए सकैत अछि आ आरोपित युवक सभ फेर मुक्त भए सकैत छथि। एहि प्रकारक धारणा न्याय-व्यवस्था मे भरोसा कें कमजोर करैत अछि। एहने एकटा आन मामिला मे हिंदुत्वक एकटा कार्यकर्ता जंतर-मंतर पर प्रदर्शन करैत लोक पर हमला करबाक बातक चर्चा एकटा पॉडकास्ट मे कएलनि। हुनकर कहब छल जे हुनकर राजनीतिक संपर्क एतेक मजबूत अछि जे हुनकर किछु नहि बिगड़ि सकैत अछि। जनताक विरोधक बाद दिल्ली पुलिस हुनका गिरफ्तार कएलक, मुदा किछु दिनक भीतर न्यायालय सं हुनका जमानत भेटि गेल। न्यायाधीश एहि तर्क कें स्वीकार नहि कएलनि जे हिंसाक बात कर' वला व्यक्ति जेल सं बाहर आबि गवाह कें डरा सकैत अछि। न्यायाधीश कहलनि जे आजुक समय मे पीड़ित कें डरयबाक लेल शारीरिक रूपें ओकरा लग पहुंचब आवश्यक नहि अछि।

# ब्रिक्सक भोज मे हिमालयक बाढ़ि किएक नहि?



सच्चिदानंद सच्चू

दिल्ली मे 12 आ 13 सितंबर कें 18म ब्रिक्स शिखर सम्मेलन संपन्न भेल। दुनियां भरिक नजरि एहि सम्मेलन पर छल। भारतक अध्यक्षता मे भेल एहि सम्मेलनक विषय छल–लचीलापन, नवाचार, सहयोग आ स्थायित्वक माध्यम सं भविष्यक निर्माण। ब्रिक्सक दिल्ली घोषणापत्र मे जलवायु परिवर्तन, सतत विकास, आपदा घटेबाक उपाय आ पूर्व चेतावनी प्रणाली सन महत्वपूर्ण मुद्दा पर सेहो विस्तार सं बात भेल। मुदा एहि सबक बीच एकटा प्रश्न हमरा सभक मोन मे उठैत अछि – हिमालयक कोरा मे हालहि मे घटल नेपालक महाविनाशकारी बाढ़ि की एहि विमर्शक हिस्सा नहि बनबाक चाही छल? ई प्रश्न नेपालक लेल मात्र नहि अछि। ई प्रश्न भारतक लेल अछि, चीनक लेल अछि आ खास कए हिमालयक दक्षिणी ढलान पर बसल करोड़ो लोकक लेल अछि। नेपाल ब्रिक्सक सदस्य नहि अछि। ई बात सत्य अछि। मुदा की अंतरराष्ट्रीय मंच पर कोनो संकट पर चर्चा करबाक लेल ओकर पीड़ित




देशक सदस्य भेनाइ अनिवार्य अछि? जं एहन होय तं जलवायु परिवर्तन, समुद्री आपदा, भूकंप, महामारी आ सीमापार पर्यावरणीय संकट पर वैश्विक सहयोगक अर्थे की रहि जायत? नेपालक एहि आपदा मे हजारो लोकक जीवन प्रभावित भेल अछि। सीमावर्ती हिमालयी क्षेत्र मे ग्लेशियर, अत्यधिक बरखा आ पहाड़ी भूभाग सं जुड़ल आपदा कतेक तेजी सं भयावह रूप धारण कए सकैत अछि, ई घटना फेर एक बेर देखौलक। हालिया रिपोर्ट अनुसार नेपालक बाढ़ि मे भारी जन–धनक क्षति भेल अछि आ कतेको बस्ती माटि–पाथरक ढेर मे बदलि गेल अछि। आ एहि ठाम प्रश्न आरो पैघ भए जाइत अछि। नेपाल आ भारतक सीमा राजनीतिक सीमा भए सकैत अछि, मुदा नदीक पानि सीमा नहि चिन्हैत अछि। पहाड़ पर भेल बरखा, हिमपात, ग्लेशियरक परिवर्तन वा अनचोके आयल बाढ़िक असरि नदीक धार पकड़ि भारत धरि पहुंचैत अछि। उत्तर बिहार आ मिथिला एहि प्राकृतिक प्रक्रियाक प्रत्यक्ष प्रभावित क्षेत्र अछि। कोसी, कमला, बागमती, गंडक सहित कतेको नदीक जीवन हिमालय सं जुड़ल अछि। नेपालक पहाड़ मे जे घटैत अछि, ओकर प्रतिध्वनि कखनो–कखनो मिथिलाक खेत, घर आ सड़क धरि सुनाइ पड़ैत अछि। तखन ब्रिक्सक मंच पर नेपालक आपदा पर चर्चा भेनाइ असंगत कोना भए सकैत छल? विशेष रूप सं तखन, जखन भारत आ चीन दुनू ब्रिक्सक महत्वपूर्ण सदस्य छथि। दुनू देशक विशाल आबादी हिमालयक भूगोल आ ओकर पर्यावरणीय बदलाव सं प्रभावित अछि। भारत–चीनक बीच हिमालय सीमाक प्रश्न राजनीतिक होइत अछि, मुदा हिमालय स्वयं राजनीतिक नहि अछि। ओकर हिमनदक पिघलन, पहाड़क अस्थिरता, नदीक बदलैत प्रवाह आ मौसिमक चरित्रक बदलाव पासपोर्ट नहि मांगैत अछि। ब्रिक्सक दिल्ली घोषणापत्र मे जलवायु परिवर्तनक सामना करबाक आवश्यकता स्वीकार कएल गेल अछि। विकसित आ विकासशील देशक बीच जलवायु वित्त, अनुकूलन, लॉस एंड डैमेज आ आपदा पूर्व चेतावनी प्रणाली पर सेहो जोर देल गेल अछि। भारतक अध्यक्षता मे जुलाई मे ब्रिक्स आपदा जोखिम न्यूनीकरण मंत्रिस्तरीय बैठक सेहो भेल छल, जाहि मे आपदा–प्रतिरोधी समाज निर्माण आ पूर्व चेतावनीक क्षेत्र मे सहयोग पर सहमति भेल छल। तखन सवाल ई नहि जे ब्रिक्स मे जलवायु पर बात भेल कि नहि। बात भेल। सवाल ई अछि जे बातक जमीन पर ओकर सबसं निकटतम आ तात्कालिक उदाहरण सभ कतेक उपस्थित छल? नेपालक बाढ़ि एकटा अवसर छल – हिमालयक बदलैत स्वरूप पर सामूहिक विमर्श शुरू करबाक। भारत, चीन आ नेपालक वैज्ञानिक, आपदा विशेषज्ञ आ नीति–निमार्ता सभ कें एक मंच पर अनबाक। हिमालयी क्षेत्र लेल साझा पूर्व चेतावनी तंत्र, वास्तविक समय मे जल–विज्ञान संबंधी सूचना साझेदारी, ग्लेशियर झीलक निगरानी आ सीमापार आपदा प्रबंधनक व्यवस्था पर चर्चा करबाक।

पहाड़ पर भेल बरखा, हिमपात, ग्लेशियरक परिवर्तन वा अनचोके आयल बाढ़िक असरि नदीक धार पकड़ि भारत धरि पहुंचैत अछि। उत्तर बिहार आ मिथिला एहि प्राकृतिक प्रक्रियाक प्रत्यक्ष प्रभावित क्षेत्र अछि। कोसी, कमला, बागमती, गंडक सहित कतेको नदीक जीवन हिमालय सं जुड़ल अछि। नेपालक पहाड़ मे जे घटैत अछि, ओकर प्रतिध्वनि कखनो–कखनो मिथिलाक खेत, घर आ सड़क धरि सुनाइ पड़ैत अछि। तखन ब्रिक्सक मंच पर नेपालक आपदा पर चर्चा भेनाइ असंगत कोना भए सकैत छल? विशेष रूप सं तखन, जखन भारत आ चीन दुनू ब्रिक्सक महत्वपूर्ण सदस्य छथि। दुनू देशक विशाल आबादी हिमालयक भूगोल आ ओकर पर्यावरणीय बदलाव सं प्रभावित अछि। भारत–चीनक बीच हिमालय सीमाक प्रश्न राजनीतिक होइत अछि, मुदा हिमालय स्वयं राजनीतिक नहि अछि। ओकर हिमनदक पिघलन, पहाड़क अस्थिरता, नदीक बदलैत प्रवाह आ मौसिमक चरित्रक बदलाव पासपोर्ट नहि मांगैत अछि। ब्रिक्सक दिल्ली घोषणापत्र मे जलवायु परिवर्तनक सामना करबाक आवश्यकता स्वीकार कएल गेल अछि। विकसित आ विकासशील देशक बीच जलवायु वित्त, अनुकूलन, लॉस एंड डैमेज आ आपदा पूर्व चेतावनी प्रणाली पर सेहो जोर देल गेल अछि।

मिथिलाक लेल ई प्रश्न आर बेसी महत्वपूर्ण अछि। बाढ़ि मिथिलाक लेल मात्र हर सालक प्राकृतिक घटना नहि अछि। ई अर्थव्यवस्था, कृषि, पलायन, स्वास्थ्य आ सामाजिक जीवनक प्रश्न अछि। जं हिमालयक पर्यावरणीय अस्थिरता बढ़ैत अछि तं ओकर मूल्य सबसं पहिने पहाड़ी आ नदीक कात बसल गरीब समुदाय सभ कें चुकाबय पड़त। एहि मे मिथिला सेहो अछि। ब्रिक्सक भोज मे परसल गेल व्यंजनक चर्चा मीडिया मे भेल। ई स्वाभाविक अछि – सम्मेलनक मानवीय पक्षक सेहो अपन महत्व अछि। मुदा भोजक टेबुल पर जं दुनिया बदलबाक दाबी कएनिहार नेता बैसल छलाह, तं की ओहि टेबुल पर हिमालयक पिघलैत बर्फ, उफनैत नदी आ नेपालक डूबल बस्ती लेल सेहो किछु स्थान नहि होमक चाही छल? ई प्रश्न आरोपक लेल नहि अछि। ई आत्ममंथनक लेल अछि। ब्रिक्स जं स्वयं कें ग्लोबल साउथक आवाज कहैत अछि, जं ओकर लक्ष्य साझा संकट पर सहयोग बढ़ेनाइ अछि, जं ओकर मूल भावना रिज़िलिएंस आ सस्टेनेबिलिटी अछि, तं हिमालयक संकट ओकर एजेंडा सं बाहर कोना रहि सकैत अछि? नेपाल ब्रिक्सक सदस्य नहि अछि – मुदा हिमालय ब्रिक्सक सदस्यता नहि पूछैत अछि। आ हिमालयक कोरा मे बसल मिथिला सेहो नहि। शायद अगिला बेर जखन दुनियां भरिक नेता दिल्ली, बीजिंग वा कोनो अन्य राजधानी मे विकास, व्यापार, जलवायु आ वैश्विक सहयोग पर विमर्श करथि, तखन हुनका सभ कें एक बेर उत्तर बिहारक बाढ़ि प्रभावित घर दिस सेहो देखबाक चाही। कारण नदीक पानि पहिने सीमा पार करैत अछि, आ राजनीति बाद मे ओकर अर्थ बुझैत अछि। हिमालयक संकटक चर्चा हिमालयक देशक सदस्यता पर नहि, बल्कि साझा भविष्य पर होमक चाही।

# तमिलनाडु सीएम विजयक लंदन यात्रा पर विवाद

तमिलनाडुक मुख्यमंत्री सी. जोसेफ विजयक पहिल आधिकारिक विदेश यात्रा लंदन गेला पर राज्यक राजनीति मे विवाद शुरू भए गेल अछि। विपक्षी दल सभ एहि यात्राक उद्देश्यपर प्रश्न उठबैत एकरा सरकारी धन सं कएल गेल घूमबाक यात्रा कहि रहल अछि।

## विपक्षक आरोप, निवेश लेल नहि, घूमय लेल गेलाह

भारतीय जनता पार्टी (भाजपा) आ द्रविड़ मुनेत्र कड़गम (डीएमके) दुनू दल मुख्यमंत्रीक लंदन यात्राक दौरान विदेशी निवेश आकर्षित करबाक सरकारक दावाक वास्तविकता पर प्रश्न उठौने अछि। भाजपाक तमिलनाडु अध्यक्ष नैनार नागेंद्रन 16 सितंबर कें मुख्यमंत्री विजयक लंदन यात्रा कें घूमबाक यात्रा कहैत आरोप लगौलनि जे तमिलनाडु मे पहिने सं काज कए रहल कंपनीसभक विस्तार कें सेहो नव औद्योगिक निवेशक रूप मे प्रस्तुत कएल जा रहल अछि। हुनकर दावा छल जे मुख्यमंत्री तमिलनाडु लेल नव निवेश अनबाक नामपर पहिने सं मौजूद औद्योगिक परियोजना कें उपलब्धि बतबैत छथि।




**डीएमके सेहो उठौलक यात्राक उद्देश्यपर सवाल :** डीएमकेक मुखपत्र मुरासोली सेहो विजयक लंदन यात्रापर कटाक्ष कयलक। संपादकीय मे कहल गेल जे यात्रा निवेश आकर्षित करबाक अपेक्षा कार रेस देखबाक यात्राक रूप मे बेसी देखाइत अछि। मुरासोली मे 2026क पहिल तिमाही मे तमिलनाडु मे नव निवेश प्रस्ताव मे लगभग 74.5 प्रतिशतक कमी आ निवेश आकर्षित करबाक राष्ट्रीय क्रम मे राज्यक स्थान छठम सं 17म होयबाक दावाक उल्लेख सेहो कएल गेल। विपक्षी नेता सभ ई प्रश्न सेहो उठौलनि जे मुख्यमंत्रीक यात्रा मे उद्योग विभागक मंत्री अथवा विभागक वरिष्ठ अधिकारीसभक भूमिका की छल। यात्रा मे सरकारी धनक उपयोग भेल अथवा नहि आ यात्रा सं वास्तव मे कोनो ठोस परिणाम निकलल अथवा नहि, एहि पर सेहो पारदर्शिता मांगल गेल। विजयक लंदन प्रवासक दौरान सिल्वरस्टोन मोटर रेसिंग सर्किट मे हुनकर उपस्थिति विशेष चर्चाक विषय बनल। ओतय अभिनेता आ रेसर अजित कुमारक रेस मे भाग लेबाक कार्यक्रम मे विजय उपस्थित छलाह आ एक रेस कें हरी झंडी देखौलनि। अभिनेत्री तृषा कृष्णनक संग हुनकर तस्वीर सभ सामने अयलापर सामाजिक माध्यमपर सेहो आलोचना भेल। विपक्षी दल सभ एहि घटना कें निवेश यात्राक मूल उद्देश्य सं जोड़ि कए प्रश्न उठौलनि।

**निवेशक दावापर सेहो सवाल :** डीएमके नेता उदयनिधि स्टालिन सहित विपक्षक कतेको नेता सभ मुख्यमंत्रीक बहुदिनक विदेश यात्राक उद्देश्यपर सवाल उठौलनि। हुनकर प्रश्न छल जे प्रतिनिधिमंडल मे के-के शामिल छल, सरकारी धनक उपयोग भेल अथवा नहि आ लंदन यात्रा सं तमिलनाडु कें वास्तविक रूप मे कोन ठोस लाभ भेटल। एहि आलोचनाक बीच सत्तारूढ़ तमिलगा वेत्री कड़गम (टीवीके) सरकार यात्राक दौरान भेल निवेश समझौताक विस्तृत विवरण सामने राखलक। सरकारी जानकारीक अनुसार लंदन यात्राक दौरान लगभग 15,300 करोड़ रुपैयाक निवेश प्रतिबद्धता सं जुड़ल समझौता भेल, जाहि सं 10 हजार सं बेसी प्रत्यक्ष आ अप्रत्यक्ष रोजगारक अवसर सृजित होयबाक अपेक्षा अछि।

एहि प्रतिबद्धता मे संवर्धना मदरसन इंटरनेशनलक लगभग 11 हजार करोड़ रुपैयाक निवेश प्रमुख अछि। कंपनीक ई परियोजना डिजाइन, अभियंत्रण, निर्माण, असेंबली आ लॉजिस्टिक्स क्षेत्र सं जुड़ल अछि आ लगभग 7 हजार रोजगारक अवसर पैदा करबाक अपेक्षा व्यक्त कएल गेल अछि। अर्न्स्ट एंड यंग (ईवाई) द्वारा लगभग एक हजार करोड़ रुपैयाक वैश्विक क्षमता केंद्र स्थापित करबाक समझौता सेहो भेल अछि, जाहि सं 2 हजार सं बेसी उच्च-कौशल रोजगारक संभावना अछि। ब्रिटेनक विल्सन पावर सॉल्यूशंस तमिलनाडुक तिरुवल्लूर जिला मे लगभग 300 करोड़ रुपैयाक ट्रांसफॉर्मर निर्माण इकाई स्थापित करबाक समझौता कयने अछि। स्वीडनक सिग्मा टेक्नोलॉजी ग्रुप सेहो चेन्नई आ तिरुचिरापल्ली मे अपन वैश्विक क्षमता केंद्रक विस्तार करबाक योजना रखलक अछि।

**टीवीकेक विपक्षपर पलटवार :** टीवीकेक नेता सभ विपक्षक आरोप कें खारिज करैत कहलनि जे लंदन यात्राक मुख्य उद्देश्य निवेशक सभ सं संपर्क स्थापित करब आ तमिलनाडु मे नव औद्योगिक गतिविधि कें बढ़ावा देब छल। पार्टीक अनुसार सिल्वरस्टोनक दौरा प्रस्तावित मोटर स्पोर्ट्स सिटीक लेल खेल संरचना आ व्यवस्थाक अध्ययनक दृष्टिएं सेहो महत्वपूर्ण छल। टीवीकेक सूचना प्रौद्योगिकी शाखा सामाजिक माध्यमपर डीएमकेक पूर्व सरकारक विदेश यात्रा सं जुड़ल खर्चक मुद्दा उठबैत पलटवार कयलक। पोस्ट मे पूर्व मुख्यमंत्री एम.के. स्टालिनक ऑक्सफोर्ड विश्वविद्यालय यात्राक उल्लेख करैत आरोप लगाओल गेल जे तत्कालीन सरकार सरकारी धनक उपयोग करैत निजी प्रकृतिक यात्रा कें सरकारी कार्यक्रमक रूप देबाक प्रयास कयने छल। टीवीकेक पोस्ट मे विजयक यात्राक तुलना करैत 15,300 करोड़ रुपैयाक निवेश प्रतिबद्धताक उल्लेख कएल गेल।

हालांकि, लंदन मे विजय कें भेटबाक लेल जुटल लोकक भीड़ कें देखैत प्रस्तावित सार्वजनिक कार्यक्रम सुरक्षा कारण सं रद्द करबाक पड़ल। टीवीकेक अनुसार सुरक्षा संबंधी चिंताक कारण ई निर्णय लेल गेल। विजय 18 सितंबर कें चेन्नई वापस अयलाह। राज्य सरकारक अनुसार लंदन यात्राक अंतिम हिसाब मे लगभग 15,300 करोड़ रुपैयाक निवेश प्रतिबद्धता सामने आयल अछि। मुदा ई प्रतिबद्धता वास्तविक निवेश मे कतेक शीघ्र बदलैत अछि आ एहि परियोजना सं रोजगार तथा औद्योगिक गतिविधि मे कतेक ठोस वृद्धि होइत अछि, ई आगांक समय मे स्पष्ट होयत।

# की तैयार भए रहल अछि निशांत उदयक पटकथा

पटना/संवाददाता

बिहारक राजनीति मे जनता दल यूनाइटेड (जेडीयू)क नाम बदलि कए जनता दल-नीतीश (जेडीएन) करबाक चर्चाक बीच 18 सितंबरक पटना स्थित पार्टी कार्यालयक कर्पूरी सभागार मे विधानमंडल दलक महत्वपूर्ण बैठक भेल। पार्टीक कार्यकारी अध्यक्ष संजय झा द्वारा नाम परिवर्तनक प्रस्ताव देल गेल अछि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरीक अनुसार एहि प्रस्ताव पर पहिने विधानमंडल दल मे विमर्श होयत आ ओकर बाद राष्ट्रीय परिषद तथा राष्ट्रीय कार्यकारिणीक बैठक मे अंतिम निर्णय लेल जायत। नाम परिवर्तनक प्रस्तावक संग-संग एहि बैठकक राजनीतिक महत्व सेहो बढ़ि गेल अछि। कहल जा रहल अछि जे ई बैठकक एकटा प्रमुख उद्देश्य पार्टी संगठन कें मजबूत करब, विधायक आ विधान पार्षद कें राजनीतिक रूपें तैयार करब तथा सरकारक नीति आ उपलब्धि कें जनताधरि प्रभावी ढंग सं पहुंचाबक रणनीति बनायब अछि। एकर अतिरिक्त नीतीश कुमारक पुत्र निशांत कुमार कें पार्टीक राजनीतिक गतिविधि मे सक्रिय रूपें स्थापित करबाक दिशा मे सेहो ई बैठक महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि।



## जेडीयू सं जेडीएन करबाक प्रक्रिया

कार्यकारी अध्यक्ष संजय झाक सुझावक बाद जेडीयूक नाम “जनता दल-नीतीश” करबाक चर्चाक गति तेज भए गेल अछि। उपमुख्यमंत्री विजय चौधरी स्पष्ट कयने छथि जे मात्र सुझावक आधार पर नाम मे परिवर्तन नहि भए सकैत अछि। राष्ट्रीय परिषद आ राष्ट्रीय कार्यकारिणीक बैठक मे विचार-विमर्शक बादे एहि संबंध मे अंतिम निर्णय लेल जायत। विधानमंडल दलक बैठक मे विधायक सभ कें सदनक भीतर आ बाहर पार्टीक पक्ष कें मजबूती सं रखबाक लेल आवश्यक राजनीतिक प्रशिक्षण देबाक योजना अछि। विपक्ष द्वारा उठाओल जा रहल प्रश्नक उत्तर कोना देल जाय आ सरकारक नीति, निर्णय तथा उपलब्धि कें जनताधरि कोना पहुंचाओल जाय, एहि पर सेहो विचार होयत। संगठन आ सरकारक बीच नीक समन्वय स्थापित करबाक लेल पार्टी नेतृत्व द्वारा दिशानिर्देश देल जायत। एहि बीच निशांत कुमार कें पार्टीक भीतर स्थापित करबाक संभावित राजनीतिक रोडमैप पर सेहो वरिष्ठ नेतासभक बीच विमर्श होयबाक चर्चा अछि। बैठक मे जेडीयूक विधायक, विधान पार्षद, लोकसभा आ राज्यसभाक सांसदक अतिरिक्त पार्टीक वरिष्ठ नेता उपस्थित रहताह। निशांत कुमार द्वारा सेहो एहि अवसर पर संबोधन करबाक बात कहल जा रहल अछि।

## वर्तमान राजनीतिक मुद्दा पर सेहो मंथन

बैठकक उद्देश्य मात्र पार्टीक नाम बदलनाइ नहि अछि। बिहारक वर्तमान राजनीतिक घटनाक्रम आ आगामी चुनौतीसभपर सेहो विस्तार सं विचार-विमर्श होयत। पार्टी अपन विधायक सभ कें राजनीतिक परिस्थितिक सामना करबाक लेल एकरूप संदेश देबाक तैयारी मे अछि। सरकारक पक्ष कें जनताक बीच प्रभावी ढंग सं रखबाक तथा विपक्षक आरोपक उत्तर देबाक रणनीति पर सेहो मंथन होयत। राजनीतिक विश्लेषणक दृष्टिएं एहि बैठक कें नीतीश कुमारक उत्तराधिकार सं जोड़ि कए सेहो देखल जा रहल अछि। निशांत कुमार कें पार्टीक भीतर सक्रिय करबाक प्रयास कें एहि दिशाक एकटा महत्वपूर्ण कदम मानल जा रहल अछि। हालांकि एहि संबंध मे पार्टीक दिस सं भविष्यक राजनीतिक भूमिका अथवा उत्तराधिकारक औपचारिक घोषणा नहि भेल अछि।

## बिहारक राजनीति मे राजनीतिक पुत्रक बढ़ैत भूमिका

बिहारक राजनीति मे राजनीतिक परिवारक अगिला पीढ़ीक भूमिका पहिने सं प्रमुख रहल अछि। लालू प्रसाद यादवक पुत्र तेजस्वी यादव राष्ट्रीय जनता दल मे महत्वपूर्ण राजनीतिक भूमिका निभा रहल छथि। ओहि तरहें रामविलास पासवानक पुत्र चिराग पासवान अपन पिता द्वारा स्थापित राजनीतिक विरासत कें आगू बढ़ा रहल छथि।

एहि पृष्ठभूमि मे नीतीश कुमारक पुत्र निशांत कुमारक राजनीतिक सक्रियता कें सेहो विशेष नजरि सं देखल जा रहल अछि। 18 सितंबरक विधानमंडल दलक बैठक मे पार्टीक वरिष्ठ नेता, विधायक, विधान पार्षद आ सांसदसभक उपस्थिति आ निशांतक संबोधन कें एहि प्रक्रिया सं जोड़ि कए देखल जा रहल अछि। जेडीयूक नाम मे नीतीश जोड़बाक प्रस्ताव यदि आगू बढ़ैत अछि तं एकर राजनीतिक आ संगठनात्मक असर सेहो महत्वपूर्ण भए सकैत अछि। मुदा अंतिम निर्णय पार्टीक राष्ट्रीय परिषद आ राष्ट्रीय कार्यकारिणीक स्वीकृतिक बादे स्पष्ट होयत। एहि कारणें फिलहाल नाम परिवर्तनक प्रस्ताव आ निशांत कुमारक राजनीतिक सक्रियता कें संभावित आगामी राजनीतिक दिशाक रूप मे देखल जा रहल अछि।

# मायावतीक निर्णयक बाद आकाश आनंदक आगू खुलल राजनीतिक बाट

बहुजन समाज पार्टीक प्रमुख मायावती अपन भतीजा आकाश आनंद कें पार्टीक सभटा जिम्मेदारी सं मुक्त कए देलनि। संभवतः हुनकर मानना रहल होयत जे आकाशक राजनीति शुरू होयबाक पहिनहि ओकर बाट रोकि देल गेल, मुदा बसपा सं बाहर होइतहि परिस्थिति मे बदलाव देखबा मे आबि रहल अछि। उत्तर प्रदेशक राजनीतिक दल सभ मे आकाश आनंद कें अपन-अपन खेमा मे आनबाक लेल सक्रियता देखाइ पड़ि रहल अछि। एनडीएक सहयोगी दल सं लए कए कांग्रेस, समाजवादी पार्टी आ बहुजन आंदोलन सं जुड़ल नेता सभ धरि हुनका अपन संग जोड़बाक इच्छा प्रकट कए रहल छथि। 2027क उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव सं पहिने शुरू भेल ई राजनीतिक हलचल मात्र आकाश आनंद धरि सीमित नहि देखाइ पड़ैत अछि। एकर पाछां बहुजन समाज पार्टी द्वारा दशक सभ मे तैयार कएल गेल सामाजिक आधारक महत्व सेहो अछि। मायावती लगातार चुनावी गठबंधन सं दूरी बनौने छथि। एहन स्थिति मे दोसर दल बहुजन मतदाताक बीच अपन पहुंच बढ़ेबाक संभावना तलाशि रहल अछि। सब सं पहिने निषाद पार्टीक प्रमुख आ एनडीएक सहयोगी संजय निषाद आकाश आनंद कें खुलल आमंत्रण देलनि।



ओ बाबा साहेब आंबेडकर आ कांशीराम सं जुड़ल बहुजन आंदोलनक पुरान नाराक उल्लेख करैत आकाश सं आगू आबि अपन टीमक संग मुख्यधारा मे जुड़बाक अपील केलनि। संजय निषादक एहि पहल कें मात्र कोनो एकटा नेता कें पार्टी मे आनबाक प्रयास नहि, बल्कि बहुजन राजनीतिक विरासत सं जुड़बाक कोशिशक रूप मे देखल जा रहल अछि। दोसर दिस आजाद समाज पार्टीक प्रमुख आ नगीना सं सांसद चंद्रशेखर आजाद सेहो आकाश आनंद लेल अपन द्वार खुलल रहबाक बात कहलनि। दुनू नेताक बीच पहिने मतभेद रहल अछि, मुदा चंद्रशेखर आजाद कहलनि जे जं आकाश बहुजन मिशन कें आगू बढ़ेबाक इच्छा रखैत छथि आ हुनकर पार्टी मे आबय चाहैत छथि तं हुनकर स्वागत कएल जायत आ दुनू मिलि कए काज कए सकैत छथि। कांग्रेस आ समाजवादी पार्टीक रुख सेहो एहि मामिला कें राजनीतिक रूप सं महत्वपूर्ण बनबैत अछि। कांग्रेसक प्रदेश अध्यक्ष अजय राय कहलनि जे लोकतांत्रिक ढंग सं राजनीति मे आबयवला कोनो व्यक्तिक संग काज करबाक संभावना पर विचार कएल जा सकैत अछि। कांग्रेसक एहि रुख सं स्पष्ट अछि जे दल आकाश आनंदक घटनाक्रम कें मात्र बसपाक आंतरिक मामिला मानि कए नहि चलि रहल अछि।

> उत्तर प्रदेशक राजनीतिक दल सभ मे आकाश आनंद कें अपन-अपन खेमा मे आनबाक लेल सक्रियता देखाइ पड़ि रहल अछि

# पश्चिम बंगाल : टीएमसीक चुनाव चिह्न किएक फ्रीज भेल?

नई दिल्ली/एजेंसी


पश्चिम बंगालक राजनीति मे तृणमूल कांग्रेस अर्थात टीएमसीक आंतरिक विवाद आब दलक नाम आ चुनाव चिह्न धरि पहुंचि गेल अछि। चुनाव आयोग अंतरिम आदेश जारी करैत ऑल इंडिया तृणमूल कांग्रेस नाम आ दलक पारंपरिक फूल आ घास चुनाव चिह्न कें दुनू प्रतिद्वंद्वी गुट लेल फ्रीज कए देने अछि। ई व्यवस्था आगामी उपचुनाव कें ध्यान मे राखि कएल गेल अछि। आयोगक अनुसार दुनू गुट दल पर अपन-अपन संगठनात्मक नियंत्रणक दावा करैत अछि आ विवादक आखरी निर्णय तत्काल करब संभव नहि छल।

## आखिर चुनाव चिह्न किएक फ्रीज भेल?

मामिलाक शुरूआत टीएमसीक भीतर संगठनात्मक नियंत्रण कें लए कए उठल विवाद सं भेल। एक दिस ममता बनर्जीक नेतृत्ववाला गुट अछि, जखन कि दोसर दिस रितब्रत बनर्जी आ अरूप रॉय सं जुड़ल विद्रोही गुट दल पर अपन दाबी प्रस्तुत कए रहल अछि। दुनू पक्ष चुनाव आयोगक समक्ष दलक संगठन, नेतृत्व आ अधिकार कें लए कए अपन-अपन दाबी पेश केलक। विवाद एतेक बढ़ि गेल जे उपचुनाव मे टीएमसीक नाम पर दुनू पक्षक दिस सं अलग-अलग फॉर्म-बी जमा कएल गेल। आयोगक समक्ष जखन दुनू गुट अपना कें वास्तविक टीएमसी बताबय लागल, तखन नाम आ चुनाव चिह्न कें लए कए भ्रमक स्थिति उत्पन्न भए गेल। एहि कारण आयोग अंतरिम व्यवस्थाक रूप मे मूल दलक नाम आ फूल आ घास चिह्न कें फ्रीज करबाक निर्णय लेलक।

## कोन चुनाव पर पड़त असर?

ई निर्णय मुख्य रूप सं 6 अक्टूबर कें होमयवला पश्चिम बंगालक विधानसभा उपचुनाव लेल महत्वपूर्ण अछि। एहि उपचुनाव मे नंदीग्राम आ रेजीनगर विधानसभा क्षेत्र शामिल अछि। आयोगक निर्णयक उद्देश्य दुनू गुट कें अलग-अलग पहचानक संग चुनाव लड़बाक बाट साफ करब आ उम्मीदवारक नामांकन मे दलक नाम अथवा चिह्न कें लए कए कोनो भ्रम नहि रहय देब अछि। मुदा एकर अर्थ ई नहि जे टीएमसी स्थायी रूप सं अपन मूल नाम आ चुनाव चिह्न गमा देने अछि। वर्तमान व्यवस्था अंतरिम अछि। मूल नाम आ चिह्न पर आखरी निर्णय संगठनात्मक विवादक विस्तृत सुनवाईक बाद होयत।



## आब दुनू गुट कें की भेटल?

18 सितंबर कें चुनाव आयोग दुनू गुट लेल अस्थायी नाम आ चुनाव चिह्न आवंटित केलक। ममता बनर्जीक नेतृत्ववाला गुट कें ममता ऑल इंडिया तृणमूल कांग्रेस नाम आ फुटबॉल खेलाड़ी चुनाव चिह्न देल गेल अछि। दोसर दिस अरूप रॉयक नेतृत्ववाला गुट कें डेमोक्रेटिक तृणमूल कांग्रेस नाम आ लिफाफा चुनाव चिह्न देल गेल अछि। ई दुनू पहचान आगामी उपचुनावक लेल अंतरिम व्यवस्था अंतर्गत लागू रहत। एहि निर्णयक अर्थ ई नहि जे चुनाव आयोग स्थायी रूप सं कोनो एक गुट कें मूल टीएमसी मानि लेलक अछि। आयोगक ई कदम तत्काल चुनावी प्रक्रिया सुचारु रखबाक लेल अछि।

## असल विवाद की अछि?

विवाद मात्र चुनाव चिह्न अथवा दलक नाम धरि सीमित नहि अछि। दुनू पक्षक मुख्य दावा दलक वास्तविक संगठनात्मक नियंत्रण कें लए कए अछि। रितब्रत बनर्जी पक्षक दिस सं ई तर्क देल गेल अछि जे ममता बनर्जीक राष्ट्रीय कार्यसमितिक कार्यकाल 11 फरवरी 2025 कें समाप्त भए गेल छल आ तकर बाद लेल गेल किछु संगठनात्मक निर्णयक वैधताक प्रश्न उठैत अछि। ममता बनर्जीक गुट एहि दावा कें स्वीकार नहि करैत अछि। ओकर पक्षक तर्क अछि जे विरोधी गुट पुरान दलक संविधानक प्रावधान पर निर्भर अछि आ बाद मे कएल गेल संशोधन कें ध्यान मे नहि रखैत अछि। एहि कारण विवादक केंद्र मे संगठनक वैधता, नेतृत्वक अधिकार आ दलक संवैधानिक प्रक्रिया सभ सेहो अछि।

## आब आगू की होयत?

चुनाव आयोगक समक्ष आब मुख्य प्रश्न ई अछि जे मूल ऑल इंडिया तृणमूल कांग्रेस नाम आ फूल आ घास चुनाव चिह्न पर अधिकार कोन गुट कें देल जाय। अथवा विवादक प्रकृति देखैत कोनो दोसर व्यवस्था आवश्यक होयत। आयोग एहि विवाद पर आखरी निर्णय करबाक क्रम मे दुनू पक्षक दस्तावेज, संगठनात्मक समर्थन, निर्वाचित प्रतिनिधि आ अन्य उपलब्ध तथ्यक परीक्षण कए सकैत अछि। एहन मामिला मे चुनाव आयोग इलेक्शन सिंबल्स (रिजर्वेशन एंड अलॉटमेंट) ऑर्डर, 1968 केर पैराग्राफ 15 अंतर्गत दलक संगठनात्मक समर्थन आ निर्वाचित प्रतिनिधिक समर्थन सहित विभिन्न तथ्य पर विचार करैत अछि। एहि प्रावधानक अंतर्गत पार्टी विभाजनक स्थिति मे नाम आ आरक्षित चुनाव चिह्न पर दाबी सभक परीक्षणक व्यवस्था अछि।

> ममता गुट कें नव नाम-चिह्न जानू पूरा मामिला

भारत मे एहि सं पहिने सेहो राजनीतिक दलक विभाजनक स्थिति मे चुनाव आयोग द्वारा मूल नाम आ चुनाव चिह्न कें अस्थायी रूप सं फ्रीज करबाक उदाहरण रहल अछि। शिवसेना सहित अन्य दलक आंतरिक विभाजनक मामिला मे आयोग कें एहन विवादक सामना करय पड़ल अछि। वर्तमान टीएमसी विवाद मे तत्काल प्रभाव ई अछि जे ममता बनर्जीक गुट आ विरोधी गुट दुनू आगामी उपचुनाव मे अलग-अलग नाम आ चुनाव चिह्नक संग मैदान मे उतरि सकत। मूल दलक नाम आ फूल आ घास चिह्न पर आखरी अधिकारक प्रश्न एखन खुलल अछि। तें वर्तमान नव नाम आ चिह्न कें स्थायी राजनीतिक पहिचान मानब उचित नहि होयत; ई चुनाव आयोग द्वारा तत्काल चुनावी प्रक्रिया संचालित करबाक लेल कएल गेल अंतरिम व्यवस्था अछि।

# बघारी बनल सुरसंड प्रखंडक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत

## मुखिया नेतृत्व मे सामुदायिक सहभागिता कें भेटल नव दिशा

**सीतामढ़ी, समदिया**

बाल श्रम उन्मूलन आ बच्चा सभक संरक्षणक दिशा मे चलि रहल प्रयासक क्रम मे सुरसंड प्रखंडक बघारी पंचायत कें प्रखंडक पहिल बाल श्रम मुक्त पंचायत घोषित कएल गेल। ई उपलब्धि पंचायत प्रतिनिधि,प्रशासन, पुलिस, पंचायत स्तरीय बाल कल्याण एवं संरक्षण समिति, श्रम संसाधन एवं प्रवासी श्रमिककल्याण विभाग, अदिथी कवच परियोजना आ पंचायतवासी सभक सामूहिक प्रयासक परिणाम अछि।एहि अवसर पर मुखिया सह पंचायत स्तरीय बाल कल्याण एवं संरक्षण समितिक अध्यक्ष पद्मराजभारद्वाज उर्फ पिंटूक नेतृत्व मे विशेष ग्राम सभा-सह-बाल श्रम मुक्त पंचायत घोषणा कार्यक्रम आयोजितकएल गेल। पंचायतवासी सभ बच्चा सभ कें श्रम सं दूर रखबाक, शिक्षा आ सुरक्षित बचपन सुनिश्चित करबाक तथा बाल श्रमक विरुद्ध निरंतर निगरानी रखबाक सामूहिक संकल्प लेलनि।श्रम प्रवर्तन पदाधिकारी रविभूषण कुमार कहलनि जे बाल श्रमक विरुद्ध मात्र कारबाइ पर्याप्त नहि अछि।एकर रोकथाम, पुनरावृत्ति रोकब आ बच्चा सभक संरक्षण लेल लगातार निगरानी आ सामुदायिक सहभागिता आवश्यक अछि। बाल श्रम मुक्त पंचायतक घोषणा अभियानक आखरी पड़ाव नहि, बल्कि निरंतर जिम्मेदारीक शुरुआत अछि। मुखिया पद्मराज भारद्वाज कहलनि जे बाल श्रम बच्चा सभक शिक्षा, विकास आ सुरक्षित बचपनक अधिकार कें प्रभावित करैत अछि। पंचायत कें बाल श्रम मुक्त बना रखब निरंतर प्राथमिकता रहत। ओ कहलनि जे जागरूकता, सामुदायिक निगरानी, अभिभावकक सहभागिता आ नियोजक सभ कें कानूनी जिम्मेदारीक जानकारी देनाइ आवश्यक अछि। विशेष ग्राम सभा मे मुखिया आगामी 18 माहक भीतर पंचायत कें बाल विवाह मुक्त बनेबाक दिशा मेनिरंतर प्रयास करबाक संकल्प व्यक्त केलनि। एहि लेल परिवार आ समुदाय सं संवाद, विद्यालयकभूमिका, किशोर-किशोरीक सहभागिता तथा संबंधित विभागक समन्वय कें मजबूत करबाक बात कहलनि। कार्यक्रमक अंत मे पंचायतवासी बाल श्रम रोकथाम आ बाल अधिकारक संरक्षण लेल सामूहिक प्रयास जारी रखबाक संकल्प लेलनि।

# डीएम केलनि विशिष्ट दत्तक ग्रहण संस्थानक निरीक्षण, 1098 पर सूचना देबाक अपील



**समस्तीपुर, समदिया**

जिलाधिकारी रोशन कुशवाहा शुक्रदिन विशिष्ट दत्तक ग्रहण संस्थान, समस्तीपुरक निरीक्षण केलनि। निरीक्षणक दौरान जिला निरीक्षण समितिक अन्य जिला स्तरीय पदाधिकारी सेहो उपस्थित छलाह।जिलाधिकारी संस्थान मे आवासित बच्चासभक देखरेख, संरक्षण, स्वास्थ्य, पोषण, स्वच्छता आ अन्य मूलभूत सुविधाक जायजा लेलनि आ आवश्यक दिशा-निर्देश देलनि। एहि दौरान संस्थानक व्यवस्था आबच्चा सभ कें उपलब्ध कराओल जा रहल सुविधाक सेहो जानकारी लेल गेल। विशिष्ट दत्तक ग्रहण संस्थानमे 0 सं 6 बरख आयु वर्गक अनाथ, परित्यक्त आ अभ्यर्पित बच्चा सभ कें आवासित कए हुनकर समुचित देखरेख आ संरक्षण कएल जाइत अछि। जे बच्चासभक माता-पिता अथवा परिवारक पता नहि चलि पबैत अछि, हुनका निर्धारित वैधानिक प्रक्रिया आ केंद्रीय दत्तक ग्रहण संसाधन प्राधिकरण (कारा)क नियमानुसार योग्य दत्तक माता-पिता कें गोद देबाक प्रक्रिया कएल जाइत अछि। निरीक्षणक दौरान जिलाधिकारी बाल संरक्षण आ दत्तक ग्रहणक संबंध मे आम लोक मे जागरूकता बढ़ेबाक आवश्यकता परजोर देलनि। ओ आम नागरिक सं अपील केलनि जे जं कतहु कोनो अनाथ, बेसहारा अथवा परित्यक्तबच्चा भेटैत अछि तं ओकर सूचना तत्काल चाइल्ड हेल्पलाइन नंबर 1098 पर दिअ। एहि सं बच्चा कें आवश्यक देखरेख, संरक्षण आ पुनर्वासक सुविधा उपलब्ध कराबय मे सहायता भेटत।

# लेटी मे एसएसबीक पशु चिकित्सा शिविर, 187 पशुक भेल इलाज

## फल-तरकारी उत्पादन लेल कएल गेल प्रोत्साहित

**» सीमावर्ती ग्रामीण कें मौसमी रोग सं बचावक उपाय बताओल गेल**

**सिकटी, समदिया**

सीमावर्ती गाम मे ग्रामीण सभ सं जुड़ाव आ कल्याणक पहल कें आगू बढ़बैत 52वीं वाहिनी सशस्त्र सीमाबल (एसएसबी), अररियाक दिस सं शनिदिन बाह्य सीमा चौकी लेटीक अंतर्गत विलेज लेटी मे निःशुल्कपशु चिकित्सा शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर 52वीं वाहिनीक कमांडेंट मितुल कुमारक निर्देशन मे आयोजित भेल। शिविर मे क्षेत्रक मुख्यालय, एसएसबी पूर्णियाक द्वितीय कमान अधिकारी (पशु चिकित्सा)डॉ. घनश्याम पटेल ग्रामीणसभक पशुक जांच केलनि। जांचक बाद आवश्यकतानुसार निःशुल्क दवा सेहोवितरित कएल गेल। शिविर मे कुल 187 पशुक उपचार कएल गेल। पशुपालक सभ कें मौसिम मे बदलावक दौरान होमयवला विभिन्न रोग, ओकर लक्षण आ बचावक उपाय संबंध मे जानकारी देल गेल। कार्यक्रमक दौरान एसएसबी जवान सभ ग्रामीण कें बेटी बचाउ, बेटी पढ़ाउ, नशाक दुष्प्रभाव आ भारत के वीर पोर्टल संबंधी जानकारी देलनि। ग्रामीण सभ कें पोर्टलक माध्यम सं अंशदान करबाक लेल सेहो प्रेरित कएल गेल। एसएसबी जवान सभ स्थानीय स्तर पर फल आ सब्जीक बेसी उत्पादन करबाक लेल ग्रामीणकें प्रोत्साहित केलनि। जवान सभ कहलनि जे एहि सं ग्रामीणक आय बढ़ेबाक संग स्थानीय स्तर परजवान सभ कें ताजा फल आ सब्जी उपलब्ध कराबय मे सेहो सहायता भेटत। एसएसबीक दिस सं बताओल गेल जे सीमावर्ती गाम सभ मे समय-समय पर स्वास्थ्य, पशु चिकित्सा, जागरूकता आ नागरिक कल्याण सं जुड़ल कार्यक्रम आयोजित कएल जाइत अछि, जाहि सं ग्रामीण कें स्थानीय स्तर पर आवश्यक सेवा आ उपयोगी जानकारीक लाभ भेटि सकय। शिविरक ग्रामीण सभ सराहना केलनि। एहि दौराननिरीक्षक बिश्वनाथ घोष, सहायक उपनिरीक्षक रमेश चंद, आरक्षी कमल सिंह मीणा सहित एसएसबीकअन्य बलकर्मी उपस्थित छलाह।

# दिव्यांगजन आ वरिष्ठ नागरिक कें सांसद बांटलनि सहायक उपकरण

**दरभंगा, समदिया**



वरिष्ठ नागरिक आ दिव्यांगजन कें आत्मनिर्भर बनाबय तथा हुनकर दैनिक जीवन कें सहज बनाबयक उद्देश्य सं भारत सरकारक राष्ट्रीय बायोश्री योजना आ एडीपी योजनाक अंतर्गत शनिदिन लहेरियासराय स्थित पोलो मैदान इंडोर स्टेडियम मे निःशुल्क सहायक उपकरण वितरण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल।कार्यक्रम मे सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर पात्र लाभुकसभक बीच विभिन्न प्रकारक सहायक उपकरण वितरित केलनि। कार्यक्रमक दौरान लाभुकसभक आवश्यकताक अनुरूप 8 मोटर ट्राइसाइकिल, 4 ब्रेल किट, 4 सीपी चेयर, 36 बैसाखी, 1 वॉकर, 2 रॉलेट, 19 तीन पहिया साइकिल, 12 कानक मशीन, 2 कमोड कुर्सी, 20 घुटनाक बेल्ट, 1 स्क्रैल बेल्ट, 12 सिलिकोन कुशन, 1 टेट्रापोड, 2 ट्राइपोड, 12 छड़ी आ 23 व्हीलचेयर सहित विभिन्न सहायक उपकरण बांटल गेल। लाभुक सभ कें संबोधित करैत सांसद डॉ. गोपाल जी ठाकुर कहलनि जे केंद्र सरकारक एहि योजनाकउद्देश्य दिव्यांगजन आ वरिष्ठ नागरिक कें हुनकर आवश्यकताक अनुरूप सहायक उपकरण उपलब्ध करा हुनकर जीवन कें सहज आ सुविधाजनक बनायब अछि। एहि उपकरणक माध्यम सं लाभुक कें आवागमन,दैनिक गतिविधि, सुनबाक सहित अन्य आवश्यक कार्य मे सुविधा भेटत। सांसद कहलनि जे सरकार दिव्यांगजन आ वरिष्ठ नागरिक कें आवश्यक सहयोग उपलब्ध करयबाक लेल प्रतिबद्ध अछि। सहायक उपकरण भेटलापर लाभुकसभक बीच खुशी देखल गेल। लाभुक सभ एहि लेल सरकार आ जिला प्रशासनकप्रति आभार व्यक्त केलनि। कार्यक्रम मे दिव्यांगजन कोषांगक सहायक निदेशक आशीष अमन, सामाजिक सुरक्षा कोषांगक सहायक निदेशक शशि कुमार सहित अन्य जनप्रतिनिधि आ संबंधित पदाधिकारी उपस्थित छलाह।

# जीविका सं महिला बनि रहल छथि आर्थिक आ सामाजिक रूप सं सशक्त : ऋचा गार्गी

**दरभंगा, समदिया**



ग्रामीण महिला कें आर्थिक आ सामाजिक रूप सं सशक्त बनेबाक उद्देश्य सं जीविकाक माध्यम संलगातार प्रयास कएल जा रहल अछि। एहि क्रम मे केवटी प्रखंड स्थित विकास जीविका महिला विकासस्वावलंबी सहकारी समिति लिमिटेडक वार्षिक आमसभाक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक शुभारंभ जिलापरियोजना प्रबंधक जीविका ऋचा गार्गी, बीडीओ कृष्णा कुमारी, बीपीएम समीउल हसन तथा समितिक अध्यक्ष अनीता देवी, सचिव जूली देवी आ कोषाध्यक्ष सोनी देवी संयुक्त रूप सं दीप प्ज्वलित कए केलनि। एहि अवसर पर ऋचा गार्गी कहलनि जे जीविका सं जुड़ल महिला आब मात्र बचत आ ऋण धरिसीमित नहि छथि, बल्कि आर्थिक आत्मनिर्भरता, निर्णय लेबाक क्षमता आ सामाजिक नेतृत्वक क्षेत्र मे सेहो आगू बढ़ि रहल छथि। ओ जीविका दीदी सभ सं नियमित रूप सं समूह आ समितिक बैसार मे भाग लेबाक आ एक-दोसराक अनुभव सं सीखि आगू बढ़बाक आह्वान केलनि। बीडीओ कृष्णा कुमारी कहलनि जे महिला कें आत्मनिर्भर बनेबाक लेल प्रशासनक दिस सं हरसंभवसहयोग देल जायत। ओ जीविका दीदी सभ सं अपन आजीविका गतिविधिक विस्तार करबाक आ सरकारीयोजनाक लाभ लेबाक अपील केलनि। वार्षिक आमसभा मे समितिक पिछला अवधि मे कएल गेल गतिविधि आ उपलब्धिक समीक्षा कएल गेल। संगहि आगांक कार्ययोजनापर चर्चा भेल। जीविका दीदी सभ अपन अनुभव साझा करैत कहलनि जे जीविका सं जुड़लाक बाद हुनकर आत्मविश्वास बढ़ल अछि आ परिवारक आर्थिक स्थिति सुधारबा मे ओ महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल छथि। मौके पर विषयगत प्रबंधकशांतनु ठाकुर, राहुल कुमार बिल्टू, ब्रजेश कुमार, जितेंद्र महतो, विवेक कुमार, शशिरंजन सहित संकुल संघककैडर, समितिक सदस्य आ पैघ संख्या मे जीविका दीदी उपस्थित छलीह।

# मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे सुरक्षित शनिक आयोजन

## बच्चा कें भूकंप सं बचावक देल गेल प्रशिक्षण

**समस्तीपुर, समदिया**




समस्तीपुर प्रखंडक मध्य विद्यालय बेला पंचरुखी मे प्रधानाध्यापक मुकेश कुमारक नेतृत्व मे मुख्यमंत्री विद्यालय सुरक्षा कार्यक्रमक अंतर्गत सुरक्षित शनिक आयोजन कएल गेल। एहि अवसर पर बच्चा सभ कें भूकंपक समय अपन बचाव करबाक तरीका संबंध मे प्रशिक्षण देल गेल।फोकल शिक्षिका बीवी शकीला रहमान बच्चा सभ कें भूकंप की होइत अछि आ भूकंपक समय कोन-कोन सावधानी बरतबाक चाही, ताहि संबंध मे विस्तार सं जानकारी देलनि। ओ बच्चा सभ कें भूकंपक दौरानघबराएबक बदला सुरक्षित रहबाक विभिन्न उपाय बतौलनि। ओतहि शिक्षक विमल कुमार साह बच्चासभककौशल विकास पर जोर दैत मॉक ड्रिल करौलनि। हुनका द्वारा भूकंपक समय घायल अथवा बेमार व्यक्ति कें प्राथमिक स्वास्थ्य केंद्र धरि सुरक्षित रूप सं कोना लए जाएल जाए, तकर व्यावहारिक प्रदर्शन सेहो कराओल गेल। प्रधानाध्यापक मुकेश कुमार कहलनि जे भूकंपक समय अंतरराष्ट्रीय मानक झुको, ढको,पकड़ो सिद्धांत कें याद रखबाक चाही आ एकर उपयोग कए अपना कें सुरक्षित राखल जा सकैत अछि।विद्यालय स्तर पर एहि तरहक प्रशिक्षण सं बच्चा सभ मे आपदा सं निपटबाक जागरूकता आआत्मविश्वास बढ़ैत अछि। कार्यक्रम मे शिक्षिका विमला कुमारी, शिक्षक कैलाश राम, संजीव कुमार झा, रुचिवर्मा सहित अन्य शिक्षक उपस्थित भए कार्यक्रम कें सफल बनाबय मे सहयोग केलनि।

# शिवाजीनगर मे फरियादीक मामिलाक सुनवाइ आ निष्पादन

**रोसड़ा, समदिया**

शिवाजीनगर प्रखंड सह अंचल कार्यालय मे शनिदिन सीओ अंबपाली यादवक अध्यक्षता मे जनता दरबारकआयोजन कएल गेल। जनता दरबार मे नव आ पुरान मामिला लए कुल चारि फरियादी अपन शिकायत लए कए पहुंचलाह। एहि मे एकटा फरियादीक मामिलाक मौके परे निष्पादन कए देल गेल। ओतहि बांकीतीनटा मामिलाक फरियादी कें आवश्यक कारबाइक लेल अगिला जनता दरबार मे उपस्थित होमय लेलकहल गेल। जनता दरबार मे फरियादी सभ भूमि विवाद सहित अन्य समस्या सं संबंधित आवेदन पदाधिकारीक समक्ष प्रस्तुत केलनि। सीओ अंबपाली यादव संबंधित मामिलाक जानकारी लेलनि आ कर्मी सभ कें आवश्यक कारबाइ करबाक निर्देश देलनि।सीओ कहलनि जे जनता दरबारक मुख्य उद्देश्य लोकक समस्याक त्वरित समाधान करब अछि। ओफरियादी सभ सं अपील केलनि जे अपन समस्या सं संबंधित आवश्यक कागजातक संग जनता दरबार मे उपस्थित होथि, जाहि सं मामिलाक निष्पादन मे सुविधा भए सकय।

# एलिवेटेड रोडक एलाइनमेंट लेल डीएम आ जिला जज केलनि व्यवहार न्यायालयक निरीक्षण

**दरभंगा, समदिया**



प्रस्तावित एलिवेटेड रोड परियोजनाक अंतर्गत व्यवहार न्यायालय परिसरक किछु हिस्सा परियोजना क्षेत्र मे आबि रहल अछि। एहि परिप्रेक्ष्य मे जिला एवं सत्र न्यायाधीश अजय कुमार शर्मा आ जिलाधिकारी कौशल कुमार संयुक्त रूप सं व्यवहार न्यायालय परिसरक स्थलीय निरीक्षण केलनि। निरीक्षणक दौरान अधिकारी सभ प्रस्तावित एलिवेटेड मार्गक एलाइनमेंटक संदर्भ मे न्यायालय परिसरक वर्तमान स्थितिक जायजा लेलनि। संगहि परियोजनाक क्रियान्वयन सं जुड़ल विभिन्न तकनीकी आ प्रशासनिक पक्षक स्थल पर समीक्षा कएल गेल।जिलाधिकारी न्यायालय परिसरक विभिन्न हिस्साक निरीक्षण करैत प्रस्तावित मार्गक एलाइनमेंट, संभावितप्रभावित क्षेत्र आ ओतय मौजूद संरचनाक संबंध मे संबंधित अधिकारी आ अभियंता सं जानकारी लेलनि।अधिकारी सभ परियोजनाक लेल आवश्यक बिंदु, स्थलाक वर्तमान स्थिति आ उपलब्ध संरचनाक संबंध मेजिला एवं सत्र न्यायाधीश आ जिलाधिकारी कें जानकारी देलनि। निरीक्षणक उद्देश्य प्रस्तावित एलिवेटेड मार्गक निर्माणक संदर्भ मे न्यायालय परिसर सं जुड़ल वास्तविक स्थितिक आकलन करब आ परियोजनाक क्रियान्वयन मे आवश्यक बिंदुक पहचान करब छल। एहि अवसर पर संबंधित विभागक पदाधिकारी आ अभियंता उपस्थित छलाह।

## आठ खेलाड़ी जीतलनि 24 पदक, 1.06 लाख टाकाक नगद पुरस्कार

# राष्ट्रीय खेल प्रतियोगिता मे केंद्रीय विद्यालय शानदार प्रदर्शन


**सीतामढ़ी, समदिया**




पीएम श्री केंद्रीय विद्यालय जवाहरनगर, सुतिहारा, सीतामढ़ीक सात छात्रा आ एक छात्र 55म केंद्रीय विद्यालय संगठन राष्ट्रीय खेलकूद प्रतियोगिता, हैदराबाद मे उत्कृष्ट प्रदर्शन कए विद्यालयक संग पटना संभागक नाम राष्ट्रीय स्तर पर गौरवान्वित केलनि। खेलाड़ी सभ विभिन्न आयु वर्ग मे कुल 24 पदक जीतलनि। संगहि विद्यालय कें 1.06 लाख टाकाक नगद पुरस्कार भेटल। अंडर-17 वर्ग मे साक्षी कुमारी, अनुष्का कुमारी, प्रयांशु कुमारी आ कोमल कुमारी प्रत्येक दूटा स्वर्ण आ एकटा रजत पदक जीतलनि। अंडर-14 वर्ग मे आराध्या कुमारी एकटा स्वर्ण आ तीनटा रजत, पुष्पांजलि कुमारी एकटा स्वर्ण, दूटा रजत आ एकटा कांस्य तथा पद्मा एकटा स्वर्ण आ दूटा रजत पदक हासिल केलनि। छात्र वर्ग मे रजनीशकुमार दूटा रजत आ एकटा कांस्य पदक जीतलनि।पिछला वर्षक रिकॉर्ड सेहो टूटलखेलाड़ी सभ एहि बरख नगद पुरस्कारक मामिला मे सेहो पिछला वर्षक 1,01,000 टाकाक रिकॉर्ड कें पछाड़ि 1,06,000 टाकाक पुरस्कार प्राप्त केलनि। पिछला बरख सेहो केंद्रीय विद्यालय जवाहरनगर पटनासंभाग मे पहिल स्थान पर रहल छल। एहि वर्षक प्रदर्शन सं विद्यालयक उपलब्धि मे नव अध्याय जुड़ल अछि। उपलब्धि पर केंद्रीय विद्यालय संगठन, पटना संभागक उपायुक्त डॉ. ए.के. मिश्रा खेलाड़ी सभ कें बधाई देलनि। प्राचार्य पंकज अग्रवाल सेहो सफलतापर खुशी व्यक्त करैत हुनका सभ कें शुभकामनादेलनि। राष्ट्रीय प्रतियोगिताक तैयारी, प्रशिक्षण आ मार्गदर्शन मे खेल शिक्षक डॉ. रोहित कुमार सिंहक योगदानक सराहना कएल गेल। खेल प्रशिक्षक गणेश सिंह सेहो खिलाड़ीसभक नियमित तैयारी मे सहयोग केलनि। विद्यालयक शिक्षक-शिक्षिका सभ खेलाड़ी सभ कें बधाई दैत कहलनि जे ई सफलता हुनकर मेहनत, अनुशासन, लगन, नियमित अभ्यास आ प्रशिक्षकसभक मार्गदर्शनक परिणाम अछि। राष्ट्रीय स्तर पर एहि प्रदर्शन सं विद्यालय मे खुशीक माहौल अछि आ अन्य विद्यार्थी सेहो खेल क्षेत्र मे आगू बढ़बाक लेल प्रेरित भेल छथि।

# दांत टूटला या निकलला पर डेंटल इंप्लांट एकटा विकल्प : डॉ. प्रकाश चंद्र झा

**सीतामढ़ी, समदिया**






साहू चौक स्थित एसपीडी डेंटल हॉस्पिटल मे दांतक समस्या सं जूझि रहल रोगी सभ लेल आधुनिक डेंटलइंप्लांट उपचारक सुविधा उपलब्ध अछि। अस्पताल मे विशेषज्ञ चिकित्सक सभक टीम द्वारा मरीजक दांतसंबंधी समस्याक जांच कए हुनकर आवश्यकताक अनुसार उपचारक योजना तैयार कएल जाइत अछि।दंत रोग विशेषज्ञ आ कॉस्मेटिक डेंटिस्ट डॉ. प्रकाश चंद्र झा कहलनि जे कोनो कारण सं दांत टूटि गेलाया निकलि गेला पर डेंटल इंप्लांट एकटा आधुनिक उपचार विकल्प अछि। इंप्लांटक माध्यम सं कृत्रिम दांत कें मजबूती सं स्थापित कएल जाइत अछि, जाहि सं रोगी कें दांतक कार्यक्षमता आ प्राकृतिक रूप-रंग बना रखबा मे सहायता भेटैत अछि। ओ कहलनि जे प्रत्येक मरीजक स्थिति अलग होइत अछि, तें उपचारसं पहिने विस्तृत जांच आवश्यक अछि।प्रोस्थोडॉन्टिक्स विशेषज्ञ डॉ. आलोक सुमनक अनुसार इंप्लांट उपचार मे कृत्रिम दांतक डिजाइन, फिटिंग आ मरीजक आवश्यकताक अनुरूप आखरी रेस्टोरेशन महत्वपूर्ण होइत अछि। उपचारक उद्देश्य रोगी केंआरामदायक आ कार्यात्मक दांत उपलब्ध करेनाइ अछि। एहि लेल मरीजक मुंहक स्थिति, हड्डीक उपलब्धता आ अन्य आवश्यक चिकित्सकीय पक्षक मूल्यांकन कएल जाइत अछि। वहीं, ओरल एंड मैक्सिलोफेशियल सर्जरी विशेषज्ञ डॉ. सोनाली मिश्रा कहलनि जे इंप्लांट प्रक्रिया सं पहिने मरीजक हड्डी आ मसूड़ाक स्थितिक चिकित्सकीय मूल्यांकन कएल जाइत अछि। आवश्यकताक अनुसार सर्जिकल प्रक्रियाक योजना बनाओल जाइत अछि। ओ कहलनि जे उचित जांच, संक्रमण नियंत्रण आ उपचारक बाद नियमित फॉलोअप इंप्लांटक सफलता मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि। एसपीडी डेंटल हॉस्पिटल मे विशेषज्ञ सभक टीम द्वारा इंप्लांट सं संबंधित उपचार कें समन्वित रूप संकरबाक पर जोर देल जाइत अछि। अस्पताल प्रबंधनक अनुसार रोगी कें उपचार सं पहिने हुनकर स्थिति, उपलब्ध विकल्प आ आवश्यक प्रक्रिया सभक संबंध मे जानकारी देल जाइत अछि।

# लातेहारक बरवाडीह बस स्टैंडक गुमटी मे लागल आगि

## मोबाइल-इलेक्ट्रॉनिक सामान जरि कए राख, 2 लाखक नोकसान

**लातेहार,समदिया**

लातेहार जिला कें बरवाडीह बस स्टैंड मे शुक्र देर राति करीब 1 सं 1:30 बजे बीच एकटा गुमटी मे आगि लागि गेल। एहि घटना मे दुकानदार उमेश प्रसादक करीब 2 लाख रुपैये सं बेसीक सामान जरि कए राख भए' गेल। आगि सं दोकान मे राखल मोबाइल, चार्जर, केबल, मोबाइल एसेसरीज, कंप्यूटर सेट, डी-फ्रीजर, फ्रिज-काउंटर आ ठंड पेय पदार्थ सहित कतेको सामान पूरा तरहे जरि गेल। उमेश प्रसाद बतौलनि जे ओ रोजक भांति शुक्रदिन राति दोकान बंद कए घर चलि गेल छलाह। देर राति गश्ती वाहन कें गुमटी मे आगि लागबाक सूचना भेटल, जाहि बाद प्रशासन आ पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल।



दुकानदार उमेश प्रसाद आगि लगाओल गेलबाक आशंका व्यक्त कएलनि। ओ बतौलनि जे गुमटीक ऊपर लागल सीमेंटक एल्बेस्टर टूटल भेटल अछि। ओ ककरो पर सीधा आरोप नहि लगौलनि, मुदा अज्ञात लोकक विरुद्ध बरवाडीह थाना मे आवेदन देबाक बात कहलनि। उमेश बतौलनि जे एहि दोकान सं हुनकर परिवारक भरण-पोषण चलैत छल। ओ प्रशासन सं घटनाक जांच कए दोषीक पता लगाबय आ उचित मुआवजा देबाक मांग कएलनि। घटना संबंधी सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ पूरा मामिलाक जांच शुरू कए देलक। थाना प्रभारी अनुराग कुमार कहलनि जे दोकान मे आगि कोना लागल, एकर जांच कएल जा रहल अछि। शनि भोर मे मनिका विधायक रामचंद्र सिंहक पुत्र आ यूथ कांग्रेस स्टेट कोऑर्डिनेटर विजय बहादुर सिंह, व्यावसायिक समिति अध्यक्ष दीपक राज सहित अन्य लोक दोकान पर पहुंचलाह आ घटनाक जानकारी लेलनि। हुनका सभ घटना पर दुख व्यक्त कएलनि।

# सफाइकर्मी सभक हड़ताल समाप्त, मानदेय समय पर देबाक आश्वासन

**सिमडेगा,समदिया**

नगर परिषद क्षेत्र मे तीन दिन सं चलि रहल सफाइकर्मी सभक हड़ताल शुक्रदिनक सांझ समाप्त भए' गेल। सफाइ व्यवस्था सं जुड़ल कर्मी सभक काज बंद राखलाक कारण पछिला तीन दिन सं शहरक विभिन्न गली-मोहल्ला आ सड़क पर कचराक ढेर जमा भए' गेल छल। मानदेय भुगतान मे भए' रहल देरी कें लए कर्मी सभ काज बंद कए अपन नाराजगी व्यक्त कएलनि। हड़तालक कारण शहरक सफाइ व्यवस्था प्रभावित भेलाक बाद नगर परिषदक पदाधिकारी सभ शुक्रदिनक सांझ सफाइकर्मी सभ सं बातचीत कएलनि। नगर परिषद अध्यक्ष ओलिवर लकड़ा, उपाध्यक्ष दीपक रिंकू आ कार्यपालक पदाधिकारी अरविंद तिर्की कर्मी सभ सं भेंट कए हुनकर समस्या



सुनलनि। पदाधिकारी सभ कर्मी कें आश्वस्त कएलनि जे हुनकर मांग पूरा करबाक दिस मे जरूरी पहल कएल जाएत आ मानदेयक भुगतान समय पर सुनिश्चित कराओल जाएत। पदाधिकारी सभक आश्वासनक बाद सफाइकर्मी सभ आंदोलन समाप्त करबाक सहमति देलनि। एकरा संगहि सफाइ व्यवस्था फेर सं शुरू होबाक बाट साफ भए' गेल अछि। सफाइकर्मी सभक कहब छल जे समय पर मानदेयक भुगतान नहि होयबाक कारण हुनका सभ कें आर्थिक परेशानीक सामना करय पड़ि रहल छल। घरक राशन, बच्चा सभक पढ़ाइ आ रोजमर्राक जरूरत पूरा करब कठिन भए' रहल छल। कर्मी सभ समय पर मानदेय भुगतानक मांग कें लए काज बंद कएलनि छलाह। तीन दिन धरि सफाइ काज प्रभावित रहला सं शहर मे जगह-जगह कचरा जमा भए' गेल। कतेको स्थान पर कचराक ढेर देखाइ पड़य लागल छल। एहि सं आम लोकनि कें सेहो परेशानीक सामना करय पड़ल। शहरवासी सभक चिंता छल जे जं हड़ताल बेसी दिन चलल तं सफाइ व्यवस्था आओर प्रभावित भए' सकैत अछि। हड़ताल समाप्त भेलाक बाद आब नगर परिषदक समक्ष शहरक सफाइ व्यवस्था कें शीघ्र सामान्य करबाक चुनौती अछि। तीन दिन सं जमा कचराक उठावक संग नियमित सफाइ व्यवस्था बहाल करय पड़त। लोकनि कें उम्मीद अछि जे सफाइकर्मी सभ काज पर लौटलाक बाद गली-मोहल्ला आ मुख्य सड़क सं शीघ्र कचरा उठाओल जाएत। ओतहि मानदेय भुगतान कें लए देल गेल आश्वासनक बाद सफाइकर्मी सभ कें सेहो समय पर भुगतानक उम्मीद अछि। आब देखबाक अछि जे नगर परिषद आ संबंधित एजेंसीक स्तर सं कएल गेल आश्वासन कें कोन तरहे लागू कएल जाइत अछि आ आगू मानदेय भुगतान मे देरीक समस्या फेर सं नहि होइत अछि।

# बिहार सं कोलकाता जा रहल महारानी बस पलटल

## धनबाद मे ओवरटेक करैत समय हादसा, 8 घायल, 4 गंभीर

**धनबाद,समदिया**

धनबादक बरवाअड्डा थाना क्षेत्रक कल्याणपुर मे शनि भोर एनएच-19 पर यात्री सं भरल महारानी बस पलटि गेल। बस बिहारक गया सं कोलकाता जा रहल छल। हादसाक समय बस मे 20 सं बेसी यात्री सवार छलाह। दुर्घटना मे तीन महिला आ पांच पुरुष सहित कुल 8 यात्री घायल भए' गेलाह। एहि मे चारि यात्रीक स्थिति गंभीर बताओल जा रहल अछि। हादसाक सूचना भेटिते बरवाअड्डा पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ सभ घायल कें इलाज लेल एसएनएमएमसीएच पठाओल। हादसाक बाद घटनास्थल पर अफरा-तफरी मचि गेल। प्रारंभिक जानकारीक अनुसार बस तेज गति सं कोलकाता दिस जा रहल छल।



एहि दौरान चालक आगू जा रहल एकटा वाहन कें ओवरटेक करबाक प्रयास कएलक। ओवरटेक करैत समय बस सड़कक बीच बनल तार बला डिवाइडर पर चढ़ि गेल। एकर बाद चालक बस पर नियंत्रण नहि

### » तार बला डिवाइडर पर चढ़ल बस

राखि सकल आ बस बीच सड़क पर पलटि गेल। बस मे सवार घायल यात्री बलिराम सिंह बतौलनि जे सभ यात्री भोजन कए बस मे सुतल छलाह। एहि दौरान अनचोके तेज आवाज भेल आ बस पलटि गेल। किछु समय धरि ककरो किछु बुझाइ नहि पड़ल। हादसा मे कतेको यात्रीक पैर, हाथ आ माथ मे चोट लागल अछि। चारि यात्रीक स्थिति गंभीर बताओल गेल अछि।चालक घटनास्थल सं फरार, बाकी यात्री दोसर वाहन सं पठाओल गेलाह हादसाक बाद यात्री सभ कोनो तरहे बस सं बाहर निकलि कए अपन जान बचौलनि। एहि दौरान बस चालक घटनास्थल सं फरार भए' गेल। पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि यात्री सभ कें सुरक्षित बाहर निकाललक। जिनका चोट नहि लागल छल, हुनका सभ कें दोसर वाहन सं हुनकर गंतव्य दिस रवाना कएल गेल। पुलिस दुर्घटनाग्रस्त बस कें लए मामिलाक जांच शुरू कए देलक अछि। प्रारंभिक रूप सं ओवरटेक करैत समय बस डिवाइडर पर चढ़ि गेलाक कारणे हादसा होमयक बात मानल जा रहल अछि। पुलिस चालकक खोज आ दुर्घटनाक अन्य पहलुक जांच कए रहल अछि।

# यूपीआई सं लेनदेन पर एमडीआर लगेला सं जिलाक व्यवसायी सभ मे आक्रोश

**चाईबासा,समदिया**

2 हजार रुपैये सं बेसीक यूपीआई लेनदेन पर 0.4 प्रतिशत मर्चेंट डिस्काउंट रेट (एमडीआर) लगाएबाक निर्णयक पश्चिमी सिंहभूम चैंबर ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्रीज आ जिला कांग्रेस प्रवक्ता त्रिशानु राय कड़ा विरोध कएलनि अछि। नव व्यवस्था 15 अक्टूबर 2026 सं निर्धारित कएल गेल अछि। एकर अंतर्गत पात्र व्यापारीक 2 हजार रुपैये सं बेसीक यूपीआई भुगतान पर 0.4 प्रतिशत एमडीआर लागू होयत। मुदा 2 हजार रुपैये धरि भुगतान आ व्यक्ति सं व्यक्ति होमय बला यूपीआई लेनदेन पर शुल्क नहि लागयत। कांग्रेस जिला प्रवक्ता त्रिशानु राय कहलनि जे केंद्र सरकार कें स्पष्ट करबाक चाही जे डिजिटल भुगतान व्यवस्था कें लए ओकर नीति आ नियामकीय उद्देश्य की अछि। यूपीआई आइ आम लोक, छोट दोकानदार आ व्यवसायी सभक दैनिक जीवनक महत्वपूर्ण हिस्सा बनि गेल अछि। ओ कहलनि जे सरकारक जिम्मेदारी मात्र शुल्क व्यवस्था बनेनाइ नहि, बल्कि ई सुनिश्चित करनाइ सेहो अछि जे ओकर नीतिक आर्थिक बोझ आम लोक आ छोट व्यवसायीक जेब पर नहि पड़य। चाईबासा चैंबर ऑफ कॉमर्स दिस सं 2 हजार रुपैये सं बेसीक यूपीआई भुगतान पर एमडीआर लगाएबाक प्रस्तावक कड़ा विरोध कएल गेल अछि। पश्चिमी सिंहभूम चैंबर ऑफ कॉमर्स एंड इंडस्ट्रीजक अध्यक्ष निरंजन कुमार अग्रवाल केंद्र सरकार सं मांग कएलनि जे यूपीआई पर कोनो प्रकारक अतिरिक्त शुल्क लागू करबाक पहिने व्यापारिक संगठन, छोट आ मध्यम व्यवसायी तथा अन्य संबंधित पक्षक संग व्यापक विचार-विमर्श करबाक चाही। सरकारक आधिकारिक जानकारी अनुसार एमडीआरक भुगतान व्यापारीक दिस सं होयत आ एकर बोझ ग्राहक पर नहि देबाक व्यवस्था अछि।

# अपराध नियंत्रण कें लए सिमडेगा मे चलल विशेष वाहन जांच अभियान

**सिमडेगा,समदिया**

अपराध नियंत्रण आ विधि-व्यवस्था बनाए रखबाक उद्देश्य सँ सिमडेगा पुलिस जिलाभरि मे विशेष एंटी क्राइम वाहन जांच अभियान चलाओलक। पुलिस अधीक्षकक निर्देश पर 10 सँ 17 सितंबर धरि सभ थाना आ ओपी क्षेत्र मे अभियान चलाकए वाहनक सघन जांच कएल गेल। एहि दौरान प्रमुख चौक-चौराहा आ संवेदनशील स्थान पर दुपहिया आ चारि पहिया वाहन रोकि आवश्यक दस्तावेजक जांच कएल गेल। पुलिस संदिग्ध व्यक्ति आ वाहन पर सेहो विशेष निगरानी रखलक। जांचक दौरान हेलमेट, सीट बेल्ट सहित यातायात नियमक पालन कें लए लोकनि कें जागरूक कएल गेल। पुलिसक अनुसार, अभियानक उद्देश्य अपराधी सभक गतिविधि पर अंकुश लगाबयक संग अवैध हथियार, मादक पदार्थ आ अन्य प्रतिबंधित वस्तुक आवाजाही पर रोक लगेनाइ अछि। एकरा अतिरिक्त जिला मे शांति आ कानून-व्यवस्था बनाए रखबाक लेल सेहो लगातार निगरानी कएल जा रहल अछि। सिमडेगा पुलिस वाहन चालक सभ सँ अपील कएलनि जे वाहन चलबैत समय आवश्यक दस्तावेज संग राखू आ यातायात नियमक पालन करू। संगहि कोनो संदिग्ध गतिविधिक जानकारी तत्काल नजदीकी थाना या पुलिस नियंत्रण कक्ष कें देबाक अपील कएल गेल अछि। पुलिस कहलनि जे अपराध नियंत्रण आ जनसुरक्षाक लेल एहि तरहक अभियान आगू सेहो जारी रहत।

# रांचीक बीआईटी मेसराक हॉस्टल मे पीजी छात्राक मृत्यु, जांच मे जुटल पुलिस

**रांची,समदिया**

बीआईटी मेसरा परिसर मे पीजी कार्यक्रमक एक छात्रा अंजली सुमनक हॉस्टल मे मृत्यु भए' गेल। घटना संस्थानक एच-9 हॉस्टल मे शुक्रदिन भेल। मृत छात्राक पहचान अंजली सुमनक रूप मे भेल अछि। ओ फिजिक्स विषय मे पीजीक पढ़ाइ कए रहल छलथि आ मूल रूप सं गोड्डा जिलाक निवासी छलथि। घटनाक जानकारी भेटलाक बाद हॉस्टल आ संस्थान मे मौजूद लोकनि बीच शोकक माहौल अछि। सूचना भेटिते पुलिस घटनास्थल पर पहुंचल आ मामिलाक जांच शुरू कएलक। पुलिस छात्राक परिजन कें घटनाक जानकारी दए देलक अछि। परिजनक रांची पहुंचलाक बाद आगूक कानूनी प्रक्रिया पूरा कएल जाएत। पुलिसक अनुसार, प्रारंभिक जानकारी मे छात्रा द्वारा फांसी लगा कए आत्महत्या कएल गेलबाक बात सामने आएल अछि। मुदा ओ ई कदम कोन कारण सं उठौलनि, एकर कारण एखन स्पष्ट नहि भए' सकल अछि। पुलिस छात्राक सहपाठी आ हॉस्टल मे रहनिहार अन्य छात्रा सभ सं सेहो जानकारी जुटा रहल अछि। एकरा संगहि ओकर कमराक जांच आ उपलब्ध साक्ष्यक आधार पर घटनाक कारणक पता लगाबयक प्रयास कएल जा रहल अछि। घटनाक बाद बीआईटी मेसरा समुदाय मे शोकक स्थिति अछि। संस्थान दिस सं सेहो छात्राक निधन पर दुख व्यक्त कएल गेल अछि। पुलिस मामिलाक जांच कए रहल अछि आ पोस्टमार्टम रिपोर्ट तथा अन्य जांचक बाद घटना कें लए स्थिति आओर स्पष्ट होबाक उम्मीद अछि।

# दुर्गा पूजाक दौरान सुरक्षा व्यवस्था पर रहत विशेष धियान, राति 10 बजे कें बाद डीजे बजाबय पर रोक

**सरायकेला,समदिया**

दुर्गा पूजा आ दशहरा कें दौरान श्रद्धालु सभक सुरक्षा संग शहरक यातायात व्यवस्था कें दुरुस्त रखबाक लेल जिला प्रशासन व्यापक तैयारी शुरू कए देलक अछि। उपायुक्त नीतीश कुमार सिंह स्पष्ट निर्देश देलनि अछि जे पूजा पंडाल मे सुरक्षा मानक सं कोनो तरहक समझौता नहि होयत। राति 10 बजे कें बाद डीजे अथवा ध्वनि विस्तारक यंत्र सं प्रसारण पर रोक रहत, जखनकि संवेदनशील स्थान पर सीसीटीवी, पुलिस गश्ती आ निगरानी बढ़ाओल जाएत। समाहरणालय सभागार मे उपायुक्तक अध्यक्षता आ पुलिस अधीक्षक मनोज सर्वंगीआरीक



उपस्थिति मे जिला स्तरीय शांति समितिक बैठक भेल। एहि मे विधि-व्यवस्था, यातायात, पार्किंग, आगि आ विद्युत सुरक्षा, चिकित्सा, विसर्जन आ रावण दहन कें लए दिशा-निर्देश जारी कएल गेल। उपायुक्त पूजा समिति सभ कें सुरक्षित स्थान पर पंडाल बनेबाक, हाईटेंशन लाइन, ट्रांसफॉर्मर आ अन्य संवेदनशील स्थान सं पर्याप्त दूरी राखबाक तथा ज्वलनशील सामग्री सं बचबाक निर्देश देलनि। विसर्जन घाट पर बैरिकेडिंग, प्रकाश, गोताखोर, दंडाधिकारी, पुलिस बल, चिकित्सा दल आ एंबुलेंसक व्यवस्था सुनिश्चित करबाक निर्देश देल गेल। रावण दहन स्थल पर भीड़ आ दहन स्थल बीच सुरक्षित दूरी राखबाक लेल सेहो कहल गेल। एसपी सभ थाना प्रभारी कें पंडाल आ प्रमुख मार्ग पर नियमित गश्ती, यातायात नियंत्रण तथा शराब पी कए वाहन चलाबय बला लोकक विरुद्ध कारबाइ करबाक निर्देश देलनि। पूजा समिति सभ प्रशासन कें शांतिपूर्ण आयोजन मे पूर्ण सहयोग करबाक भरोसा देलनि।

# डीसी 24 शिकायत पर अधिकारी सभ कें कारबाइ करबाक देलनि निर्देश



**गढ़वा,समदिया**

